84(5 Qar)
Ç N-63

ÁZIZ NESIN

# ÁJAYÍP BALALAR



Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдач ____

22.02.20 | 499

Узб. отд. РППО «Союз» б/ф. 99-1-90
тир. 4.700.00. Г П Зак. Б-22

84(5Qar)
СР N-63

ÁZIZ NESIN

# ÁJAYÍP BALALAR

*Oqıwshılardıń romanı*

NÓKIS
«BILIM»
2016

UOK 821.512.121-3
KBK 5 Qar
N-63

Áziz Nesin. **Ájayıp balalar** (*Oqıwshılardıń romanı)* Nókis, «Bilim» baspası, 2016-jıl. 148 bet.

**UOK 821.512.121-3**
**KBK 5 Qar**
**N-63**

Áziz Nesin bul romanında Ziynep hám Axmedtiń bir-birine sır búkpesten jazǵan xatları arqalı Túrkiyadaǵı mektepler turmısın keń sóz etedi. Oqıwshılar ómirge ótip atırǵan sabaqlarına, sonday-aq ata-analarına, muǵallimlerine hám basqa da jası úlken adamlarǵa sın kóz benen qarap, háreket etkenlikten onda kóp yumorlıq waqıyalar júz beredi.

Ataqlı túrk jazıwshısınıń bul kólemli shıǵarması mektep oqıwshılarına, pedagoglarǵa arnalǵan.

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 87 804

ISBN 978-9943-4433-6-5

© **Áziz Nesin, 2016.**
© **«Bilim» baspası, 2016.**



# ÁJAYÍP BALALAR

*Oqıwshılardıń romanı*

## BIRINSHI XAT

*Ankara. 12-noyabr, 1963-jıl.*

*Dostım Axmed!*

Bir-birimiz benen tez-tez xat jazısıp turıwǵa wádelesken edik. Biraq, negedur sol waqıtta maǵan onsha isenińkiremey qaldıń... «Ziynep, sen Ankarada jańa doslar arttırǵannan keyin bizlerdi umıtıp keteseń», — dediń.

Mine, sózimniń ústinen shıǵıp atırman. Demek, sizlerdi umıtpappan.

Ankaraǵa kóship kelgenimizge bir hápte boldı. Jaylasıp ta aldıq. Saǵan bunnan aldınıraq xat jazıwdıń ilajı bolmadı. Sebebi, taza mektepke endi bara basladım. Adresimizdi de kúni keshe sorap-bilip aldım. Xat jazıwdı birinshi sennen baslap atırman.

Írasın aytqanda, oqıw gújip turǵan bir waqıtta Stambuldan shıǵıp ketiw maǵan dım jaqpadı; klaslas doslarıma da úyrenip qalıp edim. Aqırı, tórt jıldan zıyatıraq birge oqıdıqǵo. Lekin, ilaj qansha, aǵam Ankaraǵa taza jumısqa ótti. Úydiń ishi menen kóship keldik. Aǵayinlerimiz aǵama bul shaharden táwirlew jumıs tawıp berdi. Bul jóninde saǵan Stambulda júrgende-aq aytıp edim. Aǵam házir klaslas úsh dostı menen bir firmada islep atır. Úshewi de xojalıqları menen bir jerde turadı. Olar aǵama jumıs hám ózleri otırǵan jerden jay tawıp qoyǵan eken. Úshewi de — bala-shaǵalı.

Bir jayda toǵız bala boldıq. Jaslarımız hár qıylı. Besewimiz bir mektepke qatnaymız. Ózim teńles bala menen bir klastamız. Úkem Miytin biraq jatırqańqırap júripti. Men hámmesine úyrenisip kettim.

«Áhmiyetli waqıyalar júz bergen waqıtta jazıp turǵaylı», — dep kelisip edik, esińde me? Jańa jay, jańa mektep, jańa doslar — bular meniń ómirimdegi eń bir áhmiyetli waqıyalar boldı. Házirshe basqa jańalıq joq.

Stambuldaǵı klaslaslarımdı demde saǵınıp qaldım. Sizler menen endi qashan, qayerde kórisemiz? — kim biledi deyseń?

«Men qusap sen de óz sózińnen shıǵarsań», — dep oylayman. Doslarımızdıń hámmesine mennen sálem ayt. Bárińizge tabıslar tileymen.

*Klaslasıń* **Ziynep Yalqır**

## AMERIKANİ QURǴAN USTA

*Stambul. 15-noyabr, 1963-jıl.*

*Qádirli dostım Ziynep!*

Xatıńdı alıp júdá quwanıp qaldım. Raxmet saǵan. Anıǵın aytsam, «Ankaraǵa barǵannan keyin bizdi umıtıp ketetuǵın shıǵarsań»? — dep oylap edim. Xatıńdı klastaǵı barlıq balalarǵa oqıp berdim. Júdá quwanısıp qaldı. Bári saǵan sálem aytıp atır.

Men de sózimniń ústinen shıǵaman. Buyaqta júz bergen áhmiyetli waqıyalardı saǵan jazıp turaman.

Sen Ankaraǵa kóship kelgennen keyin men bir qızıq waqıyanıń guwası boldım. Házir saǵan sonı aytıp beremen.

Muǵallimimiz bir kúni klasqa azan menen hawiıǵıp keldi de «Bizdi tekseriwge inspektor kiyatır», — dedi. Muǵallimniń ráńki-reńinde qan qalmaǵanın kórgen bizlerge ábden qaltıratpa tiydi.

Sol kúni esitsek, inspektor qońsı mekteplerde bolǵan eken. Óyerde ne bolǵanın dárhal tanıs balalardan bilip aldıq... Aytıwınsha, ol klasqa tuwrı kirip kelip, muǵallimge qanday da bir máseleni doskaǵa jazdırtıp, onı oqıwshılarǵa

sheshtiriwdi buyıradı eken. Sonnan keyin muǵallimge aytıp, oqıwshılardan diktant aldıradı eken. Diktantlardı jıynap alıp, tánha ózi tekseretuǵın qusaydı. Keyninen sawal-juwapqa ótedi eken. Qanday sawal beretuǵının da bilip aldıq:

**Amerika qashan ashılǵan?**
**Stambuldı kim jawlap alǵan?**
**Eń súyikli adamıń kim?**
**Sulaymannıń meshitin kim qurǵan?**

Muǵallimimiz bizlerge tazadan dápter ashıwdı buyırdı. Keyin ol doskaǵa qıyın bir másele jazıp, sol waqıttıń ózinde sheshti de:

— Mine, endi mınanı jaqsılap kóshirip alıńlar, — dedi.

Máseleni sheshimi menen birge qatırıp kóshirip aldıq. Muǵallim onı óshirip, ornına qosıq jazdı.

— Bunı da sol turısına kóshirip alıńlar!

Jáne aytqanın isledik. Sonnan keyin ol hámmeniń dápterin kórip shıqtı. Qáteleri bolsa dúzetti.

— Balalar, húrmetli inspektor klasımızǵa kirse men sizlerge usı máseleni berip, usı qosıqtan diktant alaman, — dedi ol aqırı.

Buyaǵınan kewlin jámlegen muǵallimimiz, máseleniń ekinshi tamanına ótti:

— Endi ayırım beriletuǵın sawallarǵa juwaplar menen tanısıp shıǵamız. Inspektor ne sorasa, dárhal soǵan juwap beriwińiz kerek.

Biz soraw-juwaplardı yadlawǵa óttik.

— Amerika qashan ashılǵan?

Klasımız benen gúw etemiz:

— 1492-jılı.

— Eń súyikli adamıń kim?

Bul sawalǵa hárkim hár qıylı juwap bergenlikten, klastıń ishi ulı-shawqım bolıp ketti. Birewler Atatúrktiń atın keltirse, qalǵanları aǵası menen apasınıń atın ayttı.

Muǵallimimiz onnan keyingi sawalǵa ótedi.

— Stambuldı kim jawlap alǵan?

Juwabımız tayın:

— Sultan Mexmed Fatix!

— Sulaymannıń meshitin kim qurǵan?

— Usta Sinon.

Sawal-juwaplardı yadlawǵa eki kún waqtımız ketti. Muǵallimimiz hár eki gáptiń birinde «Juwaplarǵa abaylı bolıń, taǵı shatastırıp almań», — dep zinharlaydı.

Hámmesin qatırıp turıp yadlap aldım. Juwapladı bir qatarǵa dizip, ózimshe qaytalayman: «1492... Aǵam. Sultan Mexmed Fatix. Usta Sinon... 1492. Aǵam. Sultan Mexmed Fatix. Usta Sinon... 1492. Aǵam...»

Bulardıń miyime ornalasıp qalǵanı sonshelli, jolda ketip baratırıp ta gúbirlenetuǵın bolıppan.

— He, balam, awırıp júrseń be? — dedi bir kúni azanda apam.

— Yaq, denim saw.

— Onda nege túni menen «1492. Aǵam. Sultan Mexmed Fatix, Usta Sinon...», — dep sandıraqlap shıqtıń?

Biz kútken inspektor sol kúni azan menen klasqa kirip keldi. Óziń bileseń-ǵo, mende albıraytuǵın ádetim joq. Lekin, sol kúni negedur bilmeymen, óz-ózimnen júregim dúrsildep, hawlıǵa berdim. Bálkim, muǵallimimizdiń halın kórip sonday bolǵan shıǵarman.

— Qáne, oqıwshılarǵa diktant jazdırıń, — dedi inspektor.

Muǵallim bayaǵı ózimiz biletuǵın qosıqtı diktant etip jazdıra basladı. Balalar onıń aytqanın jazıp atırǵanday bolıp, ruchkaların jortaǵa júritedi. Aqırı, bul diktant álleqashan dáptershemizde qátesiz etip kóshiriwli tayar turıptı-dá!

Diktant tamam bolǵannan keyin inspektor dáptershelerimizdi birme-bir tekserip shıqtı. Birewimizden qáte taba alsesh!

— Bárekella, oqıwshılarǵa jaqsı sabaq beripsız, — dedi ol bası aspanǵa jetip.

Inspektor shep qaptalda otırǵan Shıńǵıstıń dápterin kóriwdi umıtqan ba, bir waqıtları «Qáne, senikin de bir kóreyinshi»? — dep sorap qaldı. Shıńǵıs oǵan dápterin berdi.

— Bul ne ózi? — dep inspektor birden tútigip ketti.

— Diktant.

— Bul qanday diktant?

Inspektordıń ashıwı tırnağınıń ushına shıqtı. Shıńğıs otırğan jaqqa ásten burılıp qarap edim, waqıya málim boldı: bala biyshara qorıqqanınan, dápteriniń tayar másele jazılğan betin ashıp jiberipti.

— Házir jazğan diktantıń qayaqta?

Shıńğıs endi bolmasa diktanttı ashıp kórseteyin dep atır edi, muğallimimiz inspektordıń artında turğan eken, túrli ım menen zorğa toqtattı.

— Diktanttı jaza almadım.

Inspektor Shıńğısqa ım-shara qılıp turğan muğallimge burıldı.

— Doskağa másele jazıń, sheship bersin.

Muğallim láblebidey qızarıp ketti.

Tiykarında, biz «Inspektor aldı menen másele berip, keyninen diktant jazdıradı»—dep oylağanbız. Qońsı mekteptiń balaları sonday dep edi, Shıńğıstıń albırap qalıwınıń sebebi de sol izbe-izliktiń ózgeriwinen boldı.

Shıńğıstıń dápteri—ele inspektordıń qolında. Sonlıqtan muğallim ilajsızdan doskağa basqa másele jazıwğa májbúr boldı. Óziń jaqsı bilesen, arifmetikadan bárha beske oqıyman. Lekin, men de hámme qatarı albırap qalğan ekenmen, máseleni sirá sheshe almadım. Dápterlerimizdi kórip, inspektordıń qabağı qarıs jabıldı. Muğallimimizdiń terlep-tepshigenin aytpaysız ba?! «Inspektor soraytuğının mennen sorağay-dá, muğallimimizdiń júzi jarıq bolsın»,— deymen ishimnen. Keyin áste ishimnen qaytalap qoyaman: «1492. Ağam. Sultan Mexmed Fatix. Usta Sinon».

Inspektor meniń awhalımdı sezdi me, bilmeymen:

— Qáne, sen ornıńnan turshı,—dedi mağan tosattan.

Quwanıp kettim. Dárhal ornımnan ushıp túrgeldim. Inspektor aldı menen:

— Jasıń neshede? — dedi.

Pútkil deneme qaltıratpa tiyip turǵanlıqtan, bergen sorawı maǵan basqasha esitilse kerek — «Amerika qashan ashılǵan?» — dep soraǵanday túyildi.

— 1492.

— Stambuldı kim jawlap alǵan?

Beriletuǵın sorawlardı tártip penen yadlap alǵanman, soǵan bola náwbettegi juwaptı ayttım:

— Aǵam.

Inspektordıń qay sawaldı aldın, qaysısın keyin soraytuǵını málim edi. Maǵan qaraǵanda bul tártipti buzatuǵının qaydan bilippen?!

Inspektor poldı bir tepti.

— Sennen «Stambuldı kim jawlap alǵan?» — dep sorap atırman!

— Aǵama-dá!

— Aǵań kim ózi?

— Usta Sinon.

— Ne dep sandıraqlap atırsań?! Aǵańdı sorasam — «Usta Sinon» deyseń!

Is rásiwa bolǵanın sonda barıp ańladım! Lekin, birotala albırap qalǵan ekenmen, onıń ústine inspektor da eńsemde tur; qullası, aqıl-esimdi jıynap ala almadım.

— Xosh, usta Sinon ne islegen?

Bul kútilmegen soraw meni ábden eseńkiretip tasladı.

— Stambuldı salǵan,— dedim tutlıǵıp.

— Kim salǵan?

— Kim bolatuǵın edi, usta Sulayman-dá—dedi házir ǵana jiberip alǵan qátemdi dúzetpekshi bolıp.

Onday bolsa Sulaymannıń meshitin kim qurǵan.

— Sultan Sinon Fatix.

Juwaplardıń bılǵasıp ketkenin ózim de sezip turman, lekin ilajım joq, esinen ayrılǵan adamnıń naǵız ózi boldım.

Inspektordıń ǵázebi qaynadı, ashıw ústinde ne aytıp, ne qoyǵanın ózi de bilmey qaldı:

— Balam, Amerikanı qurǵan adam usta-sultan Mexmed boladı, Sulaymannıń meshitin bolsa Fatix Sinon ashqan.

Balalar pıqır-pıqır kúle basladı. Inspektor aljasıp ketkenin sezdi.

— Yaǵnıy, mınaday demekshimen: Sinomiya meshitin Sulayman qurǵan, Fatixtı usta-sultan Mexmed saldırǵan.

Endi ózi ábden bılǵastırdı.

— Meni de ǵabırıstırdıń, balam-ay, — dedi soń ózin aqlamaqshı bolıp. Aqırı, basın shayqay-shayqay sırtqa shıǵıp ketti.

Klass ishi suw quyǵanday jım-jırt.

— Wax, áttegene-áy, — dedi muǵallimimiz állenemirde ózine kelip.

Bul gápti ol maǵan ayttı ma, inspektorǵa ma, ya ózine-ózi ayttı ma túsinbedim.

Sol küngi waqıya esime tússe elege deyin azap shegemen. Biraq, niyetim haq edi. Men inspektordıń sorawına taqıldap juwap berip, oqıtıwshımızdıń abırayın kótermekshi bolǵan edim.

Sen de wádege opa et. Jańalıqlarıńnan jazıp tur, yaqshı ma? Xatıńdı kútemen, Saǵan da tabıslar tileymen, dostım.

*Klaslasıń* **Axmed Tarbay**

## AǴALAR BILGISH BOLADİ

*Ankara. 19-noyabr, 1963-jıl.*

*Qádirli dostım Axmed!*

Juwap xatıń ushın kóp-kóp raxmet. Maǵan jazǵan xatıń hárdayım usınday bir qulash bolsın. Buyaqta qanday hádiyse bolıp ótse, hámmesin túsigin túsirmey jazıp turaman. Xatıńdı oqıp otırıp, seni bir zaman kóz aldıma keltirdim. Sonda inspektor ekewińiz qarsı aldımda payda boldıńız... Kúle-kúle ishegim úzildi!

Endi saǵan úyimizdi táriyiplep bereyin. Biz tórt qabatlı jayda turamız. Hár qabatta eki kvartiradan bar. Biz ekinshidemiz. Aǵamnıń úsh dostı da usı tórt qabatlı jayda jasaydı. Bul haqqında saǵan aldıńǵı xatımda jazǵan edim.

Úydiń arqası — maydansha. Keshqurın hámmemiz sonda oynaymız.

Anakúni de sonday, shawqımlasıp oynap júrip edik, aǵalarımız haqqında gáp shıǵıp ketti. Mayda balalar, ásirese, shawqım salıp jiberdi. Miytin degen úkem bar, házir — úshinshi klasta. Bul hámmeden de ótti, «Meniń aǵam zor, meniń aǵam bilgish,» — deyberdi kókiregine urıp. Tiykarında, aytqanı durıs. Aǵam mektepte bárha «bes» penen oqıǵan eken. Bunı ózinen esittik.

Eki ortada báseki qızıp ketti.

— Meniń aǵam sizlerdikinen jaqsı oqıǵan, klastan-klasqa bárha «bes» penen ótken, — dedi Miytin.

Aǵam menen birge oqıǵan jorasınıń balası:

— Kelistir júdá-á! — dedi Miytindi mısqıllap.

— Onı sen kimnen esittiń? — dedi basqa bir bala.

— Aǵamnıń ózi ayttı? — dedi Miytin shirenip. — Kim isenbese, barıp aǵasınan sorasın. Hámmemizdiń aǵalarımız birge oqıǵan eken. Írasın aytıp beredi.

Úlken balalar bunday mayda gápke aralaspay turıp edi.

— Ótirik sóylewge uyalmaysań ba? — dedi meniń menen oqıytuǵın bir qız. — «Bilgish» dep biziń aǵamdı aytsań boladı.

— Sen de ótirikshi ekenseń. Biziń aǵam heshqanday klasında qalmaǵan. Bárha «beske» oqıǵan, bildiń be? — dedi taǵı bir bala iyegin sozıp.

— Bári ótirik. Aǵań seni aldaǵan. «Bilgish» dep biziń aǵamdı ayt!

— Aǵam heshqanday aldamaydı!

Úlken balalardıń da buǵan qosılǵanın kórip, bir túrli bolıp kettim.

— Íras ǵoy ya, ájapa? Aǵam bilgish bolǵan emes pe? — dedi úkem meni járdemge shaqırıp. — Mınalarǵa aytıp qoy, esitsin.

— Durıs, aǵam bilgish bolǵan, — dedim men.

Jáne shawqım háwijge mindi.

— Qoy, qapa bolma, aytqan ayta bersin, — dedim úkemdi jubatıp.

Bizlerden jası táwir-aq úlken bir bala:

— Hámmeńiz natuwrı aytıp atırsız, — dedi bizdi pisent qılmay. — Írasın aytsam, olardıń arasında tek meniń aǵam bilgish bolǵan.

Ket-áy! — dedi Miytin shıdamay.

— Inanbasań, barıp aǵańnan sora...

— Aǵań seni aldaǵan!

— Seni aldaǵan!

Miytin ózindey eki shıǵatuǵın balaǵa gelle taslamaqshı bolıp edi, zorǵa uslap qaldım.

Úyge qaytıp kiyatırmız, Miytin ele háwirinen túspeydi:

— Ótirikshiler... Mektepte tek meniń aǵam bilgish bolǵan! — dep solq-solq jılaydı.

Úyge kire sala ol apama juwırdı.

— Aǵam bilgish bolmaǵan. Aǵam ótirikshi eken!

Apamnıń ashıwı kelip, jekirinip jiberdi:

— Óshir únińdi! Bul ne ózi? Jáne qaytarıp aytsań, tilińdi kesip alaman.

Úkem dárhal tım-tırıs boldı.

— Onıń nesine ashıwlanasań, Miytin, — dedim onı jubatıp. — Ayıp ózimizde shıǵar? Bálkim, aǵam olardıń aǵaları menen bir mektepte oqımaǵandur...

— Ózleri «Mudamı birge oqıdıq» — deydi-ǵo?!

— Yaqshı, keshte aǵamnıń ózinen soraymız. Hámmesin aytıp beredi.

Óz-ózimnen ǵul-ǵulaǵa tústim. Bul másele meni de qızıqtıra basladı. Keshqurın awqatlanıp otırıp edik, aǵama baǵanaǵı balanıń gápin ayttım.

— Awa, birge oqıǵanbız. Tórtewimiz de bir klasta oqıdıq. Men olardıń birewi menen úsh jıl, qalǵan ekewi menen bes jıl birge oqıǵanman.

Kúndizgi apamnıń Miytinge alıp-topılǵanı esime túsip, bunnan arı hesh nárse soray almadım.

Erteńine mektepte qasımda otırǵan qızdan aǵası mektepte qalay oqıǵanın soradım.

— Meniń aǵam bárha «bes» penen oqıǵan, — dedi ol.

Bul gápti izimizde otırǵan bala da esitip qaldı.

— Meniń aǵam da mudamı ayrıqsha bahalarǵa oqıǵan, — dedi ol da kerilip.

Qullası, klass ishi duw-duw gáp bolıp ketti... Tek úsh bala ǵana aǵasınıń kishkene waqtında qalay oqıǵanlıǵın bilmeydi eken. Basqa balalardıń aǵaları úlgili oqıǵan bolıp shıqtı.

Axmed, xatımdı alǵannan keyin sen de aǵańnan sorap kór, ol da mektepte «beske» oqıdı ma eken? Biraq, «beske» oqıǵanlıǵına házir-aq isenip otırman. Sebebi, kimdi alıp qarama, hámmesiniń de aǵaları bilgish bolǵan.

Aradan ele eki kún ótken joq. Miytinniń muǵallimi apamdı mektepke shaqırtıptı. Aytıwınsha, úkemniń oqıwı páseyip ketipti. Bul gáp keshte aǵamnıń qulaǵına tiydi. Ol Miytinge qattı baqırdı; keyin aldına alıp otırıp, aqıl ayta basladı:

— Aqırı, mennen úlgi alsań bolmay ma, balam? Men sendey waqtımda hámme sabaqlardan «beske» oqıǵanman. Bir mártebe de tómen baha alıp kórgenim joq. Klasta meniń aldıma túsetuǵın bala joq edi. Al, sen she? Uyat emes pe, aqırı! Nege oqıwıńnıń mánisi joq? Bala degen aǵasına qusawı, onnan órnek alıwı kerek ǵoy, aqırı!

Aǵamnıń biraz ashıwı basılǵan edi, pursattı qoldan bergim kelmedi.

— Miytin de úlkeygen soń «Mektepte jaqsı oqıǵanman»? dep ayta qoyadı-dá! — dedim.

Ilme gápimniń mánisin apam ańladı.

— Bul ne ádepsizlik, jetpegir! Tilińdi kesip alayın ba? Ózińnen úlken adam sóylep atırǵanda awzıńa bek bolıp otır!

Men úndegenim joq. Aǵam da qaytıp lám-mim dep awzın ashpadı.

Qullası, Ankaraǵa kóship kelgeli beri bunnan irirek waqıya júz bergen joq.

Mennen hámme klaslas doslarǵa sálem ayt. Saǵan da tabıslar tileymen.

*Klaslasıń* **Ziynep Yalqır.**

## SABAQLAR JAŃADAN BASLANDÍ

*Stambul. 22-noyabr, 1963-jıl.*

*Dostım Ziynep!*

19-noyabr kúni jazǵan xatıńdı alıp, qanday quwanǵanımdı til menen jetkizip bere almayman.

Qolaysız bir jańalıq bar: muǵallimimiz mektepten ketti. Basqa wálayatqa barıp jumısqa ótken-bish. Oǵan júdá úyrenip qalǵan ekenbiz, esitip júdá qapa boldıq. Eń sońǵı sabaǵında biz benen xoshlastı, sonda biraz balalar kózine jas aldı da. Men ókpem tıǵılıp tursa da, ózimdi tutıp turıp edim, klastan shıǵıp baratırıp basın iyip xoshlasqan waqıtta shıday almadım — eńirep jılap jiberdim.

Írasında, muǵallimimiz sol bayaǵı inspektor kelgen kúngi waqıyadan keyin meni onsha jaqtırmay júr edi. Sol xoshlasıw kúni hámmemizge bir-eki awız jıllı sóz aytıp, tabıslar tiledi.

— Jáne kóriskenshe xosh, balalar!

Sóydedi de esikke qaray júrdi. Qasımnan ótip baratırıp, basımnan áste sıypadı...

Tazadan kelgeni de — er muǵallim. Birinshi sabaqqa kiriwden-aq nelerdı ótkenimizdi soray basladı. Hárqaysısımızdı birme-bir turǵızıp, izbe-iz sawallar berdi. Biraq, juwaplarımızdan kewli tolmadı.

— Háy, áttegene-áy, — dedi ol basın shayqap, — hesh nárse bilmeydi ekensiz-ǵo?!

Damir bar-ǵo, Damir ol klasımızdıń eń bilgishi. Hátte, Damirdiń juwabına da kewli tolmadı-áy jańaǵı muǵallimniń! Gezek maǵan keldi. Bilgenimdi aytıp berdim. Ol bolsa

mudamı «Háy, áttegene, háy, áttegene»—dep dizesin shappatlap otırdı. Meniń ózime salsa, soraǵan hámme nársesine tuwrı juwap berdim.

Balalar ótken sabaqlardı izli-izinen turıp aytıp atır, ol bolsa qayta-qayta:

— Sonsha jıl oqıp hesh nárse úyrenbepsiz-ǵo. Qurı kelip-ketip júre bergen ekensiz-dá! Zaya ketken waqıt... Oqıw kerek edi, oqıw! — dep nalıydı basın shayqap.

— Ne, sorawıńızǵa tuwrı juwap bere almadım ba?—dedi bir waqıtları Miyne ókpesi tolıp.

—Yaq, juwabıń tuwrı boldı—dedi taza muǵallimimiz. — Lekin, júzeki, sayız. Hámmeńiz de sonday, bilimińiz sayız eken.

Onıń bul sózinen qattı kewlimiz qalsa da, úndegenimiz joq. B u r ı n ǵ ı muǵallimimizden tómen baha alatuǵın bir-eki oqıwshınıń «qudayı berdi». T a z a muǵallimniń gápi olarǵa mayday jaǵıp ketti.

— B u r ı n ǵ ı muǵallimimiz jaqsı túsindiretuǵın edi, jaman oqımadıq, — dedi Damir ózin uslay almay.

— Awa, juwaplarıńızdan kórinip turıptı, — dep qustanı qıldı t a z a s ı.

Sonnan keyin ol stol átirapında bir maydan aylanıp júrdi de, múlayimlik penen gáp basladı:

— Balalar! Endi kelisip alayıq. Burınǵı oqıǵan nárselerińdi umıtasız. Birotala yadıńızdan shıǵarıp jiberiń: Hámme sabaqlardı qaytadan baslaymız. Túsinikli me?

—Aqırı, biz kitapta ne jazılǵan bolsa, sonı ótken edik ǵoy?—dedi Damir qol kóterip.

— Men sizlerge «Endi hámmesin umıtıń» — dep atırman!

Taza muǵallimimizdiń birinshi sabaǵı usılay ótti. Tánepiste balalar ekige bólinip ketti. Birewler b u r ı n ǵ ı muǵallimniń tárepin aldı, birewler — s o ń ǵ ı s ı n ı ń. Men hesh qaysısına qosılmadım.

Bir waqıtları qońsı 5-klass oqıwshıları menen sóylesip qaldıq. Aytıwınsha, olarǵa da oqıw jılınıń basında taza muǵallim

kelgen eken. Tap bizlerdikine uqsaǵan waqıya júz beripti. Olardıń taza muǵallimi de sabaqqa kiriwden «Burın ne ótken bolsańız hámmesin umıtıń!» — dep buyırıptı.

Jańa oqıtıwshımızdıń bul «usılı» biraz balalarǵa oń tústi. Sál qáte juwap bergendey bolsa:

— Muǵallim, bizge burıngı oqıtıwshımız usılay túsindirip edi, — deydi.

Muǵallimniń onnan beter ashıwı keledi.

— Mıń márte ayttım ǵoy sizlerge! Burın ne ótken bolsańız hámmesin umıtıń, dep!

Miyge sińip qalǵan sabaqtıń bárin esten shıǵarıw qıyın boladı eken. Bunı tek Damir kelistirdi...

Bir kúni klasımızǵa direktor kirdi. Tariyx sabaǵı edi. Ol qalay úlgerip atırǵanımızdı bilgisi kelgen qusaydı; Damirdi turǵızıp ústi-ústine sawallar berdi:

— «Orta ásir mádeniyatı» degenimiz ne?

Damir úndemedi. Direktor basqa sawalǵa ótti:

— Kitap basıp shıǵarıwdı kim oylap tapqan?

Damirde ún joq. Direktor onıń aǵla oqıwshı ekenin biletuǵın edi, sonlıqtan hayran boldı:

— Bul ne? Nege úndemeyseń?

— Hámmesin umıttım, — dedi Damir.

— Bolmasa, Amerikanıń qalay ashılǵanın-aq aytıp bereǵo?

— Umıttım.

— «Oyanıw dáwiri» dep nege aytadı?

— Esimnen shıqtı.

— Bul qanday awhal, hesh nárse esińde qalmaptı-ǵo! — dedi direktordıń ǵázebi kelip. — Al, neni bileseń ózi? Bilgenińdi ayt!

— Házir hesh nárse bilmeymen. Bilgenlerimdi esten shıǵarıp jiberdim.

— Ne ushın?

— Taza muǵallimimiz solay buyırdı, «Burınǵı muǵallimińiz ne aytqan bolsa hámmesin umıtıń!», — dedi.

Direktor meni shaqırdı.

— Hindstanǵa teńiz jolın birinshi bolıp kim ashqan?

Áne qalas! Qırsıǵına usı waqıtta sol yadıma túspey qaidı! Tilimniń ushında tur; paydası ne—hesh esime túspeydi. Damir jortaǵa bolsa, men ırastan umıtqan edim.

— Esimde joq, muǵallim, — dedim aqırı.

Direktor kózáyneginiń ústinen muǵallimge bir qaradı da, úndemey klastan shıǵıp ketti. Muǵallim tap hesh nárse bolmaǵanday, kelgen jerinen sabaqtı basladı:

— Xosh, jawız Sálim sultanǵa kelsek...

Tánepiste balalar Damir ekewimizdi qorshap aldı, hayran qalıstı. Haslında, Hindstanǵa teńiz jolın birinshi ashqan adamdı birotala umıtqan edim.

Mendegi bul umıtshaqlıq keseli basıma kóp sawdalardı saldı. Jáne bir waqıyanı esit. Masqarashılıq!

Ol bılay boldı. Óziń bileseń mektepte «Ata-analar jıynalısı», «Semya hám mektep uyımı» degenler bar. Bir kúni ata-analar jıynalısınan keyin ózlerimiz koncert qoyıp beriwge qarar ettik.

Maǵan «deklamaciya»[1] bólimi tapsırıldı.

B u r ı n ǵ ı muǵallimimiz bir sabaqta qoydı júdá maqtadı: «Qoy—sonday paydalı jánıwar, sút-may beredi, góshi mazalı boladı, júninen kiyim toqıladı, terisinen postın islenedi, súyeklerinde jelim bar, qıyı — tóginniń aǵlası».

Sol kúni-aq sabaqtan shıǵıp qoy haqqında úlken bir qosıq jazǵanman. Mine ol:

### QOY

Quyrıǵı bar — appaq may,
Jelinin ayt — sútke kán,
Jumsaq ǵana júni bar,
Kiyimge qolay ábden.

[1]**Deklamaciya** — áshirepilep oqıw óneri.



RESPUBLIKALı'Q
MA'LIMLEME-RESURSLı'Q
WORAYı'
INV № 87804

Sap islener shaqınan,
Góshi sonday mazalı,
Postın bolar terisi,
Qıyı — tógin aǵlası.

Báhár kelse qozılar,
Súyekke jilik may toplar.

Jazǵan qosıǵım muǵallimge júdá unadı. Ol «Ata-analar jıynalısınan keyin koncert boladı, sonda álbette, oqıp bereseń», — dep tapsırdı.

Júdá quwanıp kettim: Sonnan keyin qosıqtı jaqsılap yadlap almaqshı boldım. Bes-altı kún boyı kárim—sol, ózim jazǵan qosıqtı ata-analar jıynalısınan keyingi koncertke oqıp beriw. Lekin, talabım kelispedi; meni koncertke shıǵarmaqshı bolǵan muǵallim basqa jumısqa ótip ketti. Onıń ornına kelgen *tazası* meniń tayarlıǵımdı biledi eken, qosıqtı óz qulaǵı menen esitpekshi boldı. Oqıp berdim...

—Bul qosıǵıń pútkilley jaramaydı,—dedi ol.—«Burın oqıǵan nárselerińdi este shıǵarıń», degen edim ǵoy, aqırı! Basqa qosıq beremen, koncertke sonı deklamaciya qılasań!

Ol maǵan oqıw kitabınan «Watanım» degen qosıqtı kórsetti:

— Mine usını yadlap al!

Lekin, oǵan waqıt bar ma?! Jıynalıs erteńge belgilengen. Bir kúnde yadlap bolıw múmkin be?! «Watanım» qosıǵın sen biletuǵın shıǵarsań? Oqıw kitaptıń birinshi betin ash, kóreseń. Bolmasa, mınanı oqı:

## WATANİM

Ey, jasıl lipaslarǵa oranıp alǵan,
Ey, bolıq masaqlarǵa, baǵ-baqshalarǵa tolǵan,
Hám aspan boyı dástan bolǵan Watanım, háy!

Ey, sol ullı insandı tuwǵan ananıń,
Ey, jábir-japa gúres, iyman hám nalanıń
Hám Sinon qurǵan gózzallıqtıń Watanı, háy!

Qullası, «áy» menen baslanıp «háy» menen tamamlanatuǵın qádimgi qosıq. Biraq, qansha talaplanǵan menen waqıt az bolǵan soń yadlay almadım.

Erteńine mektepke keliwimiz benen muǵallim:

— Qáne, koncertten aldın bir repeticiya qılıp kóreyik, — dedi.

Qosıqtı oqıp berdim. Muǵallimge unamadı:

— Bolmaydı. Qosıq degen bunday etip deklamaciya qılınbaydı, — dedi narazı bolıp.

Jáne qaytadan deklamaciya qıldım. Bári bir oǵan unamadı.

— Qosıqtı qosıqtay etip oqıw kerek. Bul saǵan kóshede ótken-ketkennen adres soraǵanday nárse emes. Retine qarap dawıs gá kóterińki, gá jumsaq esitiliwi kerek. Geyde dawıs degendi titirkendir. Lazım bolsa dawısıń jipektey jumsaq shıqsın, al kerek jerinde, — arıslanday aqır. Sonı da aytıp qoyayın, qosıq oqıp atırǵanıńda shep qoldı búyirińe tirep, oń qoldı aldıǵa soz. Onnan keyin «Háy!» degen úndewge kelgende ayaǵıń menen poldı barınsha tepsin. Mine, házir saǵan kórsetemen, qarap tur. Qosıqtı deklamaciyalaw mınaday boladı.

Muǵallimimiz qosıqtı óz aytqanınday etip oqıp berdi. «Háy» degen jerine kelgende oń ayaǵın joqarı kóterip poldı tepsindi.

— Áne, kórdiń be? Jawdı jer menen jeksen qılǵan adamday bar kúshiń menen tepsiniwiń kerek.

Aytqanınday isledim. Lekin, oyım kóbirek ayaqqa ketip, qosıqtıń ayırım qatarların umıta basladım. Óz bildigimshe deklamaciya isley bergende hesh jańılıspas edim.

Endi qosıqtı muǵallim aytqanday etip oqıp berdim, biraq tepsiniwim oǵan unamadı. Hár saparı «Qattıraq, qattıraq!

Ókshe menen, ókshe menen!»—dep qaptalımda tıpırshıp turdı.

Ári-beri kórdim—hesh muǵallimniń kewlinen shıǵa almadım. Aqırı onıń sabır-taqatı qalmadı.

— Mine qarap tur. Jáne bir mártebe kórsetip beremen!

Muǵallim qosıqtı oqıp bolıp «háy!» dep tepsinip edi — klastıń qapı-aynaları dirildep ketti.

— Áne, kórdiń be endi? Tepkende jer sonday lárzemge keliwi kerek.

— Sizdey bola almayman, muǵallim. Aqırı, siz eń keminde júz kilo shıǵasız, al men bolsam barı-joǵı qırq eki kiloman, — dedim ózimdi aqlawǵa tırısıp.

Miyneti zaya ketti: hesh ol aytqanday etip isley almadım. Aqırı shıdamadı. Jáne bir márte:

*Hám aspan boyı dástan bolǵan Watanım, háy!*

dep ashıw menen barınsha tepsinip edi, way-waylap qoya berdi.

Óziń jaqsı bileseń, klasımızdıń polı shirip atır. Shirik taxtalardıń birewi sınıp ketip, muǵallimimizdiń ayaǵı kirip ketipti. Dárhal járdemlestim. Ekewlep ayaqtı zorǵa tesikten suwırıp aldıq. Shawqımdı esitip, basqa muǵallimler de juwırısıp keldi. Hámme «Ne boldı, ne boldı?» — dep sorap atır.

—Áne, endi kórdiń be?—dedi muǵallim ayaǵın súyrep basıp. — Hár tepsingenińde tum-tus lárzege kelsin, tap jer qozǵalıp atırǵanday.

Muǵallim shıǵıp ketken soń ayaǵıma qarasam, is rásiwa: tepsine bergen soń tabanım isip ketipti!

Koncert sarras eki saat dawam etti.

Men ózim jazǵan «Qoy» degen qosıǵımdı bir yarım ayǵa shamalas yadlap júrgen edim. Sonıń ushın da, onıń hár sózi miyime bekkem ornalasıp qaiǵan eken, esime túse beredi. «Watanım» qosıǵın yadlap júrgenimde de, erksiz ózimniń qosıqlarım kóz aldıma keledi. Taza qosıqtı da eplep yadlap

aldım, biraq ayaq tapıldatıwı meni ǵabırıstırdı. Shamamda, aqıl-yesim ayaqqa ketip, bárin esten shıǵarǵan qusayman.

— Gezegiń keldi! Tez bol, shıq! — dep balalar meni iytermelep saxnaǵa shıǵarıp jiberdi.

Zal ata-analar menen lıq tolı eken. Muǵallimimiz — saxnanıń artında, bizge suflyorlıq etiwi kerek.

Men shıqtım. Miymanlarǵa basımdı iyzep sálem berdim. Lekin, basımdı qıymıldatıwdan-aq deklamaciyanıń teması yadımnan shıqtı. Ziynep, saǵan ótirik, maǵan shın: usı waqıtta ózimniń «Qoy» degen qosıǵım yadıma túser me! Men sońı burınǵı úyrengenlerimniń ornına jańaların umıtıppan.

Qanday halǵa túskenimdi óziń-aq kóz aldıńa keltirip kóre qoy! Men zalda otırǵanlarǵa qarap telmiremen, olar bolsa — maǵan. Qullası, birazǵa deyin bir-birimiz benen kóz urıstırıp tura berdik.

Áytewir, muǵallimimiz demew bergende ǵana janıma ara kirdi — artımnan qosıqtıń temasın aytıp sıbırladı. Dárhal dawısımnıń barınsha «Watanım» dep baqırdım. Endi ne qılıw kerek? Úndemey turǵan menen bolmaydı. «Temanı jáne bir mártebe qaytalasam, bálkim keyni esime túsip keter», — dep taǵı «Watanım» dedim. Jáne tım-tırıspan. Zalda — gúwlegen shapalaq. Hayran boldım. Qurı «Watanım» degenimniń nesine shapalaq uradı? Usı waqıtları taǵı da muǵallimimizdiń sıbırlaǵan dawısı esitildi. Kelgen jerimnen baslap jiberdim. Lekin, kúni menen «Watanım» dep barınsha baqıra bergen ekenmen, sestim shıqpay qaldı. «Ey!» dedim bolǵanı. Jáne shapalaq. İrasın aytsam, ar-sar bolıp qaldım. Qosıq qatarları mıyımde bir-biri menen bılǵasıp ketti. Ózimdi zorǵa qolǵa alıp, deklamaciyanı baslap jiberdim. Balalardıń keyninen aytıp beriwine qaraǵanda onı bılay baslappan:

## WATANİM

*Ey, jasıl lipaslarǵa oranıp alǵan,*
*Ey, bolıq masaqlarǵa, baǵ-baqshalarǵa,*
*tolǵan,*

*Hám dástan boyı aspan bolǵan Watanım,*
*háy!*

«Háy!» degen waqıtları bar kúshim menen bir tepsingenim ... tikke sekirdim! Bileseń be, nege sekirdim? Muǵallimimiz benen repeticiya islegen waqıtları ókshedegi shege suwırılǵan eken, onı bilmeppen. Hás, tepsingen waqıtta sol shege ókshege otırdı-ǵo — janım kózime kórinip ketti! Tabanıma birew biz tıǵıp, ókpemdi suwırıp alǵanday boldı.

Azarı júregime túsip, yadlaǵan qatarlarımdı da birotala umıttım. Qanday awhaiǵa túsip atırǵanımnan xabarım joq, zaldaǵılar más bolıp kúlisedi. Muǵallim awhalımdı sezdi. Sıbırlap aytsa esitpesimdi bildi de, dawısın barınsha shıǵardı:

*Ey, sol ullı insandı tuwǵan ananıń*

Dárhal ilip aldım.

*Ey, sol ullı insandı tuwǵan ananıń... ananıń... .*

Keyninen ne keledi, bilmeymen. «Esime túsip keter me eken», — dep jáne bir-eki qaytaladım. Bolmadı. «Ananıń» deymen de, arjaǵında sızıq túsken plastinkaday sol sózdi jáne tákirarlayman. Tula boyıma qaltıratpa tiydi. Jılawdıń ber jaǵı bolıp tur edim, qápelimde ózimniń jazǵan qosıq qatarlarım yadıma tústi. «Táwekel!» dedim de, qalǵan jaǵın jalǵastırıp kettim:

Ananıń... ananıń... ananıń...
Quyrıǵı bar — appaq may
Jelinin ayt — sútke kán,
Jumsaq ǵana júni bar.

Muǵallim de qatarlardı izbe-iz jetkerip tur. Aldın onıń aytqanın tákirarlayman da, keyin ózimdikin qosaman:

Ey, jábir-japa, gúres...
Sap islener, shaqınan,
Góshi sonday mazalı
Qıyı — tógin aǵlası háy!

Deklamaciyanı tawıstım da, ózimdi ishke urdım. Dúrlegen qol shappattan zal lárzege keldi.

— Ne islep qoydıń, Axmed?! — dedi muǵallim qapa bolıp.

— Endi ne qılayın, muǵallim, — dedim oǵan telmirip, — bilgen nárseni dárhal umıtıp jiberiw azap boladı eken.

Jáne bir nárse desem jılap jiberetuǵın túrim bar, ókpem isinip tur. Muǵallim ekewimiz aqsańlap jolǵa tústik. «Jáne ókshеme sńege kirip kete me», degen gúman menen ayaǵımdı zorǵa basaman.

— Úlken óneriń bar eken-ǵo, balam, — dedi aǵam úyge kelgen soń. — Adamlardıń ishegin úzeyin dediń.

Apam onıń gápine qosıldı:

— Kúle-kúle kózimniń jası tawsıldı.

Qosıqlardı aljastırıp oqıǵanımdı heshkim sezbepti. Hámme meni «jortaǵa islep atır», dep oylaǵan eken.

Qullası, Ziynep, keyingi kúnlerde usınday-usınday qızıqlar boldı. «Seniń aǵań da mektepte ayrıqsha bahalarǵa oqıǵan ba?» — dep sorapsań. Yaq, aǵam ayrıqsha bahalarǵa oqıy almaǵan. Nege deseńiz, ol mektep kórmegen. Eger kerisinshe bolǵanda álbette, ol da «Ayrıqsha oqıǵanman»,— dep aytar edi.

Men zawıq penen oqıytuǵın xatlarıńdı kútemen. Saw bol.

*Eski klaslasıń* **Axmed Tarbay**

## ISLEGEN — TISLEYDI

*Ankara. 26-noyabr, 1963-jıl.*

*Dostım Axmed!*

Maǵan bárha usınday uzınnan-uzaq zatlar jaza ber. Yaqshı ma? «Uzınnan uzaq» degenimdi kewlińe alma. Bári bir, men onı bir zamanda oqıp shıqtım. Klasta bir-yeki balaǵa da oqıp bergen edim, kúle-kúle ishegi qattı.

Buyaqlarǵa salqın tústi. Endi úydiń aldındaǵı maydanshada oynamaytuǵın boldıq. Mektepten kelip sabaqlarımdı tayar-

layman, ájapama kómeklesemen. Ol úydegi mayda jumıslardı jaqtırmaydı. Sipsege kózi tússe tóbe shashı tik turadı! Onıń eń jaqsı kóretuǵın isi — asxanaǵa barıp, pirojnıy yaki keks pisiriw. Biraq, ájapam asxanaǵa kirse, apam taqat tawıp otıra almaydı. Nege deseń, qoyǵan zatların apam keyninen bir háptege deyin taba almay júredi.

Sol ájapamdı uzatamız dep atır edi, pátiyası buzıldı. Keyingi waqıtlarda úydegilerdiń hámmesiniń aytatuǵını usı toy máselesi edi. Úkem Miytinniń bir awız sózi ájapamnıń baxtına kesirin tiygizdi.

Geyde keshqurın aǵamnıń dosları biziń úyge jıynaladı yamasa bizler olarǵa baramız. Qullası, keminde háptesine eki kún qonaq kútiw, ya qonaqqa barıw menen ótedi. Tórt dos bir jerge toplansa boldı, dárhal Ziynelbeydiń* ústinen gáp ketedi. Ziynelbey degeni — bul aǵam isleytuǵın jerdiń xojeyini.

—Usı gápińizden toyıp kettim,— deydi apam shıdamay. — Basqa gápińiz bar ma ózi?!

Sonnan keyin gáp basqa temaǵa kóshedi. Lekin, aradan sál ótpey jáne Ziynelbey tilge ilinedi de, hámmesi onı jamanlap ketedi.

Ziynelbeydiń jáne bir-yeki jerde keńsesi bar eken. Ózi júdá bay-dáwletli emish. Onıń ústine mal-dúnyası kún sayın artıp baratırǵan-bısh. Ziynelbey haslında hesh nárse islemeytuǵın, qabaqbas birew eken. Baslawısh klastı zorǵa tálli-pálli menen pitkergen qusaydı.

Aǵamnıń doslarınıń biri onıń menen awıllas eken. Ol bir waqıyanı aytıp berdi.

— Ziynelbey bizden on jas úlken,—dedi ol.—Ol úshinshi klasta oqıp júrgende men jańa ǵana mektepke barıp atır edim. Bir klasta neshe jıl otırǵanın usınnan bile berseń boladı. Men baslawısh mektepti pitkergenimde ol ele tórtinshi klasta

* Bey sózi túrkshe mırza degendi bildiredi hám defis arqalı jazıladı. Zeynel-bey — Ziynel mırza. Teksttegidey qosılıp jazılsa adam atı bolıp tabıladı (red).

otır edi. «Balań usı jerden imam molla bolıp shıǵar»,— dep adamlar onıń aǵasın masqara qıladı. Sol waqıtlardıń ózinde Ziynelbey saqal-murtı táp berip qalǵan náwshe jigit edi. Bir kúni mektebimizge inspektor keldi. Tuwrı Ziynel oqıytuǵın klasqa kiripti.

Muǵallimi bir jas jigit eken. Inspektor qarasa—murtı táp bergen Ziynel otırıptı, al jap-jas jigit tik tur. «Nege ornıńnan turdıń, balam? — depti inspektor muǵallimge. — Muǵallimiń saǵan hesh nárse degen joq ǵoy». Ol uyalǵanınan qıp-qızıl bolıp ketipti. Men Ziyneldey pámsiz, qabaqbas adamdı kórgenim joq.

— Házir ne, házir qarq pa? — deydi aǵam. — Burınǵıdan bes beter shaymiy-ǵo.

«Kúndiz shıra jaǵıp izleseń de tabılmaytuǵın áwmeser» «Aqmaqlıq boyınsha dúnya júzi chempionı»... hám taǵı-laǵılar....

«Sen oqıp adam bolmaytuǵın qusaysań, onnansha kózimniń tirisinde qasıma erip, sawda-satıqtı úyren», — dep aǵası onı mektepten shıǵarıp alıptı. Sol-sol eken. Ziynel sawdaǵa aralasıp ketipti de, demniń arasında bir talay baylıq arttırıptı.

Olardıń aytıwına qaraǵanda, Ziynel barıp turǵan qos-jaqpas, «Álipti tayaq» deytuǵın sawatsız bolsa da bir nársege jaqsı qábileti bar: ol adam jumsawda basqanı qayıl qaldıradı eken. Ziynelbeydiń házirgi qos-qos keńselerinde ne-ne injenerler, ustalar, advokatlar, vrachlar isleytuǵın qusaydı.

— Ózi, oqımaǵan da durıs eken! Biz oqıǵanda kim boldıq? Aqırı, aynalıp kelip sol sawatsız Ziynelbeyge jallandıq. Mine, endi qarawında islep atırmız, — deydi aǵam suwıq demin alıp.

Ziynelbeydiń kelte pámligi hámmege málim bolıp qalǵan eken. Ol bir kúni qasında joldasları menen Felemenkke*

* Túrk tilinde Gollandiya «Felemenk» dep te ataladı.

saparǵa shıǵıptı. Óyerde biraz kún bólıptı. Keyin, ketip baratırıp joldaslarına aytar-mısh:

— «Felemenk» degen de jaqsı mámleket eken, maǵan unadı. Endi Gollandiyanı bir barıp kóriw kerek. Ájayıp jer dep esitemen!

Polshada da tap usınday jaǵday júz beripti.

— Men Polshaǵa keldik, dep júrsem, bul jer «Laxistan»* eken-ǵo. Tap endi usınıń qastına Polshanı da bir kórmesem bolmaydı, — dep pútkilley masqara bolıptı.

Anakúni biziń úyde taǵı sol Ziynelbeydi aytısıp otır edi, tosattan úkem Miytin:

— Bul adam sonday aqmaq, pámsiz, qosjaqpas eken, onda qalay bay bolıp júr? — dep sorap qaldı.

— Úlkenlerdiń sózine aralaspa, uyat boladı, — dedi apam Miytinge támbi berip.

— Sen ele jassań, bundaylarǵa túsinbeyseń, — dep aǵam durısınan keldi.

Ájapamdı sol Ziynelbeydiń balasına atastırdı. Gáptiń tuwrısı, eki jaq quda túsiwge kelisip, shappat urıstı.

Sen ájapamdı kórip pe ediń? Ol — maǵan, men oǵan usamayman. Júdá sulıw qız.

Bul haqqında bizlerge bildirgen joq. Biraq, ızıń-sızıń gáplerden esitip júrippiz. Úydegilerdiń alaǵadaǵa túskenin eń birinshi Miytin sezdi. Apam qıbır-qıbır jumıs islep júrip te ıńıldap qosıq aytatuǵın boldı. Ájapamnıń bolsa tóbesi kókke jetip júr. Ári-beri bizlerge bildirgisi kelmeydi, bári bir túrinen, júris-turısınan sezilip qala beredi.

— Esittiń be, ájapamdı jaqında uzatadı eken, — dedi bir kúni Miytin.

— Jaqsı bolıptı, uzataǵoysın.

— Kimge uzatatuǵının bileseń be?

— Kimge? — dep soradım bilmegen adam qusap.

— Ziynelbeydiń balasına.

---

* Polsha.

Úndemedim. Miytin qapa boldı.

— Esitip atırsań ba? Ziyneldiń balasına uzatajaq!

— Ne qıladı uzatsa? Onıń nesine ashıwıń keledi?

— Nege ashıwıń keledi deydi! Sen de olar tárepte ekenseń-dá, shaması!

— Meniń ne jumısım bar olar menen?

Miytin úyde kóbinese meniń gápime isenetuǵın edi. Sonıń ushın ábden tútedi:

— Nege jumısıń bolmaydı? Men kelispeymen, qarsıman!

Jáne kegirdeklesip otırmaw ushın dım úndemedim. Ol ishindegi gápleriniń bárin aqtardı:

— Ziynelbeydi ózleri kúnde «ógizdey adam, bası islemeydi», — dep otır-ǵo. Endi ájapamdı jáhán qapılıp, sol ógizdiń balasına beremiz be?!

— Balasınıń jolı basqa.

— Pah! Qalay basqa boladı? Liceydi de pitire almaǵan. Ákesi úyinde muǵallim jallap, zorǵa gúwalıq jazdırıp alǵan — puldıń kúshi menen. Keyin, «Endi oqıwdı qoya ǵoy, balam, bolmasa miyiń suyılıp, sawda isine jaramay qalasań», — depti. Xosh, ótirik pe solar? Aǵamnıń dosları aytıstı, óz qulaǵım menen esittim.

— Bul gápti apama aytıp júrme, Miytin, yaqshı ma? Mıń aytqan menen úlken adamlar bizlerden jaqsı biledi.

— Bilemen, sen de solardıń tárepin alasań, — dedi Miytin ashıwlanıp. — Lekin, aǵama hayran qalaman.

— Nege?

— Nege deydi-aw! Hám Ziynelbeydi «jaman» deydi, hám onıń keńsesinde isleydi.

Miytin teris burıldı da shıǵıp ketti. Shaması, kóz jasın kórsetkisi kelmegen bolsa kerek. Sebebi gápiniń keynin ayta almay, tıǵılıp qaldı.

Sol kúnnen baslap Miytin pútkilley ózgerip ketti. Burınǵıdan da beter sirkesi suw kótermes, ashıwshaq balaǵa aylandı. Muǵallimleriniń ol haqqında arız etpegen kúni qalmadı. Oqıwı da páseńledi.

Aǵamnıń táshwishi arttı. Miytinge jaqsı gáp penen de túsindirdi, arasında urıp-soqqan boldı — bári bir kár etpedi. Qayta Miytin mektepten qashıp ketetuǵın ádet shıǵardı. Apam onı azanda mektepke ózi aparıp keledi. Miytin bolsa onıń qarası uzaǵannan, zıp beredi. Aǵam oǵan qansha xoshamet ete bersin, bári bir, jer sızıp otıradı da qoyadı.

Bir kúni Miytindi gápke aylandırıp, kewlinde ne barın bilmekshi bolıp edim:

— Bunday nárselerge sen aralaspa, ele jassań, — dep baqırıp jiberdi.

Bir Miytin sebepli úyimizden bereket qashtı. Apam tez-tez jılap aladı, aǵamnıń bolsa qashan kórseń qabaǵınan qar jawıp júrgeni.

Bir kúni keshte Miytin úyge kelmedi. Qas qarayıp, tún boldı, onnan ele dárek joq. Hámmemiz izlewge tústik. Soramaǵan jerimiz qalmadı. Aqırı, sımpıyıp, úyge qayttıq. Aǵamnıń dosları da hawlıǵısıp, hámmesi keldi. Apam bolsa «Endi ne qılaman?» — dep jılay beredi. Kisiler Miytindi jáne qayaqtan izlew kerekligin oylasıp otır edi, tosattan qońıraw shırıldadı. Esikti ashsaq — Miytin! Hámme onnan qáweterlenip, iymanı bir qısım bolıp otırsa, onıń párwayı pálek. Aǵamnıń dosları «Házir keleǵoysa balaǵa urıspa, — dep otır edi, sonıń ushın aǵam ilajsızdan ózin tıydı. Heshkim hesh nárse demedi.

Birazdan keyin aǵam Miytindi qasına shaqırıp, áste násiyat etti:

— Mektepten qashatuǵın, sabaq tayarlamaytuǵın oqıwshınıń keyni jaqsı bolmaydı, balam, — dedi múláyimlik penen. — Kim de kim miynet súygish bolsa, sol adam kóp pul tabadı, keyin onıń ráhátin kóredi. Sen jas waqtında kóp oqıwıń kerek, sonda úlkeygende ráhátlenip ómir súreseń.

Aǵamnıń barlıq waqta aytatuǵın gápi — sol. Joraları da onı quwatladı.

— Miynettiń túbi — ráhát, balam. Islegen — tisleydi.

— Álbette, baxıttıń gilti — miynette.

Qabaǵın úyip, jerge qarap otırǵan Miytin birden janlandı:
— Miynet etip qansha pul tabıwǵa boladı?
— Kim qansha kóp ter tókse, sonsha kóp pul tabadı.
— Xosh, ter tókken adam Ziynelbey quraqım bay bola ala ma?
Hámme tım-tırıs boldı. Miytinniń ne aytpaqshı ekeni belgili edi.
— Biz de saǵan qusaǵan bala bolǵanbız, — dedi aǵam birazdan keyin únsizlikti buzıp. — Balalıqtıń ne ekenligin túsinemiz. Lekin, biz balalıq waqtımızda...
Miytin gápti bóldi:
— Ter tógip, sabaq oqımaǵan adam kóp pul tabadı.
Aǵamnıń ashıwı keldi, baqırıp jiberdi:
— Endi saǵan ákeń ótirikshi boldı ma?!
Miytin eńirep, jılap qoya berdi.
— Yaq, onday demekshi emes edim, — dedi ol pırqıldap. — Aqır, ózlerińiz hár kúni «Ziynelbey qosjaqpas, Ziynelbey aqmaq, Ziynelbey awsar» deysiz-ǵo. Nege sonda onıń qosaq-qosaq fabrikası, shirketi, keńsesi hám dúkánları bar? Mashınları da, úyleri de kóp. Balası da ózine uqsap, jaman oqıǵan.
Miytin kem-kem háwijge mindi.
— Endi mektepke barmayman. Ziynelbeyge uqsap bay bolaman. Qol astımda onikinen de kóp adam isletemen. Hámmesin jumsayman. Qarıwlı, sawatlı adamlardı keńseme jumısqa alaman...
Miytin óziniń bólmesine kirip ketti. Gápi soyaqta ada boldı.
Aǵamnıń kewli buzıldı:
— Meyli balam, bilgenińdi isle. Oqıǵıń kelmese, meyli, oqımay-aq qoy.
«Házirshe maqullay bereyik», — degendey doslarına kózin qısıp qoydı.
Apam Miytinniń bet-qolın juwıwǵa alıp ketti.

— Hámme gáp ózimizden, — dedi aǵamnıń dostı. — Bala-shaǵanıń aldında parıqsız sóyleymiz. Bular bar jerde hámme gápti ayta beriwge bolmaydı.

Qasında otırǵan hayalı meni ım menen kórsetti.

— Jańaǵı jiyenimizdiń gápinde jan bar, — dedi jáne biri. — Aqırı, sonsha jıl oqıp biz ne boldıq... Ziynelbeyge jallandıq.

Miytinnin peyli ózgerip ketkenin aǵam menen apam jaqsı biletuǵın edi. Hámmesine Ziynelbeydiń balası, yaǵnıy ájapamnıń bolajaq kúyewi sebepshi boldı. Sol waqıyadan bes-altı kún ótkennen keyin pátiyanı buzdı. Ájapam jumısqa kirdi. Házir ánedey islep júripti. Ózi de bolajaq kúyewin jaqsı kórmeytuǵın qusaydı-aw, áytewir házirgi júrisine kewli razı.

Miytin bar gápti aytıp bolǵan kúnniń erteńine oqıwǵa ketti. Házir ol jipektey múlayim bolıp qaldı. Toydı buzǵanına qısınba, áytewir úyde qoyday juwas. Sabaqlarınan da úlgerip ketti. Úydegilerdiń hámmesi menen burınǵısha ájik-gújik, biraq, maǵan qaraǵanda kúlgen awzın jıyadı. Júdá kewli qalǵan eken mennen. Gáptiń shınına kelgende, Miytinnin pikiri — meniń de kewlimdegi gáp edi. Men onday etip ayta almasam qáyteyin? Háy, meyli, jarasıp ketermiz.

Xattı keshki awqattan keyin jazıp atırman. Endi uyqı qısıp tur, jataman. Erteń—demalıs. Apam Miytin ekewimizdi balalar teatrına alıp baraman,—dedi.

Doslarımnıń heshqaysısın umıtqanım joq. Hámmeńizdi saǵındım. Bazda birge túsken súwretlerdi kórip, sizlerdi eslep turaman. Hámme doslarǵa sálem ayt. Ózińe de úlken jetiskenlikler tileymen!

Dostıń **Ziynep Yalqın**

## PIDÁYÍ BALALAR

*Stambul. 30-noyabr, 1963-jıl*

*Qádirli Ziynep!*

Xatıńdı alǵanıma eki kún boldı. Sol kúni-aq juwap jazıp jiberer edim, lekin, muǵallim úyge kóp tapsırma berip

jibergenlikten, úlgere almadım. Sonıń ushın endi qolǵa qálem alıp otırman.

Taza muǵallimimiz maǵan unay basladı. Direktor klasımızǵa kirgendegi Damirdiń kórsetken ónerin saǵan aytqan edim. Sol saparı hámmemiz «Endi Damirdiń sorı qurıdı», — dep oylap edik. Yaq, muǵallim oǵan heshqanday jaza qollanǵan joq. Ózimniń de júregim jarılıp júr edi, hámmesi kerisinshe boldı. Házir ol meniń menen júdá jaqsı múnásibette.

Sońǵı waqıtları pidáyılıq teması muǵallimimizdiń awzınan túspeytuǵın boldı. Bul haqqında esitken-bilgenlerin aytıp beredi de, keyin:

— Xosh, bunı qalay túsindińler? Bul haqqında ne aytasız? — dep bizden pikir soraydı.

Muǵallimniń nege meni jaqsı kórip qalǵanın bileseń be?! Hámme waqıt onıń kewlindegi gápti tawıp aytqanım ushın. Ol ángimesin baslawdan-aq, gózlengen maqsetiniń ne ekenin bilip alaman da, soraǵan waqıtında juwabın dúrs ettiremen. Buǵan ol más bolıp qaladı. Hár saparǵı juwabımnan keyin «Bárekella, Axmed!» — dep xoshametlep qoyadı. Sońınan:

— Sizler de turmısta usınday pidayı bolıwıńız kerek, balalar, — dep hámmeni soǵan shaqıradı.

Künlerdiń birinde usı máselede qattı tartısıp qaldıq.

Muǵallimniń kewline qarap juwap bere beriw meni júdá zeriktirdi. Ol bizge bir gúrriń aytıp bergen edi, men sonı óz túsinigimshe bayanlamaqshı boldım. Bul da — pidayılıq haqqında. Men saǵan onıń qısqasha mazmunın aytıp bereyin.

... Urıs waqtı. Awıl mektebi. Onda biziń áskerlerimiz tur. Bizler qatarlı bir bala dushpandı kóriwden-aq ózimizdiń áskerlerge xabarlawı kerek. Ol usı haqqında tapsırma alıp, úlken bir terektiń ushabasına shıǵıp qarap turadı. Bir waqıtları uzaqtan dushpannıń qarası kórinedi. Bala asıǵıp-entigip jerge túsedi de, awılǵa qaray juwıradı. Biraq, jolda oq tiyip, jaralanadı. Sonda da eplep awılǵa jetip kelip, komandirge

dushpannıń kiyatırǵanın aytıp, ózi jıǵıladı. Sol jerdiń ózinde bala jan tapsıradı...

— Qáne, Axmed, tur ornıńnan, — dedi muǵallim burınǵı ádetinshe. — Bul gúrrińniń bizge qanday tárbiyalıq áhmiyeti bar?

— Ádep bir sorawım bar, muǵallim, — dedim ornımnan turıp. — Usı waqıya ırasında da bolǵan ba yamasa pidáyılıqtı sıpatlaw ushın úlkenler ózleri oylap tapqan ba?

Muǵallim mennen bunı kútpegen edi. Sonlıqtan birden albırap qaldı:

— Bunıń menen ne demekshiseń?

Soń ashıw menen:

— Birew yadınan shıǵarǵan ba, ya ıras bolǵan ba, bunıń saǵan ne áhmiyeti bar? — dedi.

— Eger bul bolǵan waqıya desek, onda iseniw qıyın.

— Nege?

— Dushpandı baqlap turıw — júdá juwapkerli wazıypa. Endi ol kelip-kelip on bir jasar balaǵa qalıp pa? Basqa adam joq pa eken sonsha? Men soǵan hayran bolıp turıppan. Qala berse, balalardıń keleshegi ushın sawash ketip atırǵan bir waqıtta balaǵa jawıngerlik tapsırma berip, onı...

— Bul ádebiy gúrriń, álbette — dedi muǵallim sózimdi bólip. Soń balalarǵa qaradı: — Axmedtiń gápi tuwrı ma? Sizler qalay dep oylaysız?

Balalar ulı-shuw bolıp ketti. «Tuwrı emes, tuwrı emes» degen dawıslar esitildi.

— Bizler de pidáker bolıwımız kerek, — dedi Shıńǵıs degen bala ornınan ushıp turıp. — Gúrriń bizdi soǵan tárbiyalaydı.

Ol tap bir danalıq ǵap aytqanday, maǵan mardıyıp qarap qoyadı. Meniń tárepimdi alǵan jalǵız Damir boldı.

— Men de, Axmedtiń pikirine qosılaman, — dedi ol.

Muǵallim jáne balalarǵa sawal tasladı:

— Balalar, ne ushın Axmed penen Damirdiń pikiri basqasha?

— Olardıń úyrenshikli keseli ol, muǵallim, — dedi jáne Shıńǵıs ushıp túrgelip. — Mudamı ózlerin kórsetkisi keledi.

Usı waqıtları qońıraw qaǵıldı.

— Bul haqqında ele tánepisten keyin sóylesemiz, — dedi muǵallim shıǵıp baratırıp.

Zıynop, ırasın aytsam sol waqıtları qońıraw qaǵılǵanına júdá quwanıp kettim. Bolmasa, qızıw-qızıw menen muǵallimge awır gáp aytıp salıwım da múmkin edi.

Sabaqtan shıqtıq. «Há, bilgish, qalaysań?» — dedi Shıńǵıs masqıllap. «Jazılmaytuǵın keselge jolıqqan goy», Sáliyma jaramǵa duz septi. Kim biledi, bálkim men ırasında da qattıraq ketip qalǵan shıǵarman? Gúrrińniń ózi maǵan unamasa neǵılayın?!

Tıykarında onda pidáyılıq haqqında júdá tásirsheń jazılǵan edi. Gúrrińniń sanamızǵa sińip ketkeni sonshelli, tánepiste sharbaqqa shıǵıp «urıs-urıs oynaytuǵın boldıq. Balalar tereklerdiń basına órmelep shıǵıp aladı. Sol jerden turıp «dushpanǵa pulemyottan oq atadı». Bara-bara sharbaqtaǵı terekler bizge azlıq ettı. Birazımızǵa minip-baqlaytuǵın terek jetpey qaldı. Men terezedegi sharqırawıqqa asılıp, diywaldıń basına shıqtım. Keyin tońırtqa menen barıp, úlken arǵıttıń ústine minip aldım. Tańlaǵan ornım ózime júdá unadı. Tómen qarasam, qasımdaǵı akaciya tereginiń ústinde Shıńǵıs penen Xuseyin bir orınǵa talasıp atır. «Tapsırma saǵan emes, maǵan berilgen», — deydi Xuseyin.

Birden Xuseyinniń shıńǵırǵan dawısı shıqtı. Hámmemiz tómenge qaray juwırdıq. Muǵallimler de jetip keldi.

— Terektiń basında neǵılıp júrseń? — dep baqırdı ekinshi klastıń muǵallimi.

— Dushpannıń áskerlerin baqlap turıp edim.

Bul gápti esitip ol ań-tań boldı:

— Esiń durıs pa ózi? Buyerde dushpan ne jeydi?

Aytewir, Xuseyin jaman jıǵılmaǵan eken; jarası tańılıp jubandı. Shıńǵıs biysharanıń qorqqanınan ayaǵı qalt-qalt etedi. Ayıp sonda ekenin hámmemiz bilip turıppız. Biraq,

Xuseyin márt bala eken, onı satpadı. Muǵallim onnan «Nego jıǵıldıń, kim iyterip jiberdi?» — dep sorap edi. «Ayıp ózimde, ayaǵım tayıp ketti,» — degen juwaptı berdi.

Tánepisten keyin taǵı sabaqqa kirdik. Muǵallim baǵanaǵı temanı taǵı dawam etti.

— Eger kim de kim ózin kórsetiw ushın ǵana barınsha umtılsa, ol haqıyqıy mánidegi pidáyılıq emes, — dedim men ornımnan turıp.

Men bunıń menen Xuseyinniń naǵız mártligin názerde tutqan edim.

Erteńine muǵallim usı temada basqa bir gúrrińdi aytıp berdi.

... Bir kámbaǵal bala boladı. Onıń anası awırıp qaladı. Oǵan dári kerek. Úyde bolsa alǵanday pul joq. Bala dári satıp alıw ushın urlıq isleydi, uslanadı. Sol waqıtta jorası barlıq ayıptı óziniń moynına aladı, ol qutılıp ketedi...

«Jáne bilgishlik etip atır demesin» dep bul ret úndegenim joq. Qara, usı gúrrińde barıp turǵan aqmaqlıqtı pidáyılıq dep kórsetip qoyıptı.

Muǵallimlerimiz óz ara kelisken eken. Bir kúni biziń klass penen 5 «b» klass arasında eń jaqsı shıǵarma ushın konkurs ótkiziletuǵın boldı. Shıǵarma teması — pidáyılıq. Bul konkurs mektepte úlken dawrıq payda etti. Hámme kimniń jeńimpaz bolǵanın biliwge qushtar. Muǵallimimizge salsa, konkursta men jeńip shıǵıwım kerek. Buǵan onıń isenimi kámil. Men bul shıǵarmaǵa ózimniń bilgenimdi túsiriwge qarar ettim. Anaw-mınaw emes, ózin-ám úsh kún jazdım. Tayar bolǵan soń úydegilerge oqıp berdim. Hámme waqıt dóretpelerim aǵama unaytuǵın edi, lekin bul ret onday bolmadı.

Tiykarında jazǵan shıǵarmamnıń mazmunı tómendegishe.

... Bir balanıń úkesi awır nawqas bolıp qaladı. Bala buǵan qattı qapa bolıp júredi. Qolınan kelse úkesiniń dártine dawa tappaqshı, biraq ilajı joq. Aqırı, oylap-oylap bir sheshimge keledi. Hár kúni keshte tósekke jatar aldınan «Ya alla, óz panayıńda asıra. Úkemniń dártin maǵan ber, men razıman»,—

dep sabırlaytuǵın boladı. Kúnlerden bir kúni ol tús kóredi. Túsinde bádaybat bir dáw «Tilegiń qabıl boldı bala, qáne janıńdı ber», — dep turǵan-mısh. Bala qorqqanınan «Men ólerme jankúyerlik qılmaqshı edim, jańımdı alma», — dep baqırıp jiberedi. Onıń dawısınan anası oyanıp ketedi. «Balam, jaman tús kórdiń be?» — dep onın kórpesin qımtastırıp jabadı, bala taǵı uyqılap qaladı...

Pidayılıqtı túsindire aldım ba? Men bul shıǵarmada pidayılıq ushın arnap islenetuǵın jalǵan pidayılıqqa kúlmekshi edim.

Tórtinshi hám besinshi klass oqıwshıları úlken zalǵa jıynaldı. Muǵallimler de.

Biziń klasımızdan altı bala, al 5 «b» dan bes bala konkursqa qatnasatuǵın boldı. Chek taslandı. Nómerimizdi bilip aldıq. Men segizinshi bolıp shıǵarmanı oqıp berdim. Direktor menen muǵallimlerdiń bet-awzı búriskendey boldı. Demek, unamaǵan. Biraq, zaldaǵı balalar maǵan kóbirek qol shappatladı. Hámme, shıǵarmalar oqıp bolınǵannan keyin, bahalaw ushın muǵallimler basqa bólmege ketti.

Olar shıǵıp ketiw menen zalda shawqım kóterildi. Hárkim qaltasınan rezina rogatka aldı, bir-biri menen atıspa baslandı. Irasın aytsam, sońǵı kúnleri bul — mektepte dástúr bolıp qalǵan edi. Rogatkası joq er balanı tappaysań. Oǵı qaǵazdan; tiygen jerińdi záhárdey ashıtadı. Men ózim bul máselede áwmetsizben, atqan oǵım hesh gózlegen jerime tiymeydi. Hátte, tas ılaqtırıwdı da kelistire almayman. Balalar mudamı meni «Qız balanıń ılaqtırǵanınday», — dep kúlki etedi.

Bir máhál kegirdegim iyne shanıshqanday uw-záhár bolıp ashıp ketti. Jan ashıwı menen qasımdaǵı balanıń rogatkasın tartıp aldım da, asıǵıp-yentigip oqladım. Rezinkanı barınsha sozıp turıp, bir attım. ... Bileseń be, Ziynep, oq kimge tiydi? Usı waqıtları direktor muǵallimlerdi baslap kirip keler me? Gózlegen adamım bir jaqta qalıp, oq tup-tuwrı barıp direktordıń kegirdegine tiydi. Áne, masqarashılıq!

Direktor kegirdegin uslawı menen bizlerge qarap jekirindi:

— Qáne, bul kimniń isi? Kim atqan bolsa buyaqqa shıqsın!

Basım salbırap, endi ornımnan turayın, dep atırǵanımda muǵallimimiz:

— Eger ayıpker ornınan turmasa, hámmeńiz onıń jábirin tartasız. Heshbirińdi bul jerden shıǵarmaymız, — dep doq urdı.

Konkurs qaldı bir jaqta.

— Atqan men edim, — dedim ornımnan turıp.

Direktor betime tigilip qaradı:

— Yaq, atqan sen emesseń!

— Men edim.

— Men adamdı bir qaraǵanda bilemen. Sen ayıpkerge usamaysań. Kórip turıpsań, heshkim ayıptı moynına almay atır. Sonnan keyin doslarıńdı qutqarıw ushın ózińdı gúnakar etip atırsań. Sen bunday tártipsizlik isti islemegenseń.

Al, endi bul gáp meniń qıyalımda da joq edi.

— Óyteǵoyayın degen joq edim, muǵallim... bári tosattan boldı. Basqa adamdı atpaqshı edim, qolımnan shıǵıp ketti.

Direktor ortaǵa shıqtı.

— Mine, balalar, kórdińizler me, pidáyılıqtıń haqıyqıy úlgisi — usı. Óziniń ayıbı bolmasa da dostıńız sizlerdi jazadan qutqarıw ushın ózin pidá etip atır. Onnan órnek alsańız boladı. Dostıńızdıń bul qásiyetli isi ushın sizlerge jaza bermeymen. Gúnańızdı keshirdim. Jazǵan shıǵarması onshelli bolmasa da onı «Usı búgingi konkurstıń jeńimpazı», — dep daǵazalayman.

Qanday awhalǵa túskenimdi bileseń be, Ziynep? Qıyalım alǵaw-dalǵaw bolıp ketti. Gúnakardıń bir zamatta qaharmanǵa aynalıwına ne deyseń? Sonda pidáyılıq penen tentekliktiń arasında parıq bolmaǵanı ma?

Mektep júdá janıma tiyip ketti «Tezirek kitap-dápterden qutılsam», deymen, biraq aǵam ózi oqımaǵan soń bar úmiti mende. Liceydi pitirgenimnen keyin joqarı maǵlıwmat alıwım ushın meni shet elge jibermekshi. Usı máselede aǵam menen apamnıń házir-aq máshabası qaynamaydı. Apama salsa jibergisi kelmeydi, «Saǵınıp qalaman», — deydi.

Saǵan qanday ekenin bilmeymen, al menińshe waqıt dım áste ótip atır. Úlken imtixanǵa qansha kún qalǵanın esaplap turıw ushın ózim qoldan kalendar islep aldım. Kanikullar menen ekshembi kúnlerin esapqa almasaq, imtixan da jaqınlap kiyatır. Solay bolsa da, kúnler dım áste jıljıp ótip atırǵanday.

Saǵan hámme waqıt shadıqorramlıq hám saw-salamatlıq tileymen.

**Axmed Tarbay**

## SENNEN BUNÍ KÚTPEGEN EDIM

*Ankara. 3-dekabr, 1963-jıl.*

*Axmed!*

Maǵan arasın úzbey xat jazıp turǵanıń ushın raxmet. Eń sońǵı xatıńdı oqıp otırıp, «Ilǵıy qızıq waqıyalar saǵan duwshar boladı eken-dá», dep oylap qaldım. Ya sen bulardı óziń qızıq ushın kópsitip jazıp atırsań ba? Hár saparı xatlarıńdı zawıq penen oqıp shıǵaman. Endi men de qolımnan kelgeninshe sennen úyreniwge háreket etejaqpan.

Keshe biziń klasta da bir qızıq waqıya boldı. Tánepiske shıqqanda ábden kúlisip aldıq. Sabaqta onday qıla almadıq, sebebi, muǵallimniń qattı qáhári kelgen edi.

Jáne «Maǵan eliklep, haqıyqattı bórttirip jazıp atır», — dep oylama. Men bolǵan hádiyseni aǵızbay-tamızbay bayanlayman...

Dáslep men seni bul waqıyanıń qaharmanı menen tanıstırıp óteyin.

Klasımızda Ospan degen bala bar. Ózi úlgili oqıwshı. Esaptan júdá bilgish. Hámme nársege puqta. Papkasında hár túrli qálemler júredi: báriniń ushı sup-sulıw etip shıǵarılǵan. «Nege onıń qáleminiń ushı sınbaydı», — dep hayran qalaman. Meniń qolımnan kelmeydi onday. Qálemlerim ózinen-ózi jerge túsip ushı sınıp qala beredi. Kerek waqtında papkamnan bir de ushı pútin qálem taba almayman. Apam «buǵan

da shúkir ete ber», — dep meni jubatadı. Sebebi, óziniń dáwirinde papkasında ushı sınıq qálem de bolmaǵan. Demek, men apama qaraǵanda biraz puqta qusayman.

Ospannıń jazba jumısların aytpaysań ba! Háripleri merwerttey dana-dana bolıp turadı. Jazba jumısınıń hár betin túr qálem menen sulıw etip sızıp shıǵadı. Kórgen adamnıń háwesi keledi. Muǵallim onıń dápterin hámme waqıt bizge úlgi etip kórsetedi. Men hám Ospan qusap sulıw etip jazayın deymen, bári bir, sıya jayılıp, jazǵanlarım was-wayran boladı da júredi.

Sizlerde qanday ekenin bilmeymen, al biziń muǵallim qudaydıń qutlı kúni jazba jumısın ótkeredi. Bul azlıq etkendey, kún aradan úyge sawal-juwap tapsırma beredi. Bularǵa da jazba juwap qaytarıw kerek.

Bir kúni Ospan:

— Muǵallimimiz hámme jazba jumıslardı oqıp shıǵatuǵınına isenbeymen, — dedi.

Men hayran boldım:

— Oqımaytuǵın bolsa nege bizdi hálek qıladı?

— Oqımaytuǵının qalay bileseń? — dedi bir bala Ospanǵa.

— Kórinip turǵan nárse. Mine, esaplap kóreyik, hár kúni bir jazba jumısın ótkere me? Ótkeredi. Kún-ara úyge jazba jumısın tapsıra ma?

— Tapsıradı, — dep bir awızdan ǵawırlastı balalar.

— Al, endi esaplap kóreyik, klasta eliw eki oqıwshımız, demek, muǵallimimiz hár kúni eliw eki shıǵarmanı oqıp shıǵıwı kerek. Bulardan basqa kún-ara úyge tapsırma da beredi. Demek, kúnine jigirma altıdan tuwrı keledi. Bayaǵı eliw ekige jigirma altını qossaq, jetpis segiz boladı. Demek, bir kúnde jetpis segiz dápterdi oqıp shıǵıwı kerek eken. Al, endi aytıń: úyine barıp, biziń jazba jumıslarımızdı qay waqta oqıydı:

— Ózi biledi-dá! Seniń ne jumısıń bar?

— Esaplawǵa kerek: bir minutta qansha shıǵarma oqıydı?

Ospan dárriw esaplap shıqtı. Hámme jazba jumıslardı

oqıp shıǵıw ushın keminde on bir saat waqıt kerek eken. Oqıtıwshımız tań atqansha kirpik qaqpay shıqqanda da buǵan úlgeriwi múmkin emes.

Bunı esitken balalar hayran bolıp qaldı.

— Qáytkende de oqıytuǵın shıǵar-aw, — dedim men únsizlikti buzıp.

— Álbette, bir kóz juwırtıp shıǵadı, — dedi Ospan. — Biraq, hámmesin emes, ayırımların.

Aradan bir-yeki kún ótip edi, qızlardıń birewi maǵan:

— Ospannıń boljawı durıs qusaydı, — dedi. Keyin bir waqıyanı aytıp berdi.

Qurdasımnıń úyi muǵallimniń úyine jaqın eken. Azanda mektepke kiyatırsa birden dawıl turıptı. Qarasa — jerde hár qıylı qaǵazlar shashılıp atırǵan. «Kerek qaǵaz bolıp júrmesin», — dep ol, birewin aladı. Oqıp qarasa óziniń jazba jumısı eken. Ádep hayran boladı. «Búyerge qalay kelip qaldı eken?» — dep átirapına alaqlap qaraydı. Keyin muǵallimniń úyiniń aldındaǵı taslandı qutıǵa kózi túsedi. Qutınıń ishi tolı qaǵaz-emish.

— Isenbeseń, mine kóre ǵoy, — dep ol maǵan qolındaǵı mıjımırlanǵan qaǵazdı kórsetti.

— Tekserip bolǵannan keyin taslaydı-dá. Sandıqqa salıp qoyıwı kerek pe? — dedim men.

Tariyx sabaǵı edi.

— Házir muǵallimdi bir sınap kóremen. Jazba jumıslardı tekserer me, joq pa bilemiz, — dedi Ospan.

Muǵallim hámme sorawlardı taxtaǵa jazdı. Hámmesine jazba túrde juwap beriwimiz kerek. Mine, ol sawallar:

**Dápterkesh, nıshanshı, beylerbeyn, ajami uǵlan[1] dep kimge aytılǵan?**

---

[1] Bular Túrkiya tariyxına baylanıslı atamalar. *Dápterkesh* — wálayattıń finans isleri menen shuǵıllanatuǵın adam. *Nıshanshı* — patshanıń párman, jarlıq hám basqa da qaǵazlarına mór basatuǵın saray xızmetkeri. *Beylerbeyn* — kishi wálayat hákimi. *Ajami uǵlan* — tolıq áskeriy tálim almaǵan nóker (red).

**Sultan Ibrayım dáwirine sıpatlama beriń.**

Tánepiste Ospan ne islegenin aytıp berdl. Gápine qarağanda, ol Sultan Ibrayım dáwirine sıpatlama bergende az ğana tuwrı jazıptı da, qalgánınıń bárin yadınan toqıptı. Keyin Sultan Ibrayımğa bir xat arnaptı. Basına «Tenteklerdiń tentegi bolğan Ibrayım ağa!» — dep jazıptı.

Onnan keyin basqa sawallarğa ótipti. Jazğan juwaplarına qarań:

«*Beylerbeyn* — Bosfor boyındağı bándirginiń atı».

«*Dápterkesh*—dápteri bar adam».

«*Nıshanshı*—mergen degeni». Klasımızdağı Shetin degen balanıń laqabı sonday, biz onı «Soqır mergen» dep shaqıramız. Sebebi, futbol oynasaq dárwaza bir jaqta qaladı da, oi tup-tuwrı terezege qarap tebedi. Sonıń sebebinen mektebimizde bir de kózi pútin ayna qalğan joq».

«*Ajami uğlan*—klasımızdağı Riza degen balanıń nağız ózi. Sirá láńgi oynap bilmeydi. Bárha bizge malaylıq qılıp júrgeni»

Ospannıń sózine onsha isengenimiz joq. Bizdi aldap atırğan bolıwı da múmkin.

Erteńine ol qorqıńqırap júrdi. Bir-yeki kúnge deyin. Muğallim hesh nárse demegennen keyin ózin bastı. Sol-sol eken, ol kóz boyawshılıqqa úyrenip ketti. Aytıwınsha, muğallimniń bir-yeki sorawına tuwrı juwap berdi de, keyninen qıyalına ne kelse sonı jaza beredi eken.

«Ospan bizdi aldap júripti», dep oylaytuğın edik, biraq keshegi waqıyadan keyin hesh gúman qalmadı. Ol bılay boldı. Birinshi sabaqta, klasta otır edik. Azıraqtan keyin muğallimimiz kirdi. Mudamı waqtı xosh bolıp júretuğın adam, búgin qabağınan qar jawıp tur. «Sálem, balalar!» — dedi de qabağın ashpastan ornına barıp otırdı.

— Qáne, Ospan ornıńnan tur!

Ospan ornınan turdı.

— Bermanıraq kel!

Ospan muğallimniń aldına bardı.

— Balalar, esińizde me, men eki kún burın tábiyat sabaģınan jazba jumısın alģan edim, mine házir klaslasıńız Ospan óziniń jazba jumısın oqıp beredi.

Ospan burıshtay qızarıp ketti.

— Qáne, oqıp ber! Ne jazģan bolsań, bárin oqı. Sawalların da qosıp oqı! — dep muģallim dápterin qolına berdi. Ospan nayılaj oqıy basladı.

**Sawal №1.** «Samal» degenimiz ne? Ol qalay payda boladı?

**Juwap.** Hawa ısıģannan keyin onıń kólemi keńeyedi, awırlıģı azayadı, nátiyjede ol joqarı kóteriledi.

— Oqı, oqı, dawamın oqıy ber.

— Joqarı kóterilgen samal... samal...

Ospan gibirtiklep qaiģan edi, muģallim:

— Ne bolıptı samalģa? — dedi baqırıp.

— «Samal «Galatasaray» komandasına kóp kesent berdi. Oyınnıń birinshi yarımında komanda samalģa qarsı oynadı. Lekin, soģan qaramay shıraylı kombinaciyalar islep, úlken sheberlik kórsetti. Oyın júdá jedelli boldı. «Ankarakushi» komandası qarsılaslarınıń hújimine tótepki bere almadı. Nátiyjede, «Galatasaray» bul oyında galatasarayshılar 2 : 1 esabı menen utıp shıqtı.

**Sawal №2.** «Boran» dep nege aytıladı?

**Juwap:** Sekundına jigirma metrden kóp tezlik penen esetuģın samal «boran» dep ataladı. «Galatasaray» komandası «Mitxat — pasha» stadionında haqıyqıy boran turģızdı. Lekin, sudya óz wazıypasın durıs atqara almadı. Miytin ózine umtılģan Shúkirge boranday ámel islegen edi, Shúkir ayaģında tura almay, jıģıldı. Sudya bunıń ushın shtraf berdi. Stadionda otırģan futbol ıshqıpazlarınıń buģan qattı ǵázebi keldi».

Kúlkiden ózlerimizdi zorģa tıyıp otırmız. Ospannıń bolsa dawısı dirildep, jılap jiberiwge sál qalıp tur.

— Bul ne qılģanıń, Ospan?

Ospan muģallimge juwap beriw ornına, júzin teris burdı.

—Men seni «Jaqsı oqıwshı», dep oylap edim. Sennen bunı sırá kútpedim. Bar, ornıńa otır!

—Írasın aytsam, Ospannıń qolǵa túskenine ishimnen quwandım.

—Al, qalay eken? — dedim tánepiste onı mazaqlap.

—Jazba jumıslardı teksere me eken?

—Sol kúni biziń úyge qonaq keldi. Apamnıń qurdası eken. Men onı burın hesh kórmegen edim. Miyman mennen qaysı mektepte, neshinshi klasta oqıytuǵınımdı soradı. Aytıp berdim.

—Muǵallimińiz meniń jaqın dostım boladı,—dedi ol maǵan. Keyin apama qarap qızıq bir waqıya aytıp berdi:

—Keshe «Kórip óteyin», dep onıń úyine barıp edim, tamasha boldı. Stolınıń ústinde bir qushaq qaǵaz úyilip tur eken. «Mınaw ne?» dep, sorasam, «woqıwshılardıń jazba jumısı», — deydi. «Sonsha jazbanı qay waqta oqıp shıǵasań, úlgermeyseń-ǵo», dep hayran boldım. «Ájayıp oqıwshılarım bar, birewiniń dápterin bereyin, oqıp shıǵasań ba?»—dedi. Tańlap-tańlap birewin áperdi. Balanıń qoltańbası sulıw eken, temalarınıń astın túr qálem menen sızıp shıǵıptı. Áhmiyetli sózlerdiń astı da sızılǵan. Jazba jumıs samal haqqında eken. Azǵantay oqıǵanım sol, awzım ashılıp qalıptı. Balası túspey samaldı túsindirip beriw ornına «Galatasaray—Ankara kúshi yip» komandaları arasında futbol oyının táriyiplepti. Ishek silesi qatıp kúlgenime dostım hayran boldı. Nege kúl atırǵanımdı soradı. Jazba jumıstı ózine berdim. Oqıp kórip tóbe shashı tik turıp ketti. «Men onı jaqsı oqıwshım dep júrippen, bunday qıladı dep oylaǵan joq edim»,—dedi.

—Ospan haq bolıp shıqtı. Írasın aytsam, men de muǵallimnen bunı kútpegen edim. Qattı kewlim qaldı.

—Mine, bolǵan waqıyanıń hámmesin jazdım.

—Saw bol, qádirdan dostım Axmed. Tez-tez xat jazıp tur. Klaslas doslarımnıń da xabarın ayt. Xatıńdı kútemen.

**Ziynep Yal...**

## HÚJDAN AZABÍ

*Stambul. 7-dekabr, 1963-jıl.*

*Zeynep!*

Men ne jazsam sonı maqtay beretuǵın boldıń. Bunıń menen sen meni ele de jaqsıraq jazıwǵa talaplandırıp atırsań. Jaqsı sózleriń ushın raxmet. Esińde me, bir xatıńda «Sen udayı kúldiretuǵın waqıyalardı jazasań», degen ediń. Bul retkisi — kúlkiden awlaq, júrekti ezip jiberetuǵın hádiyse. Waqıyanı muǵallimniń ózinen esittik. Bizlerge júdá tásir etti.

Anaw kúni Xuseyin kitaptan bir temanı oqıp atır edi, ishinde «Hújdan azabı» degenniń ne ekenin túsindirip berdi.

— Endi usıǵan mısal keltiremiz, — dedi.

Jasardıń qanday bala ekenin óziń bileseń. Házir de eń keyingi partada otıradı. Qıyalı sabaqta emes, basqa jaqta. Birese qaltasındaǵı markalardı sanap otıradı, birese súwret qaraydı. Muǵallim kútpegende Jasardı doskaǵa shaqırqı.

— Qáne, Jasar, sen aytıp ber, húјdan azabına ushıraǵanbısań?

Ol muǵallimniń aldınǵı gáplerin hesh esitken joq. Sebebi, oyın menen bánt edi. Sonda da, ol— sum bala: «Awa desem utılaman, yaq desem qutılaman» dep oyladı da:

— Yaq, muǵallim, heshqashan hújdan azabına ushıraǵanım joq, — dedi...

— Hesh hújdan azabın shekpegenbiseń?

— Hesh muǵallim.

— Men aytayın, muǵallim, maǵan sóz beriń,—dedi Narsha qol kóterip.

— Qáne, Narsha, sen aytıp bere ǵoy. Neshe márte hújdan azabın shektiń? Qanday waqıya sebepli?

— Hújdan azabına kóp ushıraǵanman, — dedi Narsha kóterip.

— Ayt, esiteyik.

— Qaysısın aytıp bereyin?

Klastaǵılar kúlip jiberdi. Narsha waqıttan utpaqshı edi-dá! Muǵallimimiz-ám mıyıǵınan kúldi.

— Hújdanıń júdá kóp azap shekken eken-dá! Ózińe maqul túskenin aytıp bere ǵoy.

Narsha qádimgi ádetinshe gápti sozban qıldı. Eń aqırında:

— «Úlkenge izzet, kishige húrmet kórsetiw kerek», — dep tamamladı.

Onıń násiyatpaz sózi muǵallimdi de qızıqtırdı.

—Xosh, onnan keyin-she?—dedi ol Narshanı jáne de hawlıqtırıp.

— Bir hayal balasına sol gápti aytıp turǵan eken, tosattan esik tıqıldaptı. Bayaǵı hayal terezeden qarasa — qáyin atası eken. Balasın shaqırıp, «bar atań keldi, esikti ash, men sorasa, úyde bar ekenimdi, aytpa, — depti. Bala juwırıp barıp esikti ashıptı, keyin, «Ata, úyde apam joq, bazarǵa ketti», — depti. Bunı esitken ǵarrı aqlıǵına «Apańa ayt, balam, bazarǵa ketse basın terezeniń aldına qoyıp ketpesin, — depti de izine aylanıp kete beripti.

Narsha gápin tamamlap, suwıq demin aldı.

— Bul gáptiń saǵan baylanısı bar ma?

— Joq. Men bunı bir jurnalda oqıǵan edim.

— Onday bolsa bunıń saǵan ne qatnası bar?

— Maǵan emes, sol balanıń anasına qatnası bar. Hújdan azabın sol hayal shekken.

Muǵallimimiz hámmemizden bir qaytara sorap shıqtı. Málim bolıwınsha aramızda heshkim hújdan azabına ushıra-maǵan eken. Hámme basqa birewlerdi mısal etip kórsetti.

—Demek, sizler ele hújdan azabınıń ne ekenligin bilmeydi ekensiz,—dedi sawal-juwaptan keyin.

—Kimdur naqolay is islep qoyıp, keyin ózi pushayman etse, áne sol hújdan azabı boladı. Onıń bul natuwrı isi kimgedur awır batıwı kerek.

Muǵallim bir zaman qıyal súrip turdı da, keyin qosıp qoydı:

— Házir men sizlerge waqıya aytıp beremen, hújdan azabı ushın ol tipik mısal boladı.

Hámmemiz tım-tırıs boldıq.

— Ol waqıtları biz liceyde oqıytuǵın edik. Direktorımız júdá qatal adam edi. Oqıwdı baslaǵanımızǵa jańa eki-úsh kún edi. Klasımızda jańa oqıwshı payda boldı. Basqa mektepten kelgen eken. Ele onıń atın da bilmeymiz. Ol mudamı bir qolın shalbarınıń kisesine salıp júretuǵın edi. Ele durısıraq tanısıp almaǵannan keyin nege óytip júretuǵının da soramaǵanbız.

Bir kúni úlken tánepiste licey sharbaǵında oynap júrip edik, direktor kelip qaldı. Taza balanı kórip qalǵan qusaydı, dárhal onı shaqırdı. Bala juwırıp janına bardı. Keliwin keldi-di, biraq qolın kisesinen shıǵarmadı.

Oyın qashshan toqtadı. Balanıń qolı — ele qaltasında. Hámmemiz qáweterlenip turmız. Sebebi, direktordıń qanday qatal minez ekenin bilemiz.

— Nege qolıńdı kiseńe suǵıp tursań? — dep jekirindi ol.

Taza bala basın tómen salıwı menen dım úndemey tura berdi.

— Shıǵar qolıńdı!

— Direktor qattı aybat penen baqırdı. Bala mıńq etpedi.

— Gereńbiseń! Saǵan aytıp atırman!

— Esittim, — dep bala zorǵa juwap qaytardı.

— Esitken bolsań nege sárreyip tursań? Shıǵar qolıńdı!

Bala ásten basın kóterip, átirapında turǵan balalarǵa, ań qarsı aldındaǵı direktorǵa telmirip qaradı. Lekin, qolın kisesinen almadı.

— Aytqan gápti tıńla deymen men saǵan!

Qanı qaynap ketken direktor balanıń shekesine aldırıp berdi. Bala gúmp etip jıǵıldı. Shalbardıń kisesine tıǵılǵan ...ep jeńi salbırap, qaptalına tústi.

Balanıń bir qolı joq eken! Óziniń kemisligin bildirmew ushın mudamı bir jeńin qaltasına suǵıp júrgen.

Direktordıń kózine jas aylandı. Jerge eńkeyip balanı qolınan turǵızdı.

—Balam-aw, sonı aldınıraq aytsań boladı ǵoy,—ded kewli bosasıp. Soń onı qoltıǵınan uslap, óziniń bólmesine alıp ketti.

Sol kúngi waqıyadan keyin onı qaytıp kórmedik. Bala biyshara qaytıp mektep bosaǵasın atlamadı. Direktor onın úyine barıp, ózinen hám ata-anasınan keshirim soradı. «Mektepke qaytıp kelsin, ózim oǵan kózqulaq bolıp júreyin» —dep jalındı, bári bir bala sol ketisten qaytıp qarasın kórsetpedi.

Muǵallim gúrrińin tawısqansha klass ishi suw serpkendey tıp-tınısh boldı. Hámmeni awır qıyallar biylep aldı.

Tánepiske qońıraw qaǵıldı.

— Sol waqıyadan keyingi licey direktorınıń shekken azab áne sonday azap boladı, — dedi muǵallim shıǵıp baratırıp.

—Muǵallimniń ózi de basqa adamnıń shekken hújdan azabın aytıp berdi ǵoy, — dedi Narsha az-maz ózine kelgen nen keyin.

Júdá tuwrı. Muǵallimniń ózi de bizge qusap, birewlerdi tartqan hújdan azabın aytıp bergen edi.

Gáptiń seydinin Jasar ayttı:

—Másele ráwshan, balalar. «Hújdan azabı» degen nárs iyesiniń esińde turmaydı eken. Hámme birewlerdikin aytıp júredi.

Erteńine Damir taza gáp tawıp keldi.

—Men bunı aǵamnan soradım,—dedi ol.—Ol aytt «Balalarda hújdan azabı bolmaydı. Sebebi, balalar el báláátke jetpegen». Hújdanǵa tuwrı kelmeytuǵın is úlkenlerd boladı eken.

Bilemen, eń durıs gáp usı. Seniń pikiriń qalay? Usıǵa qosılasań ba?

Hár kúni oqıwdan keliwden apamnan «Maǵan xat ba ma?» —dep sorayman. Meni quwandırmaqshı bolsań tezire juwap jaz. Jaqsı kúnler joldas bolsın saǵan, Ziynep!

**Axmed Tarba**

## SEGIZ QİZDİŃ ATASİ

*Ankara. 10-dekabr, 1963-jıl.*

*Axmed!*

7-dekabrde jazǵan xatıńdı aldım. Muǵalimiñiz júdá ǵam-ǵin waqıyanı aytıp bergen eken. Direktordan shapalaq jep, jerde sozılıp jatqan nárenjan bala ele kóz aldımda turıptı. Sonday júregim ezilip ketti...

Klasımızda Hikmet degen bir qız bar. Sol qurdasım jaqında maǵan bir gáp aytqan edi. «Sonı saǵan jazsam ba, jazbasam ba eken?»—dep kóp oylandım. Aqırı, onıń aytqanların xatqa salıwǵa qarar ettim. Sebebi, Hikmet «Bul gápti klasta heshkim bilmesin»,— degen edi. Men de házirge shekem heshkimge aytqanım joq, sır saqlap júrippen. Sen Hikmetti tanımaysań, sonıń ushın bul waqıyanı saǵan aytqan menen lebizimdi jutqan bolmayman, solay emes pe?

Men buniń menen qurdasımdı ǵıybatlamaqshı emespen. Másele júdá oylandırarlıq, sonıń ushın seniń pikirińdi bilgim kelip tur.

Mektepke jańa kelgen kúnlerim Hikmetke onsha itibar bermegen ekenmen. Biyazar ǵana júretuǵın, kem sózli qız edi. Ádep men onı «Er bala shıǵar», dep edim. Kórgen adam qaraǵanda da solay oylaydı. Ul balaǵa uqsap kiyinip júredi, shashları da kelte etip qırqılǵan. Ózi adam jatırqaydı, tánepis kezinde ya balalar, ya qızlarǵa qosılmaydı. Kim ekenin atına qarap ayırıw da qıyın: «Hikmet» degen isim ul balalarda da, qızlarda da bar.

Fizikalıq tárbiya sabaǵı bolıp atır edi. Muǵallim oqıwshılardı eki topqa bóldi: qızlar — bir tamanda, balalar — bir tamanda. Hikmet qızlar tárepine barıp turdı. Ádep túsine almay hayran boldım. Sonda bildim onıń qız ekenin. Oǵan júdá qızıǵıp qaldım.

Bir kúni ol oqıwǵa júdá qapa bolıp keldi. Sebebin sorasam aytpadı. Júdá qoymaǵannan keyin, aqırı:

— Írasın aytsam, men de bar gápti aytıp, sál jeńil tartqı
keledi, — dedi ol. — Lekin, hámmeniń awzında gáp bolıwda
qorqaman.

Men heshkimge aytpawǵa lebiz ettim. Sonnan key
ǵana ol bar dártin tógip saldı.

... Olar bir atadan segiz perzent eken. Hámmesi q
emish.

Hikmetti geyde mektepke ózinen úlkenirek bir bala al
keletuǵın edi. Men onı «Ájaǵası shıǵar», dep oylap júrdim.

— Bolmasa, ol bala seniń kimiń? — dep soradım onnan.

— Ájapam-ǵo. Kiyimine qarap hámme onı «Bala shıǵar
dep oylaydı.

Hámme ájapaları da sonday bolıp kiyinip júredi eke
Sebebin sorasam:

— Aǵam sóytip júrgenimizdi qáleydi?, — dedi.

— Onıń ne ayıbı bar? Endi soǵan da qapa bolasań ba?

Sózine qaraǵanda, ákesi ul perzent kóriwdi árm
etedi eken. Tuńǵıshı qız bolıp tuwılǵanda júdá qapa bolıp
«Meyli, keyingisi ul bolar» — dep jubatıptı ózin. Hátte, ırı
qılıp, náreste tuwılmastan burın ismin qıyalınan ótkizip
Oyına túygeni er balanıń atı eken. Tilegi bolmay, ekinshi
de qız bolıp tuwılıptı. Ákesi birneshe háptege deyin sor
ǵanǵa juwap bermey, gúń bolıp júripti. Tanıs-bilisleri «Qa
bolma, ele jassań, endigisi ul bolar»,—dese, «Onısı d
qız bolsa neǵılaman», dep ishinen kúyinedi eken. Já
perzent kóretuǵın bolıptı. «Úshewi qatarına qız bolmas»,
depti ózinshe. Ákesi usı úmit penen jáne er balanıń at
qayımlastırıp júripti. Ózine isengeni sonsha, hayalın tuw
úyine jiberiwden aǵayin-tuwısqanların úyine shaqırıp, zıyap
beripti. Ol áyne qızǵan waqtında tuwıw úyinen qońıraw etil
jáne qızlı bolǵanın xabarlaptı. Bunı esitkennen keyin ábd
hushtan kete jazlaptı. Biraq, namıs degen qıyın ǵoy beq
etip, miymanlarǵa sır bermepti. Hámmege «Ullı boldım
—dep esittiripti. Hayalı menen qızlarına aybat shegip, hes
kimge aytıp qoymawın tapsırıptı.

Ul kóriwdi arzıw etken ata, aqırı oylap-oylap hayalınan ajırasıwǵa qarar etipti. Ol «Bunısı ul tuwmaytuǵın qıylınan eken»— dep oylap, jiberip basqasına úylenipti. Táǵdirdiń qısmına qarań jańa túsken kelinshek egizek qız tuwıptı. Aldınǵı hayalı basqa kisige turmısqa shıqqan eken, arıslanday ul tuwıptı. «Aqmaq ekenmen, hayalım endi ul tuwayın dep turǵanda ajırasıppan-dá»,—dep bayǵustıń ishinen qan ótiptl.

Ul kóriw dártine kúyip júrgen áke bes qızlı bolǵanına namısı keliptl. «Endi ne qılaman, aǵayin-tuwǵannıń júzine qalay qarayman», degen ándiyshe menen, ózge jurtlarǵa basın alıp kelipti. Aradan biraz waqıt ótkennen keyin qaytıp kelip, ekinshi hayalın da talaq etipti.

Hikmet bul sózlerdi basqalardan esitken eken, maǵan da tap sonday etip aytıp berdi.

Ul kóriwdi árman etken bul bayǵus, endi bir jesir hayalǵa úylenipti. Jesir burın úsh ullı boiǵan eken. Sonıń ushın onı «ul tuwıwdıń jón-josaǵın biletuǵın bolsa kerek», dep oylaptı.

Kernay-sırnay sherttirip, toy beripti. Áke jáne bir er balanıń ismin qayımlastırıp, hayalın tuwıw úyine jóneltipti. Bul rette de ol aǵayın-tuwǵanlarına zıyapat beripti. Yarım aqshamda nátiyje málim bolıptı. Taǵı da sır bermey miymanlarǵa:

— Erkektiń qorazına qoraz múnásip-tá!—depti. Lekin, sol waqıtları bayǵustıń ishi qara tútin eken.

Qurdasım Hikmet solayınsha dúnyaǵa kelipti.

Altınshı da qız bolǵannan keyin, naylaj keyingisinen úmit etipti. Mańlayı ashılmaǵan sorlı jáne pánt jepti. Sonnan keyin hayalı biraz waqıtqa deyin tuwmaptı. Kúyewi «Endi jiberemen», dep júrgende hayaldıń taǵı da ayaǵı awırlasıptı.

— Jáne qız tuwatuǵın bolsań, usı jerden tuwrı tórkiniñe kete bar, — depti kúyewi oǵan tuwıw úyinde.

Hikmettiń anası da «Ilayım ul bolǵay», — dep zar-zar jılaǵan eken, átteń tilegi qabıl bolmaptı. Jáne qız! Bunısına Bunıd degen isim tańlap qoyǵan eken. Bul isim ulǵa da, qızǵa da bola beredi.

Hikmettiń anası tuwıw úyiniń bas medsestrasına barlı awhaldı túsindiripti. «Nabada kúyewim telefon etse, q ekenin aytpa», — depti.

— Súyinshi bere beriń, ullı boldıńız, — depti medsestr kúyewine.

Bası aspanǵa jetken ata ókpesin qolına alıp, tuwıw úyin juwırıptı.

— Qáne, qáne, azamat ulımdı bir kóreyin, — dep turı alǵan eken, qundaqlanǵan náresteni kórsetipti.

— Úsh ayǵa deyin úyimiz toyxana boldı, — dedi Hikme sózin dawam etip. Aǵam hámiyshe náresteni «Shaxzadam» — dep shaqıratuǵın edi. Malikaǵa — kúnde hár qıylı sawǵala Biz de úyde arqayın júre basladıq. Qız bolıp tuwılǵanımızǵ tabalawdan qutıldıq. «Aǵamız Suadtı jalańash halında kóri qoymaǵay», — dep kúnde mıń ólip-tirilemiz. Aǵam keleme degenshe anam onı juwındırıp, sılap, tarap qundaqla qoyadı. Ózi barda hesh shomıldırmaymız. Bir kún emes, b kún sırdıń áshkara bolatuǵının sezer edik, biraq sol kún qoldan kelgeninshe keyinirekke sozǵımız keledi. «Oǵan deyi aǵam biraz táwbege keler», dep oylaymız.

Aǵam ishińkirep kelgen kúnleri, «Hámmeń meniń balamna aylanıp-tolǵanıń», dep turıp aladı. Keyin, «Shaxzadamdı ózi shomıldıraman», — dep shataq saladı. Sonnan apam «Ó ayazlańqırap turıptı, jańa ǵana qundaqladım», — dep zorǵ kóndiretuǵın edi. Al, usınnan eki kún burın úyimizde qıyamet qayım boldı. Hámmemiz uyqılap atır edik. Aǵam dawısını barınsha baqıradı, apam bolsa eńiz-teńiz jılap otır. Aqsha aǵam Suadtıń qız ekenligin bilip qoyıptı. Nárestenin ayaǵına kóterip alıptı. «Usı ma ul bala? Meni nege aldaysız?» — de súyrelekleydi. Suad bolsa shırqırap jılaydı.

Aqırı, aǵam náresteni apama qarap ılaqtırıp jiberdi.

— Joǵalıń kózimnen! Meni shalqama salıpsız... Essiz ǵan shashqan dúnyalarım... Shıǵıń úyimnen!

Aǵam bizlerdi úyden quwıp shıǵardı. Qońsınıń úyind túnedik.

Hikmet ókirip jılap jiberdi. Endi aǵası menen apası ...aatlıǵın qusaydı. Izbe-iz segiz qızlı bolǵan ataǵa ádep ...nnen kúldim, keyin Hikmetke qosılıp men de jılap aldım.

Sol kúni mektepten kelgennen keyin apamdı sorawǵa ...tım:

Apa, ájapam tuwılǵanda aǵam quwandı ma?

— Álbette.

— Men tuwılǵanda-she? Onda da quwandı ma?

Apam jekirinip jiberdi:

— Kóp sandalay berme, bar talabıńdı isle!

Men onı jónine qoymadım.

— Apa, aytsa, aǵam meniń tuwılǵanımdı esitip qapa boldı ..., joq pa?

— «Usınısı ul boladı», dep oylaǵan edi.

— Miytin tuwılǵanda júdá quwanǵan shıǵar ya?

Awa. Ózin qoyarǵa jer tappay, jora-joldasların shaqırıp, ...ken ziyapat berdi.

— Sonnan Miytinniń ornına taǵı qız bolıp tuwılǵanda ne ...lar edi?

— Qáydem.

— Aǵam «Ul bolsın», dep turıp alar ma edi?

— Kim biledi... Sóytse sóyter... Nege búytip izime túse ...aldıń?

— Ózim, solayınsha-aq.

Tamaǵıma bir nárse kelip tıǵılıp qalǵanday boldı, dárhal ...ırqa shıǵıp kettim.

Hikmettiń basınan ótken waqıya meni ábden oyǵa ...ımandırdı. Sonnan beri bir oy maǵan tınıshlıq bermeydi: ...sh, baxıtsız adam qız bolıp tuwıladı da, mańlayı ashılǵan ...dam ul bolıp tuwıla ma?

Bul tuwrısında sen qanday pikirdeseń? Seniń oyıńdı bilgim ...kell.

Apam baǵanadan beri «Jat endi, kesh bolıp ketti», — ...ep qoymay atır. Waqıt ta biraz bolıp qalǵan qusaydı. Meyli,

jatsam jataǵoyayın. Erteń mektepten kiyatırıp xattı qutıǵ
taslayman.

Saw bol, dostım Axmed.

**Ziynep Yalq**

## ELE JASLİQ ETESEŃ

*Stambul. 14-dekabr, 1963-j*

*Ziynep!*

Xatıńdı oqıp otırıp ya jılarımdı, ya kúlerimdi bilmedim. Qurdasıń Hikmetti qattı ayadım. Ol biysharanıń halı qal keshedi endi? Úyińde bir jańalıq bolsa maǵan dárhal ja bileyin.

«Baxıt» degen nárseniń ul yaki qız bolıp tuwılıwǵa bayl nıslı bolatuǵının burın qıyalıma da keltirmegen ekenme Sonıń ushın aǵamnan pikir soradım. Aǵam bunı maǵ uzaq waqıt túsindirdi. Gápiniń toqeteri mınaw edi: ekewin arasında heshqanday panq joq dúnya ózi er hám hayallard quralǵan.

— Durıs aytasız, aǵa, — dedim men, — lekin, siz qız bo tuwılǵıńız keler me edi?

Aǵam baqırıp jiberdi.

—Onday wájsiz gápti aytpa!

Oǵan nesine ashıwı keledi, bilmeymen, tap bir en qaytadan tuwılayın dep atırǵanday!

Usı sorawdı apamnan da soradım.

—Qáne, endi erkek bolıp tuwılsam,—dedi apam suw demin alıp.

Keshe muǵallimimiz bizlerdi muzeyge apardı. Qaytar onnan da usını soradım.

—Bunı nege sorap atırsań?—dedi ol hayran bolıp.

Men boiǵan hádiyseniń bárin aytıp berdim.

— Bul úlkenlerdiń isi, — dedi muǵallim. — Sen ele oǵ túsinbeyseń. Aytpa onday gápti.

Usınday gápti esitsem jıǵırdanım qaynaydı. «Bizdi hesh nársege túsinbeydi», — dep oylaydı kisiler.

Bir kúni úyde qızıq boldı. Úkem bir nársege túsinbey aǵamnan soradı.

— Sen ele jassań, — dedi aǵam oǵan, — bunday nársege túsinbeyseń.

— Siz túsindirip kóriń, bálkim uǵıp qalarman,—dedi úkem. Aǵam onıń usı gápin ele qayta-qayta ayta beredi.

Men bir nársege hayranman: úlken adamlar bir nárseni túsindirip beriwdiń ornına nege bárha «Sen ele jassań, túsinbeyseń», — dey beredi eken?

Jaqında qızıq boldı. Tıńla, aytıp beremen.

Apam úkemdi ertip qońsılardıń úyine barıptı. Barsa gileń hayallar jıynalısıp otırǵan eken. Solardıń birewi hámiledar eken-dá, biraq bala tuwǵısı kelmeytuǵın qusaydı. Hámme qatın óz bilgeninshe aqıl beripti. Úkem olardıń gápin esitirmey bir múyeshte otırǵan eken, bir hayal onı kórip, «Hay, abısın, jas bala bar, esitip qalmasın», —depti, «Jas bala neniń parqına baratuǵın edi», —depti taǵı birewi. Bul sóz úkeme qattı batıptı; oyınshıqların qozǵap otırǵan bolıp, barlıq gápti esitip alıptı. Keyin bilsek, ol hámme nárseniń barın túsinetuǵının kórsetetuǵın payıttı kútip júrgen eken. Bir kúni úyge qonaqlar kelip edi, úkem otırǵan hayallardıń birine qarap:

— Apa, hámiledar ekensiz ǵoy?—dedi.

— Awa, balam, — dedi jańaǵı hayal qısınıp.

— Endi tuwasız ba?

Aǵam menen apam biri-birine qaradı. Úkem bolsa hámme nársege aqılı jetetuǵının ábden tanıtqısı kelip, sirá qoyar emes:

— Bir ishi úlken hayaldı kórip edim, hámiledar, biraq «tuwmayman», deydi. Solay emes pe, apa?

Apam qıp-qızıl bolıp ketti.

Bul qolaysızlıqtan qutılıw ushın kisiler gápti basqa jaqqa burıp alır, biraq úkemniń sirá jaǵı tınbaydı. Esitken gápleriniń bárin aǵıttı:

— Qoya ǵoy, bolar endi,—dedi apam jekirinip.

Úkem qoyatuǵın emes. Qonaqlar balanıń kewli ushı kúlgen bolıp atır. Aqırı, apam onıń qulaǵınan tartıp, tór jayǵa alıp ketti.

—He, túsinbey me ekenmen?—deydi úkem jılap júrip. — Nege meni hesh nársege túsinbeydi deysiz?

Apam úkemdi óldim-azarda jubatıp qaytıp keldi.

—Usı zamannıń balalarına hayransań,—dedi baǵana hayaldıń kúyewi, — hámme nárseni bilip baratır.

Men burınıraq shıǵıp ketip edim. Biraq, úkemniń u qılıǵına ishimnen quwandım.

Sabaq waqtında muǵallimimiz meniń ne oylap otırǵanım sezgendey:

—Elimiz «respublika» dep já????????: endi erler mene hayallar teń huqıqlı boldı. Ortada heshqanday parıq joq — dedi.

Bul gáp Jasardıń erkeklik namısına qattı battı.

—Dım parıq joq pa?

—Dım.

—İras pa?

—Awa, deymen,—dep jekirindi muǵallim.

—Onda nege «Hayal-qızlardıń huqıqın qorǵawshı jámiyet dúzilgen. Nege erkeklerdiki joq. Apam—sol jámiyettiń aǵzası.

Narsha túsinbey-aq qaptaldan gáp qostı.

—Haywanatlardı qorǵaw jámiyeti de bar...

Úyge qaytıp kiyatırıp ta usı máselede sóylesip keldik.

Keshki awqattan keyin aǵam gazeta oqıp otır edi. xabarlandırıwǵa kózim tústi. Jańa kazino[1] ashılıptı. Striptizge túsetuǵın jalańash hayallardıń súwreti kórsetilgen.

---

[1] *Kazino* — aqshaǵa oynap, kewil kóteriw ushın barlıq qolaylılıqlar (ruletka h.t.b.) jaratılǵan jay (red.)

[2] *Striptiz* — (anglishansha:—strip—sheshinip taslaw + tease — kózdi qızdırıw) — estradalıq tamasha. Buǵan qatnasqan qızlar lipasların tır-jalańash qalǵansha sheship bara beredi (red.)

— Aǵa, erkekler nege striptiz oynamaydı?
Aǵam gazetanı atıp urıp, maǵan bejireyip qaradı:
— Deniń saw ma, balam? Erkek kisi striptiz oynap jin urıp pa?
— Muǵallim búgin «Erkekler menen hayallar teń huqıqlı boldı», dedi-ǵo. Huqıq teń bolǵannan keyin erkekler de oynawı kerek-tá!
— Erkektiń jolı basqa boladı, balam. Qalay degen menen erkektiń hayaldan ayırması bolıwı kerek.
— Aytpa sirá, — dedi tigip otırǵan apam. — Erkekler túni menen kóshe gezip júrse de heshkim heshteńe demeydi. Usını hayallar isler me edi... Duw-duw gáp boladı. Tuwrı emes pe sol?
Olar kóp waqıtqa deyin pikir talastırıp otırdı.
Maǵan bergen sawalıń haqqında kóp oylandım. Biraq, oy túbine jete almadım. Kimnen sorasam da ujıbatlı hesh nárse aytpaydı. Menińshe, hayaldıń da, erkektiń de ózine ılayıq baxtı bar. Tariyxta júdá aqıllı, dana hayallar ótken. Eger solardan «Erkek bolıp tuwılıwdı qáier me edińiz?»—dep soraǵanda ne dep juwap berer edi? Shaması, «Yaq, qálemeymen», — deytuǵın shıǵar? Ul yaki qız bolıp tuwılıwdıń hesh áhmiyeti joq. Eń baslısı — hárkim óziniń islegen isinen minnetdar bolıw — áne, baxıt sonda.
Sizge shın kewilden tabıslar tileymen.

**Axmed Tarbay**

## OMÍRTQA SÚYEGI

*Stambul. 22-dekabr, 1963-jıl.*

*Dostım Ziynep!*
Sennen eki-úsh kúnge qalmay xat alıwǵa úyrenip ketken ekenmen. Hár kúni pochtanı kútemen. Oqıwdan kele sala «Maǵan xat-xabar joq pa?»—dep apamnan da sorayman. Sennen xat kelmese ózimdi qoyarǵa jer tappayman. Burın maǵan xat salıp jibergennen keyin tórtinshi ya besinshi kúni

xat alatuǵın edim. Mine, búgin toǵız kún boldı, ele senne juwap joq. Qáweterlenip, juwabıńdı kútpesten, taǵı xat jazıp otırman.

Saǵan ádepki xattı salıp jibergen kúnniń erteńine klası mızda qızıq bir gáp boldı.

Anatomiya sabaǵın ótip atır edik, direktor bir kisini ertip kirip keldi. Bilsek, inspektor eken. Ol muǵallim menen azıraq sóylesip alǵannan keyin Uwız degen balanı ornınan turǵızdı. Onı tanımaysań, sennen keyin keldi. Burın Tashrada jasaǵan eken, Stambulǵa jaqında kóshken. Mektepke dáslepki kelgen kúni-aq oǵan razı boldıq. Nege ekenin bileseń be? Sonday shaqqan eken, naǵız maymıldıń ózi! Biraq, biysharanıń ázz tamanı da bar eken — tutlıǵıp sóyleydi. Ádepki kúnleri balala onıń nuqsanın betine basıp, kúlip júrdi. Uwızdıń oǵan bas aylanbadı. Shaması, esitip-esitip qulaǵı úyrenisip ketken qusaydı. Balalar sonnan keyin qoydı. Ashıwın keltire almasa ne qıladı?

Bir kúni tánepiste sharbaqta oynap júr edik:

—Kim b-b-burın t-t-terekke ó-ó-órmelegeyli, sh-sh-shaq qanıńız b-b bar ma? — dedi Uwız.

Usı gáptiń ózin bes-altı márte bógelip, zorǵa ayttı. Hámme meni kórsetti. Tutlıqpa bala menen jarısqım kelmey, kelisim bermedim. Keyin oylasam, tuwrı islegen ekenmen.

Shıńǵıs juwırıp shıqtı.

— Sen tutlıǵıp bir márte minip-túsemen degenshe men — on márte, — dedi ol.

Sharbaqtaǵı kashtan teregin bileseń-ǵo. Sonıń tómeninde shege menen uzın sızıq sızdıq. Uwız benen Shıńǵıs ekewi juwırıp barıwı menen kashtanǵa jabıstı. Shıńǵıs ayaǵın kóteremen, dep qorbańlap júrgende-aq, Uwızdıń qarası kórinbey ketti. Bir waqıtları terektiń tóbesi shıtırladı. Qarasaq, Uwız qashshan kashtannıń eń usha basındaǵı shaqada otır. Tutlıǵıp bir nárselerdi aytadı. Ádep túsinbedik. Keyin bilsek:

— He, Shıńǵıs kashtan júdá jaǵıp qaldı ma, jabısıp alıpsań ǵoy, — dep atır eken.

Shınǵıs eplep joqarı kóterilgen boldı, biraq, kóterilgeni ne bolsın, jarı jolǵa barıp, arman júriwge júregi dawamay tıp qaldı. Uwız ábjillik penen sırǵanap qaytıp tústi.

— Qáne, j-j-j- jáne shaqqanıńız b-b-b- bar ma? Kim meniń menen b-b-b-b-básekilesedi? — dedi ol bizlerge birim birim qarap. Heshkim úndemedi. Sonnan baslap onıń abırayı ósip ketti.

Miyne Uwızdıń arqasındaǵı partada otıradı. Sonday shaqqan balaǵa jaqın otırǵanına ol más.

Uwız eki kún sabaqqa kelmey qaldı. Awırıp qalǵan eken.

— Uwız nege tutlıǵıp sóyleydi, bilesiz be? — dedi Miyne ol kelmey qalǵan kúnniń erteńine.

Biz qızıǵıp onıń sebebin soradıq.

— Maǵan ózi aytıp berdi, — dedi ol bul sırdı tek ózi bilgenine maqtanıp. — Kishkentay waqtında aǵası onı kóp urar eken. Qorqqanınan tutlıqpa bolıp qalıptı. Ózi sóydedi. Men terekke qalay tez órmeleytuǵınınıń sırın aytıp bereyin be?

— Ayt, ayt.

— Aǵasınıń ashıwı keliwden ol dárriw qashıp ketedi. Keyin ol onı qolına tayaq alıp quwadı. Uwız qoiǵa túspew ushın terektiń usha basına shıǵıp ketedi eken. Úlken adamdı kótermeytuǵın jińishke shaqalar onıń janın saqlap qaladı. Solay júrip ol terekke tez órmelewdi úyrenip alıptı.

Mine, inspektordıń aldında túrgelip turǵan Uwız — sol. Qabırǵada úsh diagramma qıstırıwlı tur: adamnıń skeleti, bas miyi hám asqazan organları.

— Mınanıń atı ne? — dedi inspektor skelettiń bir jerin kórsetip.

Uwız juwap bermedi.

— Bul súyek ne dep ataladı?

Ol úndemey tura berdi.

— Omıraw súyegi, — dep sıbırladı onıń artında otıratuǵın Miyne.

— Om... omıraw súyegi.

— Al, mınawsı ne?

Inspektordıń bul sorawına Uwız albırap qaldı. «Jańılısqa ekenmen, omıraw súyegin endi sorap atırǵan qusaydı», dep oyladı.

— Omıraw, s-s-súyegi, — dep juwap berdi jáne.

Inspektor skelettiń dize buwının kórsetti.

— Al, mınaw-she?

Uwız pútkilley tutlıǵıp qaldı.

— O-o-omıraw súyegi.

— Al, mınaw-ne?! — dedi inspektordıń ǵázebi qaynap. endi ekinshi skelettegi moyın tamırların kórsetip atırǵan e

— Omıraw súyegi, mu-mu-ǵallim!

Uwız esaptan jańılıstı. «Ádepki aytqanım qáte bolsa ker omıraw súyegin endi sorap atır», — dep oylap, hámmesi birdey juwap bere berdi; onıń ústine sóylewi de qıyın aqıbetinde ǵoy biyshara qara ter boldı. Endi inspektordıń de tutlıqpaǵa qaradı.

— Ju... júdá bárekella. Al, mınaw ne?

— O...o omıraw súyegi.

Inspektordıń shıdamı tawsıldı.

— Boldı, jeter endi! — dedi jekirinip. — Adamnıń denesin omıraw súyeginen basqa nárse joq pa? Bar, ornına otır!

Keyingi kúnlerde saǵan aytıp bergendey waqıya tek u

Bunnan aldıńǵı xatıma ele sennen juwap kelmedi. awırıp qaldıń ba? Xatıńdı kútemen.

**Axmed Tar**

## ATAMANNÍŃ TUWÍLǴAN KÚNI

*Ankara. 25-dekabr, 1963*

*Axmed!*

14 hám 22-dekabrde jazǵan xatlarıńdı aldım. Kóp-k raxmet. Biraq, awırıp qalıp, juwap qaytara almadım. Ay laǵan qusayman. Sóytse de, xat jazıwıma bolatuǵın

Biraq onı pochtaǵa kim salıp keledi? Apam menen ájapama [illegible] kelmedi. Hákisine Miytin de tósek tartıp jatıp qaldı. Sonnan keshe túrgeldim, búginnen baslap mektepke barıp júrman. Oqıwdan kele sala juwap jazıwǵa otırıp edim, apam [illegible] xat kelgenin ayttı. Konverttegi adresti kórgen eken.

— Axmedten kelipti, dostıń ibratlı eken, seni esinen umıtpamaptı, — dedi.

Xatıńdı oqıp bolıp Miytindi barıp kórdim. Ele ıssılıǵı qaytqan joq — 38°C.

Tiykarında, ózi ekewimiz sál nárseden-aq ayazladıq. Palatamızda Ataman degen bala bar, sonıń tuwılǵan kúnine barıp edik. Sóyerde awırıp qayttıq. Bizlerden basqa da úsh bala tumawratıp jatır.

Ata-analar jıynalısında apam Atamannıń anası menen tanısıp qalǵan eken. Ol sonda «Jaqında balamızdıń tuwılǵan kúni boladı, sonda balalarıńdı alıp, álbette keliń, kútip otıramız, — depti. Keyin úyimizdiń adresin jazıp alǵan. Mashın menen ózlerimiz áketemiz», — dep.

Apam, meniń menen Miytindi baraǵoysın, degen eken, ol «Aǵayin menen óziñiz de keliń, kelmeseńiz qapa bolamız», dep qoymaptı. Sóytip, apam ilajsızdan wáde bergen eken.

Aǵam esitip qattı ashıwlandı. «Shappatay balanıń tuwiiǵan kúninde bizge ne bar? — dep baqırdı apama. Apam wáde berip qoyǵanın ayttı, qullası, hámmemiz baratuǵın boldıq. Atamandı tuwiiǵan kúni menen qutlıqlaw ushın sawǵalar aldıq. Men — kitap, Miytin avtoruchka sawǵa etetuǵın boldı.

Tústen keyin úydiń aldına mashın toqtadı. Bizdi alıp alıwǵa kelipti. Aǵam Atamannıń ákesi menen jolda baratırıp [illegible]. Mashın ózleriniki eken.

Házir son «Birewdiń sırtınan sayıp otır», — dep oylama, Atamandıń úyinde ne kórgen bolsam sonı jazıp atırman.

Olar júdá bay turadı eken. Solay-aq kózge kórinip tur. Bir waqıtta apam aǵama qarap «Bularda pul kóp, biraq, talǵamı joq eken, mına jihazlardı qara, sırá bir-birine mas kelmeydi», dep sıbırlaǵanın esitip qaldım.

Atamannıń aǵası eki gápiniń birinde «men» dep sóylew
táwir kóredi eken.

Úyleri keń, biraq qonaqlar da kóp edi. Izbe-iz tirteklesi
kelip atırǵanlardıń da izi úzilmeydi. On bestey bala jıyıldı,
úlkenlerdiń sanı otızdan asıp ketti. Biz qusap basqa balal
da ata-anaları menen kelipti.

— Búgin ózi kimniń tuwılǵan kúni? — dedi Miytin hayr
bolıp. — Atamandiki me, ya aǵasıniki me?

Miytin sál jerde qolaysız sóylep qoysa apam onı ásl
jambasınan shımshıydı, bul rette de heshkimge bildirm
burap alıp edi, úkem tım-tırıs boldı.

—Úyimiz tarlaw bolıp tur,—dedi Atamannıń apası biz
apama,—qudayǵa shúkir, abırayımız kúshli, hámme izl
keledi. Shaqırmasaq keyninen ókpeleydi. «Kóz kózge túss
miyrim júzge túsedi», degen, hámmesi de kózimizge ıs
bolıp qaldı. Jarın balamızdıń tuwılǵan kúnin úlkenirek b
restoranda ótkizbesek bolatuǵın emes. Xojeyindi kóndirdi
Ol sonday keń peyil, men ne desem sózimdi sındırmaydı.

Ol kúyewin—«xojeyin», Atamandı bolsa «balam» d
shaqıradı eken. — Biziń xojeyin sonday, hesh gápimdi
qılmaydı. Siziki qalay? — dedi apama.

Apamnıń bul wájsiz sorawdı jaqtırmay otırǵanın júzin
sezdim.

— «Xojeyin» degeniń kim?

— «Xojeyin» dep kúyewińdi aytasań-dá, abısın,—dedi At
mannıń apası kúlip. — Xosh, ol da gápke kónetuǵın qıylın
ba?

— Jaydıń ishi ısıńqırap ketti me, qalay-qalay? — dedi biz
apam gápti basqa jaqqa burıp.

— Awa, ısıǵan shıǵar. Balamnıń tuwılǵan kúniniń húrm
ushın kómirdi ayamay jaqtıq. Biziń xojeyin sonday kewilsh
«Balamnıń tuwılǵan kúnińde batareyalar waǵlap tursın
—dedi. Aytqanday, bunıń keńsesinde yeki-úsh qız bar islo
tuǵın. Dım keregi joq solardıń. Mına, erkek kisilerdi kórd
be, bári «bir sazdıń bozı».

— Bar, aǵańlardı kórip kel, neǵıp atır eken, — dep apam bizler Miytin ekewimizdi shıǵarıp jiberdi.

Erkekler úlken zalda otırǵan eken. Stoldıń ústi hár qıylı jemislerge tolı. Atamannıń aǵası menen sóylesip otırǵan aǵam bizlerdi kóriwden eńsesi tústi.

— Apańızdıń bir ózin qaldırıp kelipsizler-dá?

— Ózi-ǵo, usıyaqqa bar degen, — dedi Miytin.

— Bular saǵan tiyisli me? — dedi Atamannıń aǵası.

— Awa.

— Ómir-jası menen bersin... Ne dep atır edim? He, esime tústi... Men so, zıqna adamdı jek kóremen. Men aytsam, hayallar dım zıqna boladı eken. Máselen, biziń hayaldı alıp qarayıq. Bazardan apelsin alatuǵın bolsa eki túrin tańlaydı. Birewi — jaqsı, birewi jaman. Eń pollıq, eń arzan apelsindi xızmetkerlerge arnap aladı, «Olarǵa usı da bola beredi», deydi. Men oǵan sonsha márte aytaman, «Xızmetker de, ózimdey adam; biz ne jesek sonı jesin», — deymen, yaq, qulaǵına kirmeydi. Bereket tapqır, sen on kurush[1] payda bergen menen, ruwzıgershilikke eki júz lira[1] zıyan bereseń: Máselen, sol xızmetkerdiń jaman apelsin jegenge xorlıǵı kelip, qasaqana eki júz lira turatuǵın tabaqtı túsirip jiberip otırsań, qáyteseń. «Qolımnan túsip ketti», deydi, boldı; «Baqırǵan menen ornına kelmeydi», — dep atırman. Qáne, saǵan bunıń pámi alıssa...

— Bar, apań betke! — dep aǵam bizlerdi shıǵarıp jiberdi.

Hámmemizdiń isńimiz pisti. Balalardıń shawqımı da janına tiygen bolsa kerek, qonaq hayallardıń biri:

— Balalar menen birge barıwdıń keregi joq eken, miyimiz ashıp ketti ǵoy! — dedi janındaǵı hayalǵa.

Aǵam:

— Júre ǵoy endi, keteyik, — dep edi, apam qılmadı.

— Birden ketip qalsaq uyat boladı, az-maz otırayıq, — dedi.

---

[1]Kurush, lira — Turkiyanıń aqsha birlikleri 1 lira = 100 kurush. (red).

Kishkene balalar bir jerge toplandı. Atamanǵa ákelinge sawǵalardı olar stoldıń ústine qoydı. Jaydıń ishi de júd qapırıq bolıp ketken eken, aynanı ashtıq. Miytin ekewim terlegen ekenbiz, ábden aynaǵa jaqınıraq kelip turıp edi suwıq urdı da ketti. Bizlerdiń tımawımız sol jerden baslandı.

Aǵam úy iyelerinen ketiwge ruqsat sorap edi, Atamann aǵası irke berdi.

—Awqat pissin, bir-eki qultım iship jibereyik, sonn keyin ketersiz, — dedi.

Aǵam qıstaw jumısı barlıǵın aytıp, keshirim soradı.

Dalaǵa shıqtıq.

— Hámme ayıp mende,—dedi apam aǵamnıń sirkesi su kótermey kiyatırǵanın sezip. — «Bunday boladı», dep oylaǵ joq edim. Apası qoymaǵannan keyin «yaqshı» deyǵoy edim, qaydan bileyin?!

Erteńine ıssılıǵım otız toǵız dárejege kóterildi.

Xatıńda «Hikmettiń kúni ne keshti?»—dep soraǵan eke seń. Ol bir hápteden beri mektepte kórinbeydi. Bayǵusqa n bolǵanınan biyxabarman. Hesh qaysısımız úyin de bilmey ekenbiz. Onıń basına túsken is maǵan júdá tásir etti. So ushın ol haqqında xattıń izinde jazıp atırman.

Maǵan qusap sen de xatqa keshigip juwap jazbass dep úmit etemen.

**Ziynep Yalq**

## «DANÍSHPAN»

*Stambul. 28-dekabr, 1963-*

*Ziynep!*

Saǵan da, úkeńe de salamatlıq tileymen. Bunnan ke hesh awırmań. Apań meni yadına alǵanına quwanıp qaldı Raxmet.

Atamannıń tuwılǵan kúni qalay ótkenin qatırıp táriyipl seń.

Bilseń be, men usı waqıtqa deyin bir mártebe de tuwılǵan kúnimdi belgilegen emespen. Biziń úyde onday ádet joq. Onıń ústine, men de heshkimniń tuwılǵan kúnine barıp kórmedim. Irasın aytsam, bir ret ǵana usınday otırıspada boldım. Apam ekewimiz bir aǵayinimizge qıdırıp barǵan edik. Onıń qızı meni bir qurdasınıń tuwılǵan kúnine ertip bardı. Qıdırıp barǵan jerimizde qızıq eki waqıya boldı. Ele esimnen shıqpaydı.

Kelgenlerdiń arasında bir sum bala bar eken, sol hámmesine sebepshi boldı. Sonday tentek jańaǵı bala — bir zamanda úydiń astan-kestenin shıǵardı! Sumlıǵı ada bolmaydı eken. Hámme tım-tırıs otır edi, bir waqıtları hájetxananıń esigi ishten taqıldadı. Juwırıp bardıq. Esikke birew qulıp urıp ketipti. Ishte qalǵan hayal baqırıp atır.

— Birew sırtımnan qulıp urıp ketipti, ashıń esikti!

Hámme zır juwırıp giltti izlep atır.

— Bul meniń balamnan kelgen bále, — dedi tapaltas birew, tezirek balanı tabıń.

Hámme balanı qıdırıw menen hálek, al ol bolsa awzı kópirip onı maqtamaǵa qaradı:

— Júdá shaqqan bolıp shıqtı, balam — ot, turısı ot! Ele kórerseń, bunı qamap ketken-ám biziń tentek!

Ishte bolsa jańaǵı hayal tındırmay qapını sabalap atır. Bul da balasın maqtawdan sharshamaydı.

Áytewir, jaman kózden saqlasın. Kitap uslaǵanın kórmeymen, biraq, imtixannan irkilmey ótip kele beredi. Kitapqa bir názer salsa boldı, miyine qatadı da qaladı. Jaslıǵımda meń de sonday edim. Kitap oqıp otırǵan emespen. Ákesine tartqan, zańǵar! Bunıń joraları qashan kórseń kitaptan basın kótermeydi. Biziń bala kitaptıń betin ashıp kórmey-aq, klass basıp júr. Men ózim et-betimnen taslap, sabaq tayarlaǵan balanı jek kóremen.

Úydegilerdiń hámmesi sol «danıshpandı» izlep taba almay qoydı.

— Kattiń astın kóriń, úyde bárha kattiń astına jasırınatuǵ
edi, —dedi pákene adam.

Úy iyesi onıń aytıwı boyınsha jańa eńkeye bergeni, bası
bir nárse taq etip tústi. Qudayǵa shúkir, gilt eken. Sol
arasınsha bir bala shkaftıń tóbesinen kátke sekirdi.

— Áne, ayttım ǵoy, sonıń islegen isi dep. Aqıllı ba
bárha bir nárse oylap tabadı.

Ákesiniń erkeletip qoyǵan tentegi sol kúni hámme
janına tiydi...

Ekinshi waqıyanıń qaharmanı — danıshpanlıq mektebin
endi ótip atırǵan bala.

Sol kúni qonaqta otırıp birew menen tanıstım. Kózáyn
taqqan bala eken. Qol alıstıq, bilistik. Atın sorasam, únd
meydi. «Kózine uqsap, qulaǵı da shala isleytuǵın qusayd
dep oyladım. Qaytadan qattıraq baqırıp atın soradım. T
bir úlken másele sheshken adamday biraz oylanıp ba
zorǵa atın ayttı. Keyin neshinshi klasta oqıytuǵının sorad
Bul rette de jańaǵıday, birazdan soń juwap berdi. Ózligin
sóylemeydi, bir nárse sorasań juwap beremen degens
ishiń pisip ketedi.

—Mına bala áwmeser me deymen,—dedim meni er
kelgen qızǵa.

Aǵayinimizdiń qızı kúlip jiberdi.

—Qatırdıń-aw, ákesi «Onı danıshpan etip shıǵarama
— dep júr-ǵo.

Qasındaǵı qurdası sózge qosıldı:

—Mektepte onı hámme «Kishkene danıshpan» dep sh
qıradı.

—Ol qanday danıshpan, atın sorasań, ańırayıp turıp-tu
zorǵa juwap beredi.

—Barlıq gáp sonda qusaydı. Danıshpanlar sabırlı bol
kerek eken. Ákesi oǵan, «Birew atıńdı sorasa birden ayt
az-maz oylanıp al, danıshpanlarday: «Aldın oyla, keynin
sóyle»—degen-bish.

Qızlar bul «kishkene danıshpan»dı maǵan túsigin túsirm
táriyiplep berdi. Aytıwınsha, onıń ákesi «bir túrlilew ada

...n. Kóp jıl miynet etip, dúnyadaǵı barlıq danıshpanlardıń ... sharayatın úyrenip shıǵıptı. Izertlewine qaraǵanda, ... kóbisi ákeleri qartayǵan shaǵları dúnyaǵa kelgen ... Oylap júrgen maqsetine erisiw ushın ol da shashına ... barıp úylenipti.

Onı saǵan kim ayttı, «danıshpannıń» ózi me?—dep ... men qızıǵıp.

Onı awıl-eldiń hámmesi biledi eken. Qızlar úlken adam... esitipti.

Ol úyleniwin úylense de, kópke deyin perzent kórmepti. ... «danıshpannıń ákesi» degen atqa miyasar bolıw ... júdá qıynalǵan, perzent daǵında janǵan. Aqırı, ... bir kúni hayalı hámiledar ekenin aytıptı. Endi ol ... shalaraq bolıp tuwılǵay-dá»,—dep tiley baslaptı. ..., ózi izertlegen danıshpanlar nárenjan balalardan ... shıqqan eken. Bunıń tilep alǵanı da sonday nárenjan ..., hátte onıń tiri qalıw-qalmawı gúman bolǵan. Biraq, ... jánlqap aman qalıptı. Erte zamanlarda bir danıshpan ... ómir súrgen eken. Kitapta jazılıwınsha, shayır erte... ana sútinen biynesip qalıptı. Sol kitaptı oqıǵan ...shpannıń ákesi» balanı bir aylıǵında sútten shıǵarıptı. ... bir jasında átkónshekten jıǵılıp, kózi zıyanlanǵan eken, ...nıń tóbesi kókke jetip quwanıptı. Sebebi, danıshpan... biri láket bolǵan eken. Endi onıń bir ǵana tilegi qalıptı. ...nıń boyı ósip ketpegey»,—dep ǵam shegipti. Onıń ... danıshpanlardıń boyı kelte boladı eken.

... sózlerdi esitkennen keyin onıń nege atın sorasań ... degende ayta qoymaytuǵın sebebin túsindim. Meniń ..., ol sabır-taqat etip juwap beriwden kóre óziniń atın ... túsire almay qıylanama,—dedim.

Hikmettiń mektepke kelmey ketkenin esitip dım qapa ... Biysharanıń endigi kúni ne keship atır eken?

Saw bol, Ziynep. Saǵan hámme waqıt tabıslar tileymen.

**Axmed Tarbay**

## TAMA-TAMA SEL BOLAR

*Ankara. 3-yanvar, 1964-*

*Dostım Axmed!*

Jaqında xatıńdı hám Jańa jıl qutlıqlawıńdı aldım. Eke ushın da kóp-kóp raxmet. Jańa jıldan bir kún burın m de sağan qutlıqlap xat jiberdim. Bul waqıtta barğan shığa Biraq, sen qutlıqlawdı qatırıpsań. Súwretleriń sonday su bolıptı—al meniń esime de kelmepti bul nárse. Kelgen de men sendey etip soğa almayman. Salğan súwreti klastağılardıń hámmesine kórsettim. Hámme balalar hayr qaldı.

Jańa jıldıń birinshi kúni biziń úyde onıń aqshamınan d kewilli boldı. Basınan aytıp bersem de boladı.

Ağam menen apam—puldı únemlep sawatuğın puq adamlar. Biraq, bul sıqmarlıq emes. Olardıń maqseti — «kó pege qarap ayaq sozıw». Sonıń ushın «Hár nárseniń qádirl jetiw kerek, artıqmash shıqtasın etpew kerek», — dep úyre bizge bárha. Sál jerde avtoruchkam stoldıń ústinde qa qoysa:

—Ruchkańdı ashıq taslap ketpe, — deydi ağam, — sıy kewip ketedi. Jerge tússe ushı sınadı. Keyin tazasın alıw tuwra keledi. Bunıń hámmesi shığın. Adam degen hár nársege puqta, únemshil bolıwı kerek.

Úkem dápteriniń bir jağın jazıp, bir jağın qaldırsa, ya ús tórt bet taslap ketse, apamnan sol kúni kóp gáp esitedi:

—Bunday biyparıq bolma, balam aqırı, «Tama-tama k bolar», degen; kúnde bir bet qaldırıp kete berseń, bir jıl qalıń bir dápter boladı ğoy. Sonday appaq dápterdi taslaw qalay kóziń qıyadı?

Miytin júdá kóp qálem joytadı. Apam buğan da baqıra Tejeńkirep isletken álbette jaqsı-ğo, biraq únemlew ha qında sózler hádden tıs bolsa adamnıń jinine tiyedi ek Ásirese, apam kúnde:

— «Saqlasań — mıń kúnlik, saqlamasań — bir kúnlik» degen qusap, «Tama-tama kól boladı», — dep tınımsız wásiyat etedi.

Bir kúni atam úkem ekewimizge tiyin jıynaytuǵın qutısha ákelip berdi.

— Bul nárse esińizde bolsın, az-azdan kóp boladı, ata-babamız «Tama-tama kól boladı», degen. Qáne, kóreyik, tama-tama ne bolar eken?

Atamnıń ádeti sonday, bir nárse aytıp bolıp, dárhal qaytarıp soraydı:

— Ne boladı eken?

— Kól boladı eken.

— Háy, bárekella!

Usı maqaldı esitsem júregim aynıytuǵın dárejege keldim. Burınları Jańa jıldı hámmemiz birge úyde kútip alatuǵın edik. Biyıl sál basqasharaq boldı.

Joraları kazinodan burınıraq barıp orın alıp qoyǵan eken, keshke taman soǵan ketermen boldı. Biraq, aǵam dásturdi buzbadı, hámmemiz bir dásturqan basında otırıp awqat jedik, oynap-kúldik. Olar sonnan keyin rawana boldı. Kazinoǵa ájapamdı da ertip ketti. Biz atam menen birge qaldıq. Bilgen oyınlarımız benen mashǵul boldıq. Lotodan ǵoy atam hesh nárse almadı. Oyın payıtında múlgip otırǵanı kóp zıyan berse kerek.

Yarım aqshamda ornımızǵa barıp jattıq.

Bir waqıtları oyanıp qarasam, úy-ishi jım-jırt. Tırs etken dawıs joq. «Ele kelmegen qusaydı-aw», — dep oyladım. Kózimdi ashıp jatırman. Qarańǵıda Miytinniń kóleńkesi kórindi.

— Bularǵa ne bolǵan eken? — dedi ol aldıma kelip.

— Ne, ne bolıptı?

— Berman júr, kóreseń.

Ornımnan turıp arǵı jayǵa bardım. Atam menen kempir apam kelip qalıptı, ájapam divanda sheshinbesten jatır. Moynında — túrli-túrli qaǵaz monshaqlar. Aǵam dus tómenine túsip, betine taqqan maskası menen pırıldap atır. Qaǵaz qalpaqshanı basına kiyiw ornına ayaǵına ildirip alıptı.

Tek apam ǵana óz ornında: Biraq, kiyimleri aywan-jaywan bir shulıǵı — dálizde, bir shulıǵı — qasında.

Apamnıń ústine kórpesin japtım. Ájapamdı zorǵa túrgelti ornına apardıq. Biraq, aǵamdı oyata almadıq.

Erteńine tústen awa olar qozǵalısa basladı. Eń dásle apam ózine keldi. Keyin ol aǵamdı oyattı. Sońınan ájapa túrgeldi. Moynındaǵı monshaǵın joytıptı. Izlep-izlep hes jerden taba almadı. Túnde bir jerde túsip qalǵan qusaydı.

Gápiniń rámáwizine qaraǵanda, kazinoda aǵam menen apam bir baxtın sınap kórmekshi bolıp, kóp puldıń basın suw quyıptı.

— Aydıń ayaǵına deyin ne jeymiz? — dedi apam táshwish lenip.

— Keńseden qarız sorayman, — dedi aǵam. — Basqa il joq.

—Endi qaytıp onday jerge barmaspan, — dedi apam há Miytin ekewimizdi bir shetke ımlap shaqırdı.

—Neshe somıńız bar, maǵan berip turıń, erteń qaytar beremen.

Jıynap júrgen pullarımızdı berdik.

Usı waqıtları esik qaǵıldı. Qońsımızdıń qızı Nurtan eke Qolında — bir bet qaǵaz. Úyge alıp keldim. Biziń aǵama on ákesi jazıp jibergen eken. «Mına qatarların kózim shalıp qal «Dostım, keshegi waqıya óziñe málim, qasımda soqır tiyini qalmaptı. Úyge qalay kelgenimdi bilmeymen. Shaması, me sizler alıp kelgen bolsańız kerek. Qarejetten qalaysız? Maǵ júz lira kerek bolıp tur».

Xattı aǵama berdim. Ol xattı oqıp bolıp apam mene sıbırlastı. Shaması, pul joqlıǵın bildirgisi kelmedi. Bul ájapamnıń pul jıynaytuǵın qutıshası abıray berdi. Aǵa menen apam ájapama bir nárseler dedi, soń onıń ák bergen qutıshasın ashıp, ishindegi bar puldı Miytinnen be jiberdi.

Miytin sabaq tayarlamaqshı bolıp edi, jáne qálemin ta almadı. Sonnan apam ketti háwlirip:

— Qanday áwmesersen óziń! Bárha qálemiń joytıladı da qaladı. Qashanğı sağan qálem alıp beremen?

Atamnıń bayağı násiyatı qaytadan baslandı:

— «Saqlasań — mıń kúnlik, saqlamasań — bir kúnlik». Xosh, saqlamasań newe, balam?

— Bir kúnlik.

— Háy, bárekella! «Tama-tama kól bolar». Tama-tama ne boladı?

— Hesh nárse bolmaydı, — dedim men Miytinnen burın juwap berip.

— Nege hesh nárse bolmaydı, — dedi atam ashıwlanıp.

— Sebebi, kól bolıw ushın sol jer sál shuqırıraq bolıwı kerek. Eger suw turmaytuğın tep-tegis jer bolsa...

— He, ne boladı sonda?

— Suw sarqırap ağıp ketedi, sel boladı.

Úyimizde Jańa jıl solay baslandı. Endi olar Jańa jıldı basqa jerde kútip almaytuğın boldı. Xosh, seniki qalay?

**Ziynep**

## BASLANÍWÍ JAMAN EMES

*Stambul. 5-yanvar, 1964-jıl.*

*Ziynep!*

Jańa jıl menen qutlıqlap jazğan xatıńdı alğanıma biraz boldı. Raxmet.

Jańa jıldı biz úlken ağamlardikinde kútip aldıq. Olardıń úyleri kóp. Hámmemiz sóyerge jıyıldıq.

Erteńine ádettegidey, hesh jańalıq boiğan joq. Biraq, Jańa jıldıń birinshi kúngi siziń úydegi waqıya bizde de tez-tez bolıp turadı. Ağam dúzde kóp pul sawıp qoyğan kúni úyde ólerdey ashıwlanar. Góyde ol kósheden más bolıp keledi. Sondayda suw tógip alğanımdı kórse:

— Qaynağan suwdı zayalama, stakanğa óziń ishkendeyińdi quyıp al, — dep urısadı.

Sonda da stakannıń túbinde bir-yeki urtlam qaladı. Ağam oni ısırap qılmağan bolıp gúl túbekke quyadı. Sonday waqıtla ağamnıń jora-joldasların zıyapatlap kútkenin bileğoyaman.

—Usınsha pastanıń obalına qalıp ne qılayın dep edim

—Tis tazalap atırğanımdı kórse. — Shyotkağa óziñe jetkende salsań bolmay ma?

Bilemen, keshe tağı bir zıyapat onıń moynına túsken. Geyde bir nárse orap ákelse, kórgenshe shıdamay shıjımı sheshejaq bolaman. Sonda ol:

—Abayla, shıjımdı zayalamay sheship al, keyin bir jerde kerek boladı,—dep qoyadı. Demek, búgin hám tağı bir nársede shığınğa ushırağan.

Ağamnıń bir ádeti bar: tanısları menen bir jerde otıra ğoysa bárha pulın ózi tólegisi keledi. Bunı talay ret óz kózim menen kórgenmen. «Qaltańdı ğawzastırmay-aq qoy, ózim tóleymen», — dep turıp aladı.

Al, erteńine úyde basqasha.

—Góne gazetalardı jırtpay alıp qoyıń, kerek boladı. Keyin nen satağoyasız. Júdá bolmasa pechke jaqsańız, úydi ısıtadı

«Tama-tama kól bolar»dı siziń úyde kóp aytadı eken. Biziń úyde eki ğaptiń birinde «Óziñde bolsa kúniñe jaraydı» degendi qaldırmaydı.

Al, dúzde onsha pul sarplamağan kúnleri ağamnan saqıy adam joq. Jańa jıl aqshamında da, erteńine de sonday boldı. Ağam mağan akvarel boyaw alıp berdi. Fevralda eki hápteli kanikulğa shığamız. Sonda qálegenimshe súwret salaman.

Jańa jılda úy-ishińiz benen hámmeńizge baxıt-saadat tileymen.

**Axmed**

## SHALAĞAY QİZ

*Ankara 8-yanvar, 1964-jıl*

*Axmed!*

Aldı menen sağan Hikmetten xabar bereyin. Ol sabaqqa kele basladı. Ata-anası qaytadan jarasıp ketipti. Bayğus soğan jerge-kókke sıymay, quwanıp júr.

Saǵan jáne bir jańalıq aytajaqpan. Maǵan jazǵan hámme xatlarıńdı jıynap júrgenmen, biraq hárqaysısı hár jerde jatatuǵın edi. Keshe hámmesin tártipke saldım. Jazǵan sánelerine qarap izbe-iz etip taqladım. Dım jaqsı boldı. Bul aldın qıyalımda joq edi, bir nárseniń sebebi tiydi. Sen esit, men aytıp bereyin.

Úyde maǵan hámme «Shalaǵaysań, zatlarıńnıń hámmesi shashılıp jatadı», — dep baqıradı. Men biraq, qoyǵan zatın taba almay júretuǵın biyparıq adamdı dım jaqtırmayman. Demek, jek kórgen adamım ózim eken-dá!

Bazar kúni azanda úy jumısı dápterimdi taba almay zergil bolıp júr edim, apamnan esitetuǵın gápimdi esittim.

— Ós-aqılıńdı jıynańqırap júrmeyseń be? — dep baqırdı ol maǵan. —Qashan kórseń bir zatıńdı taba almay júrgeniń!

Apamnıń gápine aǵam da qosıldı. Atam menen kempir apam kelip edi, olar da meniń shalaǵaylıǵımdı betime bastı. Ájapama bolsa quday berip qaldı! Hámme — meniń ústimde. Tek janıma ara turǵan Miytin boldı.

— Bul úyde zat túwe adamnıń ózi de joytılıp ketiwi múmkin, — dedi ol meni jubatıp.

Hámmesiniń maǵan jala japqanına xorlıǵım keldi-dá. Ashıw menen ne islerimdi bilmey, ózimniń jayıma kirdim de, bir shetten jıyıstırıwǵa tústim. Stoldıń ústin, kitap tekshelerin tártipke keltirdim. Zatlardı orınlı-ornına qoyıp shıqtım. Úydi jıynastırıp júrip eringe súrtetuǵın pomada, hár qıylı otkrıtka, bir jup shulıq tawıp aldım. Hámmesin alıp shıqsam, úydegiler ele meni jamanlap otır.

— Mına bir shulıq kimdiki, tartpadan shıqtı, — dep ılaqtırdım ortalarına.

— Haw, keshe taba almay júrip edim-ǵo bunı, — dep apam aǵama qaradı.

— Al, pomada kimdiki?

— Qáyerde eken? Izlemegen jerim qalmadı!

— Birew biziń stolǵa qoyıp ketipti.

—Keshe sóyerde umıtıp ketken ekenmen-aw,—dep kúl
apam.

Náwbet otkrıtkaǵa keldi.

—Bul kimge tiyisli?

Ájapam burıshtay qızarıp ketti.

—Qáyerden aldıń?

—Birew meniń kitaplarımnıń ishine jasırıp qoyıptı. N
jazılǵanın oqımadım.

Endi sabaq tayarlayın, dep otırıp edim, qoyǵan jerimne
ruchkamdı taba almadım. Hámme jaqtı qarap shıqtım, joq.

—Jáne ne joyıttıń? — dedi apam tisiniń suwın sorıp.

—Ruchkamdı kórmedińiz be?

—Ruchkanı ezip ishuseń be, deymen! Qashan kórse
sonı joytıp júrgeniń!

Oǵan aǵam qosıldı:

—Shalaǵay bolma, «Hámme nárseni puqtalıq penen isl
qoyǵan zatıń qoyǵan jerinde tursın»,—dep neshe már
ayttım, men saǵan!

Meni mısqıllawǵa ájapama da báháne tabıldı.

—Meniń ruchkam menen jazıp tura ǵoy. Taǵı bunı d
joytıp alma.

Ájapam ruchkasın áperiw ushın ishke kirip ketti.

—Kim alǵan biziń ruchkanı? — dep dawısladı bir waqıtl
ishten. — Jańa ǵana usı jerde turıp edi-ǵo.

Kempir apam basımnan sıypap, jóni menen násiyat ett

—Endi ózińe-óziń qarańqırap júr, qızım. Boyıń ósti, aqıl
endi. Há demey bir xojalıqtıń biykesi bolasań. Dápter-qálem
joytıp júrgeniń endi uyat. «Qız bala» degen azada, puq
bolıwı kerek.

—Úyimizde onday salaq adam joq edi, bilmeymen bu
kimge tartqanın? — dedi apam bilgishsinip.

Kúndegi esitetuǵın gápim — sol. Men hámmesinen bel
atamnan qorqaman. Ol — húrmetli demalısqa shıqqan po
kovnik. Júdá qatal adam. Apam elege deyin júzine tiklen
qaray almaydı. Hátte, aǵama deyin onıń aldında juwa
qaladı.

— Turmısta kim ólshestirip is etse, sol utadı.

Atamnıń ádetin saǵan aytqanman. Aytqan sózin dárhal qaytalap soraydı.

— Xosh, kim utadı eken?

— Ólshestirip is etken adam.

— Bárekella... Hárbir zat belgili ornında turıwı lazım. Sonda tabıwıń ańsat boladı. Qayerde turıwı kerek eken?

— Belgili bir jerde.

— Bárekella. Kerek waqtında tabıw ańsat boladı?

— Xosh, ne boladı?

— Kerek waqtında tabıw ańsat boladı.

Atamnıń qaytarmalap sorawı armiyada úyrengen ádeti eken. Aǵam sóydedi.

— Júdá durıs gáp,—dedi aǵam atama qarap.—Men bárha sóytemen. Qaysı qaltamda ne bar ekenin kózimdi jumıp aytıp beremen. Soǵan úyrengenmen. Oramal ma, zajigalka ma, shıjlan ba — hámmesiniń belgili ornı bar.

— Ánekey, sonday bolıwı kerek, — dedi atam onıń sózin maqullap.

Aǵam óziniń puqtalıǵın bizler Miytin ekewimizge bir kórsetip qoyǵısı keldi. Ol ornınan turıp kózin jumdı.

— Qarań, kózimdi jumdım. Házir qáyerde ne bar ekenin aytıp beremen. Shep qaltamda zajigalka bolıwı kerek. Mine, qarań!

Aǵam qaltasına qol suǵıp zajigalkanı almaqshı bolıp edi, taba almadı. Ári-beri aqtardı, — joq.

— Qızıq. Qayaqta qaldı eken-á?

Zajigalka tabılmaǵannan keyin aǵam, pántqumar bolmawı ushın, basqasın izlewge qaradı.

— Máselen, avtoruchka. Qáyerde turǵanın yaddan bilemen. Hámme waqıt kostyumnıń ishki shep qaltasında turadı. Kóresiz, mine kóriń!

Qaltasınan avtoruchka ornına termometr shıqtı.

Aǵam «Mine, aytpadım ba!»—dep kózin ashıp edi, termometrdi kórip ózi de hayran boldı.

—Ana kúni Miytinniń ıssılıǵın ólshep edim, asıǵıp júr
qaltama salıp kete bergen ekenmen ǵoy. Meyli, onısı bo
masa bunısı. Qoyın dápterim mudamı shep jaǵımda júredi.

Aǵam kózin jumıp, dápterdi qaray basladı.

—Apası, shep qaltam qayaqta ózi?

—Bul kostyumıńdı mashınshıǵa qaytadan tiktirip edik-ǵ
Shep qaltań oń tamanǵa awısıp ketken shıǵar?

—Aǵańızdıń qoyın dápteri qáyerde turatuǵının bilip aldıń
ba, balalarım? — dep kúldi atam.

Bizlerdiń ornımızǵa apam juwap berdi:

—Miyim qursın... Keshe azanda kostyumın tigip be
edim. Astarı sótilgen eken. Sabaǵı ishinde qalıp qoyıptı.

Aǵamnıń úskini quyılıp ketti. Ózin bir nárse menen aq
maqshı bolıp, qaltaların gewlestire berdi.

—Nege tintine bereseń, túye joǵalttıń ba?—dedi at
oǵan.

Soń ráhátlenip kúldi. Bir máháli onı jótel qıstadı.

—Paltoda oramal bar edi, alıp beriń,—dedi atam ú
ústine jótelip. —Oń táreptegi qaltada.

Juwırıp barıp paltonı qaradım. Oramal joq.

—Aytqan jerińizde joq ǵoy, ata!

—Múmkin emes! Qáne, berman ákel paltonı... Qırıq jıl
beri usı jerde turadı oramal.

Paltonı ákelip berdim.

— Birew alǵan qusaydı, — dedi oramaldı taba almaǵan
keyin bosasıp.

Apam ishten barıp taza oramal alıp shıqtı hám onı at
bildirmey paltosınıń oń qaltasına salıp qoydı.

—He, mında turǵan eken-ǵo! Ayttım-ǵo, usı jerde bo
kerek dep.

Jótel qoydı. Atam óyer-búyerin tintinip, taǵı bir nár
izledi.

—Sigaretam qayaqta?—dedi taba almaǵanına a
kelip. —Jańa ǵana qaltamda turıp edi-ǵo. Kim aldı? 
tawıp beriń!

«Atamnıń kóp qáhári kelmesin», — dep sigaretanı izlewge ...tık. Sol waqıtları úyge birewler keldi. Qońsılar eken. ...lerdiń zer-zebil bolıp júrgenimizdi kórip, olar da izlesip atır.

— Házirshe mınadan shege turaǵoyıń, — dedi qońsı óziniń ...aretasın usınıp.

Aytaman dep onıń bası bálege qaldı. Atamnıń qanı ...ynap ketti:

— Ne ózińniń aytıp otırǵanıń! Házir ózimdikin tawıp beresiz! dep úydi basına kóterdi.

...iytin ishten bir jup shulıq alıp shıqtı.

— Kimdiki mınaw?

— Haw, qayerden taptıń? — dedi apam hayran bolıp. ...aramaǵan jerim qalmadı.

Atamnıń sigaretasın izlep júrsem, xolodilniktiń ústinde ...

Atam juwırıp barıp dúkannan-aq bir pachka sigareta ake... ...lerlwge boladı, biraq, oǵan ishindegiden góre portsigarı ... Bir tamannan izlegenimiz de jaqsı boldı. «Sigareta ...». — dep júrip ózlerimizdiń biraz nárselerimizdi tawıp ...

Kelgen qońsı hayaldıń otırǵan jerinen bir bet qaǵaz ...

— Haw, radionıń qaǵazı ǵoy, — dedi aǵam quwanıp, — bir ... beri taba almay júr edim.

Aǵamnıń izlegen avtoruchkası tarelkalardıń arasınan ... Birew jańılısıp pıshaqtı taslandı shelekke salıp jiberipti. ..., kóp nárselerdi tawıp iyelerine tabıs ettik.

— Al, mınaǵan qarań, birew sigaretamdı jambasımnıń ... qoyıp ketipti, — dedi atam bir waqıtta. — Qaysı shay... islegen isi bul?

...hkim úndemedi. Atam ózi astına basıp otırıp bizdi zer... ...ǵan eken-dá!

..., sol kúngi esitken gáplerim maǵan qattı tásir etti. ... ...alındo bólmeni jıynap tasladım. Irasında da, úyge ... qoyǵan ekenmen. Endi «shalaǵay qız» degen

nasaqtan qutılmaqshıman. Sennen alǵan xatlarım da toz... ketken eken, tártiplestirip qoydım. Hámmesin papkama s... dım.

Burınǵı klaslaslarımnıń ishinde sen maǵan úzbey xat ja... turǵan. Miyne — ara-arasında. Damir menen Jasardan b... ret xat aldım. Hámmesine de juwap jazıp jiberdim.

Tez-tez xat jazıp tur, yaqshı ma?

Saǵan tabıslar tilep qalıwshı.

**Ziyn...**

## AYİP BOLADİ

*Stambul. 11-yanvar, 1964-...*

*Qádirdan dostım Ziynep!*

Seniń menen tórt jıl birge oqıdıq. Klasımızdaǵı ... «puqta qız» dep esaplanatuǵın ediń. Sonıń ushın «shalaǵ... degenine júdá hayran boldım. Úyde maǵan laqap ta... qoyıptı. «Jırıq awız» dep shaqıradı meni. Onıń-ám janı b... Qay waq dasturqanǵa otırmayın, tókpey ishe almaym... Sonsha tırısaman deymen, bári bir.

Sen bir xatıńda apańnıń Miytinge «Tilińdi kesip alama... dep baqıra beretuǵının aytıp jazıp ediń. Hámmeniń ap... da sonday boladı eken. Meniń apam da Fatush deg... qarındasımdı bárha sóytip qorqıtadı. Ol ele jas, eki jıld... keyin mektepke baradı. Bul nárse meniń de basımnan ó... maǵan da mudamı «Tilińdi kesip alaman!» dep baqıratu... edi, áytewir, ele tilim ornımda.

Jaqında Fatush bir qılıq kórsetti. Apam onı sonday u... deyseń «Tilińdi kesip alaman!» dep baqırdı, biraq, bul ... ırastan da onıń tili ósip ketken eken. Mına waqıyanı esit.

Aǵamnıń bir ádeti bar — eki gápiniń birinde «Way, zańǵ... áy!» dey beredi. Fatush bolsa totı qustay birewden esitke... dárriw qaytaradı. Ol birewdiń atın aytıp «Way, zańǵar-áy»... dese úydiń ishi más bolıp qaladı. «Tili mazalı bunıń», — de... erkeletedi.

Jaqında bir qońsımız úyge keldi. Ózi laqqı adam. Sóylegen sózine kúle bereseń. Fatush bolsa ábden. Ol mánisine túsinip kúlmeydi, birew kúlse qosılıp kúle beredi. Endi sondaǵı kúlkiniń mánisin aytıp bereyin.

Qońsımız isleytuǵın kárxanaǵa bir mámleketten qánige kelgen eken. Ózi nemec. Sol bir kúni qońsımızdı toqtatıp:

— Siziń eliñizde «háy» degen sóz kóp qollanıladı eken. Adamlar birin-bir sóydep shaqıradı. Bunıń mánisi ne, hárkimnen sorayman, hesh durıslap juwap bermeydi,— depti.

Kózáynekli qońsımız buǵan ne dep juwap bererin bilmey qalıptı. Eger ırasın aytsa biygana adam kúlip ketiwi múmkin. Aqırı, oylap-oylap bir jol tawıptı.

— Júdá duris serlepsiz, mırza,—depti qońsımız — ırasında da «háy» degen sózdi kóp qollanamız. Bizde úrdis solay. Diyqan da, xızmetker de soǵan úyrengen. Bul sózdiń haqıyqıy mánisi «húrmetli» degendi ańlatadı. Biz bir-birimiz benen sóyleskende onıń isminen burın sol sózdi qosıp aytamız.

Aradan bes-altı kún ótken soń keńse basshılarınıń úlken májilisi bolıptı. Kanon degen bas direktor májilisti alıp barǵan. Nemec qánigesi sol májiliste sóz sóylep, adamlardıń kewlin kóteriw ushın gápiniń ushında bir-yeki túrk sózinen de qosıp sóylepti. Miyman sóziniń eń názik jerine kelgende «Háy, Kanonbey!» depti. Qısınǵanınan hámme tómen qarap qalǵan qusaydı. Al, ol bolsa Kanonbeydi izbe-iz tákirarlap, hár aytqan sayın ózi biletuǵın «húrmetli» sózin aldına qosamısh. Kanonbeydiń boları bolǵan! Adamlar sıńq-sıńq kúledi deydi. Sonnan beri Kanonbey «háy» degen laqapqa ie bolıptı.

Qońsımız bunı sonday qızıq etip aytıp berdi deyseń, kúle-kúle ishegimiz awırdı. Ásirese, Fatushtıń qudayı berip qaldı.

Aǵam basqa bir qızıq waqıyanı aytıp berdi.

Olardıń fabrikasına jańa ásbap-úskeneler kelipti. Bulardı ornatıw ushın Amerikadan qánige shaqırılıptı. Iske kirisken miyman serlep qarasa fabrikadaǵılar bir sózdi júdá kóp

qollanadı eken. Ol hayran bolıp, bunıń mánisin biziń ağamn
soraptı. Balağatlaytuğın sóz. Mekteptegi balalarğa deyin k
aytadı onı. Endi túsingen shığarsań?

Ağam fabrikada bas usta, sonıń ushın ol gáptíń mánis
solayınsha aytıwğa qısınıptı. Qalaberse, anglichan tilinde o
mánisi qalay aytılatuğının da bilmeydi eken.

— Bunıń mánisi «raxmet», yağnıy, thank you, — dep túsi
diripti ağam.

Amerikalıq bunı esitip, hayran bolıptı.

— Sizler oğada kishipeyil xalıq ekensiz, — depti ağam
— Biz bolsaq «Bul máselede qıtaylar menen anglichanlard
ótetuğını joq», — dep júr edik. Sebebi, olar arzımağ
nársege de minnetdarshılıq bildiredi. Biraq, sizler olard
ótip ketken ekensiz. Men kóp mámleketlerde boldım, bi
sizlerdey kishipeyil adamlardı hesh jerde kórmedim. Bu
nan bılay men qáyerge barsam da sizlerdi órnek e
kórsetemen.

Sol gáptiń erteńine injener jumısqa kelmepti. Tórt kún
deyin onnan dárek joq. Fabrikada bolsa jumıs kóp, ja
úskenelerdi tezirek ornatıw kerek. Sonnan injenerdi iz
baslaptı. Hesh jerde dáregi joq. Tórtinshi kúni fabrikağa
kelipti. Sawtanaq jeri joq, hámme jerin siyle menen ta
taslağan «Jolda avariya bolğan qusaydı», dep oylasa, q
basqa jağında eken.

Amerikalı injener fabrikadan qonaq jayğa qaytıp baral
mashinağa minipti. Adamlarda qızıq bir ádet bar, esil
gápin kókireginde saqlap júre almaydı, dárriw birewge ayt
keledi. Injener de shofyorğa minnetdarshılıq bildirmekshi b
lıp, puldı berip atırıp, bayağı ózi mánisin úyrenip alğan só
aytıptı. Shofyordıń kózi alarıp ketipti. Injener bunı «Esit
atırğan qusaydı» dep túsinip, tağı jańağı sózdi qaytalaptı.
waqıtta shofyor onıń murnına bir taslaptı. Ekewi túsip, ayq
ketken. Adamlar jıynalısıp, zorğa degende injenerdi ay
alıptı. Biyshara injener ayırğan adamlarğa da minnetdarsh
bildirgisi kelip, bağanağı sózdi aytarma! Bolğan tağı q

...da mush! Áytewir, óldim-azarda policiya xızmetkerleri kelip ajıratıp alıptı. Sorqaynaǵan amerikalı injener taǵı baǵanaǵı sóz benen minnetdarshılıq bildiripti.

Jámááttiń kózinshe policiyanıń adamına til tiygiziw jınayat qoy! Sorlını ayaǵın jerge tiygizbey bólimge alıp baradı. Komissar onıń jat jurttıń adamı ekenin kórip, bosatıp jiberiwge buyrıq beredi. Injener usı jerde komissarǵa da túrkshelep minnetdarshılıq bildiripti... Qullası, policiyadan ol tuwrı keselxanaǵa túsedi. Tórt kún degende ózine keledi.

Judá qızıq boiǵan eken, sóytip.

Jaqında aǵam «Úyge qonaq keledi», — dedi. Abıraylıraq adamlar uqsaydı, apam júdá kóp tayarlıq kórdi. Erli-zayıplılar bolıp altı adam qıdırıp keldi. Fatush sol kúni qonaqlarǵa unap qaldı. «Ózi ádepli, tili shiyrin eken», — dep maqtadı onı. Bala tárbiyası haqqında gáp qozǵalıp, otırǵanlar ılǵıy Fatushtı mısal etiw menen boldı. Oǵan biziń aǵam da qosıldı:

— Biziń balalardıń anası kóshege jalǵız jibermeydi, sonıń ushın da tárbiyası jaqsı.

— Durıs kóshe balanı buzadı. Balalar óyerde túrli, jaman gápti esitedi, sonıń ushın Fatushtıń bir ózin jibermeymen, — dep qosıp qoydı apam.

— Judá durıs islegensiz, — dedi qonaq hayallardan biri. — Kóshe bılay tursın, házir hátte mekteptiń ózi balanı buzadı. Kóz tiymesin, qızıńız judá ádepli eken, jaqsı tárbiya beripsiz.

Bul maqtawlardan Fatushtıń bası aspanǵa jetti. Bulardan basqa da ónerleriń kórsetip qoyǵısı kelip:

— Hay, aǵa! — dedi.

Fatush «Adamlardıń hámmesi kúlip jiberedi», dep oylaǵan edi, otırǵanlar salqın ǵana mıyıq tarttı. Aǵam ne islerin bilmey qaldı. Fatush bolsa qonaqlardıń nege shaqalaqlap kúlmegenine hayran boldı. «Shaması esitpey qaldı-aw» dep oy menen qattıraq baqırdı.

— Háy, aǵa! Saǵan aytaman!

Ol «Minekey, meniń bilmeytuǵınım joq», degendey adamlarǵa márdana qarap turdı. Aǵam qonaqlarǵa sır bergisi kelmey:

—Ne deyseń, appaq qızım? — dedi.

—Aǵa deymen! Háy, aǵa!

—He, ne deyseń?

Aǵamnıń ashıwı kele basladı. Lekin, Fatush hayran: neg bular kúlmeydi?

—Háy, aǵa! Saǵan aytıp atırman!

Apam áste mıyıq tartqan boldı biraq buǵan Fatusht kewli tolmadı—ol qáytse de qonaqlardı qayıl qaldırǵısı kel Birden ol amerikalı Injenerdiń aǵamnan mánisin soraǵa sózin aytıp jiberdi. Fatush jeńimpaz boldı: hámme shaq laqlap kúldi. Aǵamnıń qattı ashıwı keldi, biraq sezdirgi kelmey, Fatushqa bejireyip qaradı. Úkem onnan say erkelep, jańaǵı sózdi ústi-ústine úsh-tórt márte tákirarladı.

—Boldı endi, bolmasa tilińdi kesip alaman! — dedi apa onıń jaqsı sóz benen qoymaytuǵının bilip.

Kúliwdiń ornına baqırıs esitken Fatush shıdamay jıla jiberdi. Qáne jubansa! Aqırı, apam onı qolınan jeteklep ar jayǵa jatqarıp keldi.

—Zıyanı joq, qapa bolmay-aq qoy,—dedi qonaqlard biri apamnıń kewlin alıp, — bul ele de táwir-ǵo, bizler balalarımızdıń awzınan aq iyt kirip, qara iyt shıǵadı. Náresl óziniń ne aytıp atırǵanınıń parqına bara ma sol!

—Bunday biymáni gáplerdi kimnen esitedi, bilmeym — dedi aǵam ańqawsırap.

—Men-ám hayranman,—dedi apam quwatlap,— kósh ge shıqpasa, jaman balalar menen oynamasa...

—«Fatush bul gápti qáyerden esitkenin ırasında da bilm otırǵan shıǵar», dep, men ırasın aytıp saldım.

—Qáyerden esitetuǵın edi, úyden esitedi-dá,—ded men.

—Aǵamnıń tóbe shashı tik turıp ketti.

—Háy, ońbaǵan, biziń úyde heshkim óytip biyádep sóyl meydi ǵoy,—dedi baqırıp. Adamlar kúlip jiberdi. Aǵam naylaj mıyıq tarttı.

— Men qaydan bileyin, «Íras-aq qayaqtan esitkenin bilmey alırǵan shıǵar», dep tuwrısın aytıp edim, — dedim ózimdi aqlamaqshı bolıp.

Zıynep, mine kórdiń be, xatım jáne sozılıp ketti. «Usı ret qısqaraq jazarman», dep oylap edim.

Jazǵı demalısta Stambulǵa kelleseń be? Kelseń kórisermiz. Saǵan kózim qızadı — Ankaranı da kórdiń. Men bolsam ele Stambuldan bir atlam shıǵıp kórgenim joq.

Saǵan salamatlıq tileymen.

**Axmed**

## WATANDÍ SÚYIŃLER

*Ankara. 14-yanvar, 1964-jıl.*

*Dostım Axmed!*

«Jazǵı demalısta Stambulǵa keleseń be?» — dep soraǵan ekenseń, apam ekewimiz baratuǵın shıǵarmız. Aǵam demalıs ala almaydı, tazadan jumısqa ótken jerinde islegenine bir jıl bolmaptı. Eger baraǵoysaq, Stambulda bir ay bolamız. Biraq, hal ele anıq emes. Apam aǵamnıń bir ózin taslap ketkisi de kelmeydi. Nabada, baratuǵın bolsaq qız apamdikinde turamız. Seni men ózim tawıp alaman.

Jaqında men bir qolaysız is qılıp qoydım. Aytıp bermesem bolmaydı. Házirshe bunı tek Miytin biledi. Sebebi, ol da maǵan sherik edi. Mine, endi seniń menen úshew bolamız.

Ótken bazar kún atamnıń úyine qıdırıp bardıq. Olar bizlerden táwir-aq alısta turadı. Atam qartayǵan, sonıń ushın onsha biyikke shıǵa almaydı. Úyi ekinshi qabatta keyde turadı. Tiykarında olarǵa birinshi qabat maqul edi, biraq, ózlerine qolayıraq jay tabılmadı. Házirgi turǵan úyine on segiz teksheni atlap baradı. Men ózim sanap kórgenim joqta, biraq, atam eki gáptiń birinde «Taǵı on segiz tekshe ansalap kelip otırman, az ǵana dem alayın», — deydi. Nege tekshe haqqında gáp etip atırǵanımdı keyin túsineseń. Ele de

atamnıń joqarǵı qabatlarda turmaytuǵını, bolmasa, hámme gazetalar «Mınandayda-mınanday jerde baxıtsız hádiyse júz berdi», dep jazıp shıǵar edi.

Sol kúni ájapamnıń qurdasları keletuǵın bolıp, ol úyde qaldı. Bizler apam, aǵam hám Miytin úshewimiz avtobus penen atamnıń úyine qıdırıp kettik. Ol tayarlıq kórip qoyǵan eken, bizlerge jaqsılap dásturqan dúzetti. Awqattan keyin atam menen aǵam qarama-qarsı otırıp, kofege tiyisti. Men olardıń usılayınsha sóyleskenlerin jaqsı kóremen. Sonıń ushın qaslarında otırıp aldım. Jayda úshewimiz. Men bildirmey gazeta oqıǵansıdım, biraq eki qulaǵım solarda. Geyde áste kóz astımnan qarap qoyaman.

Atam siyasatqa qızıǵadı. Aǵam ekewi otıraǵoysa bárha usı máselede báslesip otırǵanı. Atamnıń taǵı bir ádeti— awqattan keyin múlgiydi. Qansha kofe iship otıra bersin, bári bir, kózi ilinip kete beredi. Aǵam onnan keyin tım-tırıs boladı. Biraq, otırǵan jerinen qıymıldamaydı. Atam bolsa sol kózi ilingeninen qaptalına qıysayadı, ya artına qaray taslaydı. Sonnan birazdan keyin óziniń qurıldısınan ózi shorshıp túsedi.

— Xosh... Keyin ne boldı?

Sonday da aǵam turıp ketken bolsa qattı qapa boladı, «Meni sıylamaysań»,—dep ókpeleydi. Sonıń ushın atam otırǵan waqıtları aǵam onıń aldınan bir qádem de jıljımawı kerek.

Eger uyqılap ketpesten aldın ózi sóylep atırǵan bolsa:

— Xosh, ne dep atır edim? — dep soraydı.

Aǵam onday waqıtta gáptiń qáyerge kelip toqtap qalǵanın irkilmey aytıp beriwi shárt. Sál jerde jańılıssa:

— Yaq, men bunı aytıp edim. Sóytip, qáyerge keldim? — dep qaytadan soraydı.

Mine, házir ol keyip etip kofe iship otır.

— Al, dúnyada ne gáp-sóz? Mámlekette jaǵday qalay? — dedi atam.

Aǵam endi sóyley baslap edi, atam pır-pırlap uyqıladı da qaldı. Biraq, sol zamatı seskenip oyanıp ketti. Kúni menen kózi ilinip ketkenin sezdirgisi kelmey:

— Bárekella... Bunday jaǵdayda nemecler qáyter eken? Qalay oylaysań? — dep qoydı.

Men hayranman, buǵan nemectiń ne baylanısı bar? Biraq sorawǵa juwap beriw kerek, sonıń ushın aǵam gápine nemeclerdi de qosıp jiberdi.

— Nemecler endi burınǵıǵa qaraǵanda biraz alǵa ketken qoy. Sebebi, olar...

Usı jerge kelgende jáne qorıldı esitildi. Aǵam gápin toqtatıp gazeta oqıy basladı. Atam jáne kózin ashtı.

— Amerikalılardıń kózqarası qalay?

Ózimdi zorǵa tutıp otırman. Sál erk bersem kúlip jiberejaqpan. Aǵam biraq sır aldırmastan juwap berdi:

— Amerikalılar dúnyaǵa ústemlik etkisi keledi. Olardıń armiyası..

Qoyde atam jeti uyqılaǵanda túsine kirmeytuǵın sawallardı qoyıp saladı.

— Rim papası ne deydi? Qáne, ayta ber...

— Rim papası ma? Ol ne deytuǵın edi... Ol qádimgi, burınǵıday...

Atam uyqısın qandıra ma, áytewir gáptiń baǵıtı ózgeredi. Endi onıń ózi sóylep ketti. Atam Túrkiyanı rawajlandırıw ushın ne islew kerekligi haqqında ayttı. Bunıń ushın ásirese atızdan ónetuǵın ónimlerdi shetke satıw kerek eken.

— Biz sapası jaqsı temeki, paxta, badam satıwımız kerek... Onnan keyin ǵálle... Aqırı, elimiz temekiniń, ǵalleniń, badamnıń káni ǵoy. Badamshılıq.. qur-r...

Aǵam jáne gazeta oqıwǵa májbúr boldı.

— Qáyerde toqtap edik? — dedi birazdan keyin atam kózin ashıp.

— Badamshılıq máselesinde.

— Tuwrı, badamshılıq máselesinde...

Sol waqıtları esik tıqıldadı. Ashtım. Ústi-bası pákize bir kisi atamdı soradı.

— Keliń, keliń, — dedi atam miymandı kútip alıp. — Qay samal ushırdı seni?

Miyman qolıma bir qutı berdi. Men onı kempir apama aparıp berdim. Sonıń arasınsha Miytin de jetip keldi. Birge qutını ashtıq. Ishi tolı kashtannıń shańǵalaǵı eken. Qant sepken kashtandı sonday jaqsı kóremen!

Qonaq bosaǵada turǵanda-aq kózime ısıq kóringen edi, lekin qayaqta kórgenimdi esime túsire almadım. Úyge kirip, bir zaman gáplerin tıńlap otırdım. Sonda barıp onıń dawısınan tanıdım. Kim ekenin aytayın ba? Ótken jılı Respublikanıń bayramında[1] mektebimizge bir jurnalist kelgeni esińde me? Aqlıǵı bizde ekinshi klasta oqıydı eken. Respublika haqqında kóp aytıp bergen edi. Esińe tústi me? Onıń aytqan gápleri ele yadımda: «Balalarım, sizler haqıyqıy Watan ıshqıpazı bolıp jetisińler. Ana-jurtıńızdı jannan artıq súyiń. Onı jaqsı bilip alıń. Úlkeygenińizde Anatoliya awılların birme-bir aralap shıǵıń. Óz kózińiz benen kóriń óyerlerdi. Uzaq awıllarǵa barıp jumıs islerńler. Respublikanıń keleshegi sizlerdiń qolıńızda, ul-qızlarım!» Sonda bul gáplerden hámmemiz qattı tásirlengen edik.

— Men sizdi tanıyman, — dedim oǵan ózimdi tuta almay. — Ótken jılı biziń mektepke kelip edińiz. Sizdi Stambulda kórip edim.

— He, solay ma... Aqlıǵım, sóyerde oqıydı.

Tili maylı miymannıń gáplerin jáne de esitkim keldi. Sóytip, áste bir shetke barıp otırdım. Keyin ne boldı de? Barlıq arzıw-úmitlerim pushqa shıqtı. Esit, Axmed.

Onıń balası muǵallim eken. Qalada jasaǵannan keyin oǵan awıldıń hawası jaqpaydı-mısh. Qalaberse, bala shaǵalı bolıp ketken, hayalı amerikalı. Jas qatın menen Anatoliya awıllarında tentirep júrse uyat bolarmısh! Úlkenirek jerde isleytuǵın bir-eki tanısları bar eken, solardıń járdemi menen balasın Stambulda qaldırıptı. Mektepte isleytuǵın qusaydı. Biraq, bul mektep balasına qatnap islewge alıslıq etip atırǵan-mısh. Mashında bir saatlıq joq eken. Biraq

---

[1]Turkiyanıń respublika bolıp járiyalanǵan kúni.

onıń úyiniń qasında da bir-eki mektep bar, balasın sol mekteplerdiń birewine ózgertiw ushın ol Ankaraǵa kelipti. Atamnıń sol tarawda isleytuǵın jaqın bir jorası bar eken, bir awız aytsa gúlala-gúl.

Usını esitip qanım qaynap ketti.

— Bunday awhalda biyshara Anatoliya awıllarına ilim nurın kim jetkeredi? — dedim ádepsizlik bolsa da.

Ol gápime túsinbedi me, ya túsingisi kelmedi me:

— Ne deyseń, qızım? — dep soradı.

— Bar qız jumısıńa! — dep atam maǵan baqırıp jiberdi. — Kofe ákel!

Kofe ákelip berip, jaydan shıǵıp kettim.

Vannaǵa barıp eki bólek sabın aldım. Lágende qaynaǵan suw bar eken, olardı soǵan saldım. Demde erip ketti. Lágendi dálizge alıp shıqtım da, kópirgen suw menen tekshelerdi juwa basladım.

— Ne qılıp atırsań? — dedi Miytin. Ol joqarıdan qarap turǵan eken.

— Undeme, keyninen kóreseń.

«Basqa adam tayıp ketpesin» dep joqarıǵa shıǵıp qarap turdıq.

Miyman ornınan turdı. Biz Miytin ekewimiz ishke kirdik. Atam menen aǵam onı bosaǵaǵa deyin gúzetip saldı.

— Xosh, jaqsı barıń.

— Anaw-mınaw xızmetińiz bolsa tayarmız...

Gápi awzında qaldı. Shep qolı joqarı kóterilip, awdańlap ketti.

Ishke qaytıp kirgenimizde:

— Úyden shıǵa sala nege oynaqlap ketti? — dedi atam aǵama qarap.

Dárhal men juwap berdim:

— Isi ońınan kelgenge ábden quwanıp ketken shıǵar?

Miytin ekewimiz juwırıp balkonǵa shıqtıq. Qarasaq, esiktiń aldında uzın eki ayaq sozılıp atır. Mashını sol jerde eken, shofyorı juwırıp kelip, onı zorǵa súyep turǵızıp alıp ketti.

Miytinge sol kúni quday berip qaldı. Kúle beredi. Biraq, oǵan isenemen, heshkimge aytpaydı. Al, ózimnen-ózim qorqa basladım: «Biysharanıń bası jarılǵan bolsa ne qılaman?».

Birazdan keyin úyge qaytıp kirdik. Aǵam gazeta oqıp otır eken.

— Gáp qáyerge kelip qalıp edi? — dedi atam kózin ashıp.

— Gápti túwesken sıyaqlı ediñiz.

— Solay eken-aw... Al, endi atom urısı bolar ma eken?

Aǵam bir nárseler haqqında ayttı, soń baǵanaǵı miymannıń kimligin soradı.

— Sorap qáyteseń, balam, — dedi atam oǵan, — qanday jaǵday bolsa da ayaǵın tórtew etip júretuǵın qıylısınan...

— Ata, ótinishi ne boladı, dostıńızǵa aytasız ba?

— Adamnıń júzi ısıq boladı, qızım. Wáde berip qoydım, endi orınlawım kerek.

Atam gúrsige shalqayıwı menen uyqıǵa ketti. Aǵam ayaǵınıń ushınan basıp shıǵıp ketti.

Sen aldınǵı xatıńda «Gápim sozılıp ketti», degen ekenseń, mine, meniki senikinen de ótip ketti.

Hámmeńizge tabıslar tileymen.

**Ziynep**

P. S. Bıltır sol jurnalist mektebimizde sóylegende tásirlengenim sonshelli, kózime jas alǵan edim. Endi onday gáplerdi esitsem hesh jılamayman.

**Z.Ya.**

## QIRÁÁT KEREK

*Stambul. 20-yanvar, 1964-jıl*

*Jannan artıq kóriwshi dostım Ziynep!*

Sen aytqan dańqlı adamdı tanıyman ǵoy. Mektebimizge kelip, «Watan ishqıpazı bolıń», — dep sóylegenleri ele esimde. Xatıńnıń túsindirmesi de bar eken. «Endi onday gáplerdi esitsem heśh jılamayman», — depseń. Yaq, Ziynep, jılamaw

múmkin emes. Piyaz tuwraǵanda da sonday boladı. Heshkim bile tura kózinen jas shıǵarmaydı. Ózi quyılıp kele beredi. Kóz ashıp ketkennen keyin jas shıǵadı-dá! Sen aytqan adamnıń dawısı da usınday — ashshı piyazǵa usaydı. Bunı men basımnan keshirgennen keyin aytıp atırman. Radioda sóyleytuǵın bir adam bar. Sonıń dawısın esitsem boldı, kózime jas kele beredi. Sonday bir kúni kewlim buzılıp tur edi:

— He, Axmed, saǵan ne boldı? — dedi aǵam. — Nege jılaysań?

Bılay oylap kórsem, nege jılap atırǵanımdı ózim de bilmeydi ekenmen. Hayran qalatuǵın gáp? Biraq, bolǵan waqıya bul. Keyin ózim de hayran boldım — «Nege jılap otırman ózimnen-ózim?». Oylap kórsem, maǵan ol adamnıń aytqan gápi emes, dawısı tásir etedi eken.

Piyaz tuwrap otırǵan adamnan «Nege kóziń jasawrap tur?» — dewge bolmaydı, onıń mánisi ayan. Sonday-aq, birewdiń gápin tıńlap, kózine jas alıp otırǵan adamnan da sebebin soraw qıyın.

Bir kúni atam meni meshitke alıp barǵan edi. Namaz tamamlanıp, imam adamlarǵa arabsha bir nárselerdi oqıp berdi. Imamnıń gápin tıńlap otırǵan atam birden eńirep jılap jiberdi. Onı kórip men de ózimdi tutıp tura almadım. Úyge qaytıp kiyatırıp, atamnan baǵana nege jılaǵanın soradım:

— Ata, arabshanı bilesiz be? Imamnıń gápine nege jıladıńız?

— Qayda deyseń, balam! Arabshaǵa men de, imam da túsinbeymiz.

— Onda nege jılaysız?

— Ózimdi tıya almasam qáyteyin. Imamnıń qanday qiráát penen oqıǵanın kórdiń be? Bálkim, qıyametten sóylep atırǵan shıǵar.

Atamnıń esine imam túsip, taǵı kózine jas aldı. Men de oǵan qosıldım. Tiykarında, imam adamdı kúldiretuǵin nárse oqıǵan bolıwı da múmkin.

Bul waqıyanı elege deyin yadımnan shıǵarmayman.

Bizler bette bir adam bar. Ózi kósheme-kóshe jemis kóterip júredi. Qudaydıń qutlı kúni bosaǵamızdıń aldınan baqırıp ótedi. Sol adamnıń dawısın esitsem, bilmeymen nege ekenin, kózime jas kele beredi. Bolmasa, gápiniń kisini jılatqanday jeri joq: «Kapusta piyaz keldi, alıp qalıń! Kimge piyaz, kimge pomidor?». Bunıń nesine jılaysań? Demek, maǵan onıń sózi emes, dawısı tásir etetuǵın bolsa kerek.

Muǵallimimiz de bizlerge mudamı qosıqtı qiráát penen oqıwdı úyretedi. Oqıw kitabına bir qosıq bar — *Árman menen ketken adam* dep baslanadı. Muǵallimiz usı qosıqtı qáytip oqıw kerekligin kóp úyretti: *Tánde dármanım qalmadı* degen ekinshi qatarın sozıńqırap, ilajı barınsha muńlı etip oqıw dárkar. «Tap bir bazarda sadaqa sorap júrgen adamlarǵa qusap, dawıstı tarǵıllatıp, *Tánde dá — árma-nım qalmadı deń*».

Usı qosıqtı esitsem kózime dóńgelenip jas keletuǵın boldı. Bir kúni muǵallim sonı *Tánde dá-árman-ım qalmadı* — dep qiráátke salıp oqıp edi, artta otırǵan bir bala shıday almay:

— Ya alla! — dedi suwıq demin alıp.

— Kim bul? — dep baqırdı muǵallim. — Qáne, tur ornıńnan.

Arttan Jasar túrgeldi.

— Keshirersiz, muǵallim, bilmey awzımnan shıǵıp ketipti.

Muǵallim onı ayıbın moynına alǵanı ushın keshirdi. Qosıq oqıwdı jáne dawam ettik.

*Bir urtlam suwǵa zar kewlim, hasla mádarım qalmadı.*

*Bir urtlam...* degen qatardı oqıǵanda dawıslar dirildep turıwı kerek eken. Mısalı, sen suw emes, janıńdı amanat qaldırıwın gázzaplardan soranıp turǵanday bolıp seziliwi tiyis.

Adam balası sózge sonday sheber bolıwı lazım, qayerde jumsaq, qáyerde qattı sóylewdi biliwi kerek. Buǵan jaqsı túsinemen. Aǵam mudamı xojeyinin mısal etedi. Kóbinese, fabrika xızmetkerleri yamasa olardıń jibergen wákilleri xojeyininiń aldına kirip, kún kóristiń qıyınlasıp ketkenligin aytıp, is haqısın kóbeytiwdi talap etedi. Sonday waqıtta xojeyin ilajı barınsha dawısın jumsartıp, múláyimlilik penen bir nárselerdi

aytadı eken. Sóylep otırǵanda ózinen-ózi tolqınlanıp, kózinde jas irkildeytuǵın qusaydı. Bunı kórgen jumısshılar da kózine jas aladı. Eki ortada hámmesiniń kewli buzılısıp, birazdan keyin ózine kelgen soń, baǵanaǵı jumısshılar nege kelgenin de umıtıp, dım úndemey shıǵıp ketedi eken. Shıqqannan keyin bir-birine qarap, «Xojeyin ne dedi, biz nege jıladıq?», — dep hayran bolatuǵın qusaydı.

— Házir men xojeyinniń aldına kiremen, — depti aǵam bir kúni doslarına. — Táwekel. Ne dese de qılp etpey tura beremen. Ya aylıqtı kóbeytedi-dá, ya meni jumıstan shıǵaradı.

Aǵa, ǵázep penen xojeyinniń aldına kire sala «bey efendim»,[1] — degeni sol eken, xojeyin onıń gápin ilip alıp ketipti.

— Bilemen, aǵaynim, bilemen. Hámmeden beter saǵan qıyın. Kún kóris awırlasıp ketti... Xabarım bar, sezip júrippen.

Joqarıdaǵı sózlerine kewliń, álbette tolqımaydı. Biraq, qıǵan menen esitkenniń parqı bar eken. Birew saǵan shın kewilden, dártińdi túsinip, ǵamgúnlik penen aytıp atırǵanda kewiń tas bolsa da erip ketetuǵın qusaysań. Lekin, aǵam ...dam menen tisin-tisine qoyıp tura beripti. Eki ortada sawal-juwap baslanıptı.

— Xojalıǵıńda neshe jan bar?

— Bes adamdı baǵıp otırman.

— Wah-wah, saǵan qıyın bolǵan eken...

Xojeyin awır gúrsinipti. Onıń rehimi kelip atırǵanın kórip, aǵamnıń ókpesi isinip turıptı da, taǵı ózin-ózi tutıptı.

— Kishkeneler mektepke bara ma?

— Birewi — oqıydı, ekinshisi — úyde.

— Átteń, átteń... Demek, ekinshisin oqıtıwǵa qárejetiń jetimlik qılıptı-dá.

— Yaq, ele jas. Úlkeysin, álbette oqıtaman.

---

[1] Efendi (túrkshe — efendi ) — er adamlarǵa ádep júzesinen aytılatuǵın qaratpa sóz)

— Onıń ústine úsh jılda bir ret hayalıńa palto alıp beriwiń kerek. Qara, qanday aqırzaman-á!

— Yaǵa, onsha emes qoy, ilajlap turıppız.

— Ol tez-tez awırıp ta turatuǵın shıǵar?

— Densawlıǵı jaqsı.

— Saw adamnıń kesel bolıwı qıyın emes, dostım. Sál jerde tósek tartıp jatıp qalsa ne qılar ediń? Oy-buw. Biysharaǵa qattı qıyın boladı. Shıpakerge kórsetiw kerek, ol dári-dármaq jazıp beredi... Hámmesi puldıń jawı. Operaciyanı qáytpekshiseń?

— Qanday operaciya?

— Balańızdı-dá.

— Operaciyası nesi?... Heshqanday operaciyanıń keregi joq!

— Házir qájeti joq, biraq keyin boladı. Basta bar sawda bul...

Xojeyinniń dawısı tarǵıllanıp, kózine jas kelipti. Usıǵan deyin ózin tutıp otırǵan aǵam onnan arjaǵına shıday almaptı.

— Qoyıń xojeyin, bir ilajı bolar... Qoyıń, jılamań endi.

Keyin biri-birine qosılıp, eńiresip jılap alǵan qusaydı.

— Xojeyin menen ne sóyleskenimiz ele esimde, — deydi aǵam hár saparı sol waqıyanı eslegende. — Lekin, sóyerge kelgennen keyin pútkilley ózimdi joǵaltıp alıppan. Xojeyin onnan basqa da biraz nárselerdi aytıp, kewli buzıldı. Keyninde ekewimiz bir-birimizge táwelle bermey jıladıq. Bir zamanlarda esimdi jıyıp «Ne aytıp atır eken?» dep tıńlasam, Házireti Áliydiń balaları Asan hám Úsenniń qalay shéyit bolǵanların gáp qılmaqta eken. Bul zańǵar qalay etip Asan menen Úsendi gápimizge ákelip baylanıstırdı, bilmeymen.

Qullası, sol kúni aǵam xojeyinniń aldınan qabaǵı mushtay bolıp shıǵıptı.

Mine, kórdiń be, Ziynep, dawısı ótkir adam sóylegende jılamay tura almaysań. Eger sol jurnalist mektepke kelip keleǵoysa, kóz jaslardıń tógiletuǵını turǵan gáp.

Al, saw bol. Xatıńdı kútemen.

**Axm...**

# BIRLIKSIZ MEKTEP HÁM ÚY

*Ankara. 24-yanvar, 1964-jıl.*

*Dostım Axmed!*

Házir ǵana 20-yanvarda jazǵan xatıńdı aldım. Keshe ukol alıp, búgin oqıwǵa barmay otır edim. Xatıńdı oqıp otırıp, qattı kúlip jibergen qusayman:

— Ozińnen-óziń nege kúleseń? — dedi apam.

Sennen kelgen xatqa kúlip otırǵanımdı ayttım.

— Ne depti?

Sóytip, jazǵanlarıńdı apama da oqıp berdim. Ol da kúldi.

Saǵan men «Mektep penen úydiń birligi» haqqındaǵı bir májilisti aytıp bermekshi bolıp júrip edim. Mine, búgin imkaniyatım bar. Waqıt kóp. Ukol sál qızdırıp turıptı-dá, biraq shıdawǵa boladı.

Jaqında mektepte ata-analar jıynalısı ótti. Ayına bir márte bolıp turadı ózi. Besinshi klastan bes bala náwbetshilik etetuǵın boldıq. Úsh qız, eki bala. Sol kúni májiliste bolǵan gáplerdiń hámmesin óz qulaǵım menen esittim. Júdá qızıq gápler boldı. Saǵan solardı aytıp bermekshimen.

Náwbetshilerdiń wazıypası jıynalıs tamam bolǵannan keyin olarǵa shay, pechenye, limonad úlestirip shıǵıwdan ibarat. Sonıń ushın bizlerdi ishke jibermedi, dálizde turdıq. Zalda adam tolı bolǵan soń ishi dımıǵıp ketti, aqırı esiktiń eki jaǵın da ayqıra ashıp qoydı. Dálizde turıp hámme gáplerdi esitip aldıq.

Direktor májiliste birinshi bolıp sóz sóyledi. Ol dáslep mulayım sóyley baslasa da, keyin doq urıwǵa qaradı. Gápiniń baǵıtı bılay: ata-analar perzentlerin qarawsız, óz basına jibergen, nátiyjede hámme salmaq mektepke túsipti. Sonı umıtpaw kerek, mektep — úyden baslanadı. Ata-ana balanı úyde tergep turıwı, waqtında sabaq tayarlatıwı, mektepke kelip, onıń oqıwınan, júris-turısınan xabar alıp turıwı tiyis.

— Balam liceydiń birinshi klasında oqıydı. Usı mekteptiń jumıslarınan bir zaman waqıt awıstırıp, sonnan xabar ala almayman, — dedi direktor kúyinip. — Balamnıń qalay oqıp atırǵanın bilmeymen, «Bir kelip ketiń», dep xat jazıp atır, soǵan barǵanday waqıt qayda? Jumısım basımnan asıp atır.

«Mektep hám úy birliginiń» baslıǵı bolıp bir hayal saylanǵan eken, direktordan keyin oǵan sóz berildi. Ol «oqıwshılar ana tilin jaqsı bilmeydi», — dep giyne qıldı.

— Bul qanday awhal, hayranman! Ne ushın meniki balama ana tili jaqsılap úyretpeydi?

Bul adamnıń tili qızıq eken: bir gápin bir gápi quwıp ketedi. Gápi qáyerde baslanıp, qáyerde tamam bolǵanın bilmeyseń.

— Hasla múmkin bolmaydı, áfendim. Francuz tili bolsa da hesh gáp edi, nege basqa sabaq alıwın bilmesdim. Bálkim, bul tuwrı shıǵar? Biraq, ana tilinen jaman oqıdı, múmkin emes. Ádilsizlik boladı... Sonnan keyin meniki balam basqa millet perzenti boldı, túrkshe bilmey qalajaq. Ol meniki balam, qaynaqay sonday bolǵannan keyin túrkshe bilgeni shárt. Nege ol ana tilin bilmeyjaq? Tildi júdá zor oqıtadı demegenmishmen... Lekin, hárqanday túrk balası kerek demek keminde orta tildi biledi. Balam sóyleydi, túrkshe túsingenmen, onı anası túsindi, dosları túsinedi, demek muǵallimi de túsingen bolsa kerek álbette. Tilden keminde orta baha alǵan kerek.

— Keshirersiz, gápińizge túsine almadım, — dedi miyi shaǵılıp ketken klass muǵallimi. — Balańız túrk bolmaǵanı hám oǵan túrk till ana tili bolǵanı ushın «Bul pánnen keminde orta baha alıwı kerek», demekshimisiz?

— He, tuwrı, sonıkı ayt. Balamnıń gápine hámme túsinedi muǵallimi de túsingen lazım...

— Demek, balańızdıń gápine túsinedi ekensız-dá?

— Álbette.

— Balańız da sizdi túsine me?

— Túsindi bolıwı kerek.

Zalda ǵawırlı baslandı. Direktor onı tınıshlandırıp, ornına otırǵızdı.

Ata-analardan jáne birewi sózge shıqtı. Ol geyde balası bir nárselerdi sorap qalǵanda oǵan juwap bere almay qıynalatuǵının ayttı.

— Onıń soraǵan nársesin men nege bilmeymen? Ne ushın bilmewim kerek eken?

«Bunıń nesine qapa boladı», dep tursam, sebebi, basqa jaqta eken:

— Men bilmegen nárseni jas bala qalay túsiniwi múmkin? Heshqanday ózlestire almaydı. Men ózi liceydi pitirgenmen. Baslawısh klasta oqıytuǵın balamnıń sorawına geyde juwap bere almay qalaman. Bul ne degen sumlıq! Balalardıń jasına say etip, baǵdarlamanı ápiwayıraq dúziw kerek. Miyin aylandırıwdıń ne keregi bar?

Bir hayal oǵan qarsı sóyledi. Ol oqıwshılardıń bilimi sayızlanıp ketkenine, kóp nárseni bilmeytuǵınına nalıdı.

— Qızımnan ne soramayın, heshbir durıslı juwap ala almayman. Hayranman, biziń dáwirimizde oqıw baǵdarlamaları júdá keń bolatuǵın edi. Bir mısal. Jaqında ekewimiz emlewxanaǵa kirdik. Bir adam tisin shuqılap otırǵan eken, qızım sonı kórsetip, «Apa ana bir adam nege gúyis qaytarıp otır?» deydi. Ótinip sorayman, tórtinshi klass oqıwshısı adamzat sút emiziwshiler toparına kirmeytuǵının bilip júrsin!

Direktor oqıw baǵdarlamasınıń mektepten ǵárezli emesligin, onı Bilimlendiriw ministrligi dúzetuǵınlıǵın aytıp, otırǵızbaqshı bolıp edi, lekin hayal kónbedi.

— Bir nárse bolsa dárhal húkimetti betke tutasız, «Adamzat sút emiziwshiler toparına kirmeydi», dep túsindiriw húkimettiń ya ministrliktiń wazıypasına kirmeytuǵın shıǵar!

Hámmesi de birin-biri kúldiriw ushın jortaǵa aytıp otırǵanday edi.

— Klasımızda Murat degen bir bala bar. Muǵallim onı shaqıraǵoysa:

— Kimge aytıp atırsız? — dep sazırayıp tura beredi.
— Kimge boladı, sağan-dá!
— Mağan ba?
— Awa, sağan.
— İras mağan ba?
Muğallim onıń atın aytıp shaqırsa da yamasa klasta ekewinen basqa adam bolmasa da Murat ańqawsırap tura beredi. Onnan keyin muğallimniń ashıwı keledi.
— Aldımda turğan sen emes pe? Sağan aytpay kimge aytaman?
Murat sonda da aldı-artına qarap alańlaydı...
Bir kisi ornınan turdı. Keyin bilsek, ol — Murattıń ağası eken.
— Ruqsat etseńiz, men de bir-eki awız sóylesem.
— Márhámat, esiteyik, — dedi májilis basqarıp otırğan hayal.
— Mağan aytıp atırsız ba? — dep soradı Murattıń ağası.
— Awa, sizge. «Sóyleymen», dep atırsız-ğo.
— Kim? Men be?
— Awa, siz.
— Men ya?
— Awa, Márhámat, sóz sizge.
Murat qusap ol da qolın kóksine qoydı.
— Men sóyleyin be?
Zalda birew «Yaq, sen emes, men» dep edi, hámme duw küldi.
Murattıń ağası sózin baslap jiberdi. Ol «Mektepte balalarğa top oynatpaw kerek, balam top oynayman, dep sabaqlarınan jaqsı úlgere almay kiyatır», — dedi.
— Balańız neshinshi klasta oqıydı — dedi direktor.
— Kim? Meniń balam ba?
— Awa, siziń balańız.
Murattıń ağası biraz oylanıp turdı.
— Usı mektepte oqıydı.
— Klası ne, klası bar ma? Neshinshide?

— Newe neshinshi?

Jáne birew «Ayaǵıńızdıń razmerin sorap atır», — dedi. Hámme taǵı duw kúldi.

Ol bayǵus balasınıń neshinshide oqıytuǵının bilmeydi eken.

Jáne birew sózge shıǵıp, biraz waqıt ezbelik etti.

— Turkiya tek ǵana pal hárre ósiriwshilik penen ǵana rawajlanıwı múmkin, — dep basladı ol sózin.

Pal hárreshilik penen ata-analar jıynalısınıń arasında qanday baylanıs bar? Áytewir, kúlip jibermey zorǵa turmız.

Ol pal hárreshilik boyınsha kóp kitap oqıǵanlıǵın aytıp, sol taraw haqqında túsindire basladı:

— Pal hárresi ózi kishkene boladı. Qanatları da bar. Hárha ushıp júredi. Ózi pal soǵadı. Adam organizmine paldıń paydası kóp. Júdá paydalı nárse! Onı awqat penen birge yamasa awqattan keyin jew múmkin. Tiykarında, pal eki túrli boladı...

Sóylewshi pal haqqında «awzınan pal tamıp» biraz sóylegennen keyin, endi hárrelerge ótti.

— Bul jánıwarlar eki túrli boladı: jabayı hárre hám pal hárresi.

— Al, endi sol pal hárreniń kimge zárúrligi bolıp tur? — dedi direktor shıday almay.

— Pal hárresi me? Haw, onnan pal alınadı-ǵo.

— Yaqshı, paldıń ne keregi bar?

— Nege kerek emes eken? Pal hámme nársege kerek...

— Meyli, kerek. Biraq, mektepke onıń ne baylanısı bar?

— Ruqsat etiń, buyaǵın endi aytaman. Jańa birew «Balalarımızdıń oqıǵanınan qandayda bir payda bolsın», — dep sóyledi. Júdá tuwrı usınıs. Men balamnan mısal alayın. Balam úsh múyeshlerdiń qosındısı bir júz seksen gradus bolatuǵının jaqsı biledi, lekin pal hárresi máselesinde dım xabarı joq. Al, endi sol úsh múyeshlerdiń qosındısı bir júz seksen gradus bola ma, ya bes júz bola ma, onıń kimge keregi bar? Qansha bolsa bola bermey me! Mine, ózlerińiz

aytıń, sonsha jıl ómir súrip, qaysısıńızǵa zárıw boldı sol úsh
múyeshlerdiń qosındısı? Birew bizden úsh múyeshlikti soradı
ma? Heshqanday! Sonday bolǵannan keyin balalarımızdıń
miyin bolar-bolmas nárseler menen aylandırmań! Olarǵa
paydalı nárseni, máselen, pal hárreshilikti úyretsin. Turkiya
tek te pal hárreshilik penen kamal tabıwı múmkin. Hárrenin
qoy menen sıyırǵa qaraǵanda kóp parqı bar. Sıyır sút
beredi, biraq oǵan ot-jem kerek. Hárre sennen hesh nárse
soramay-aq kóp pal beredi.

—Usınısıńız júdá durıs,—dedi bir kisi ornınan turıp.
—Lekin, qala sharaytında pal hárreshilikti rawajlandırıw
qıyın. Nege deseńiz, onıń hawası jaman, shań-tozań, tútin
hám taǵı basqa. Pal hárresi bularǵa qalay shıdaydı? Onnan
qalsa, hárreden sharayatqa ılayıq pal alıw múmkin. Qalada
ol pal emes, basqa nárse beriwi múmkin. Endi meniń basqa
usınısım bar. Pal hárresine bas qatırıwdıń ornına tawıqlarǵa
itibar beriw kerek. Tawıq jaqsı nárse. Balalarımız tawıq
baǵıwdı jaqsılap úyrenip alsa barma...

Direktor onıń gápin bóldi:

—Men jáne qaytarıp aytaman, efendim, mektepte
pal hárreshilikti rawajlandırıw, tawıq yaki sıyır baǵıw
bizge baylanıslı emes. Sabaq baǵdarlaması Bilimlendiriw
ministrliginde tastıyıqlanadı. Qalaberse, bul jer awıl xojalıq
mektebi emes.

—Máseleden biraz shıǵıp ketken qusaymız,—dedi bir
hayal ornınan turıp. —«Mektep hám úy birligi»niń aǵzası
sıpatında meniń bir usınısım bar. Mektepte kámbaǵal balalar
da oqıydı. Solarǵa járdem beriw kerek. Xosh, ne qılamız?
Lotoreya oynap pul jıynaymız ba yamasa ótken jılǵıday
olarǵa arnap bir keshe ótkizemiz be?

Uzaq tartıstan keyin olarǵa keshe ótkizip beretuǵın boldı.
Sol jerdiń ózinde ata-analardan qayır-saqawat pulı jıynap
alındı.

Jıynalıs tamamlanıp, hámme muǵallimdi orap aldı. Hár kim
onnan óziniń balası haqqında sorap atır. Biz, náwbetshilik

...lasqa kirip hámmeniń aldına shay, limonad pechenye qoyıp ...shıqtıq.

...rasın aytsam, sol kúni bir ház etip qaldım. Qáne, sonday ...májilisler tez-tez bolıp tursa! Sizlerde de májilis bolsa esabın ...awıp kir, gáplerin esit.

Jolda kiyatırıp apamnan:

— Sen nege sóylemediń? — dep soradım.

— Mağan gezek jetti me? Hámme awzına kelgenin qustı...

— Aytatuğın gápiń barmedi?

— Bar emey ne? Bir nárse tawıp aytar edim, áytewir. Sóz ...bermese ne qılayın?!

Mine, kórdiń be, Axmed, xatım tağı sozılıp ketti.

Sağan tabıslar tileymen.

**Ziynep**

## SHAQQANLAR JARÍSİ

*Stambul. 30-yanvar, 1964-jıl.*

*Ziynep!*

Xatıńdı aldım. Sen aytıp bergen jıynalıs tap kino kórgendey ... aldımda elesledi. Biziń ağam hesh ata-analar jıynalısına ...barmaydı. Geyde jumısı kóbeyip ketse yarım aqshamda ...keledi. Ağam tek bazar kúni ğana biz benen birge boladı. ...niń ushın barlıq táshwish — apamnıń moynında. Jıynalısqa ...barıwğa qolı da tiymeydi.

Sağan aytatuğın bir xosh xabarım bar — shaqqanlar jarı...sında ılaqtı biziń «danıshpan» alıp ketti.

Gápime túsinbegen shığarsań? «Danıshpannıń» kim eke...nin bileseń be? Úkem Fatush. Ótken bazar kúni altı bala óz ...ara jarıs ótkerdi. Olardı úlkenlerdiń ózleri básekilestirdi. Sol ...jarısta birinshi orındı biziń Fatush aldı.

Meniń eki ájağam bar. Úlken ájağamnıń — bir ul, bir qızı, ...kishkenesiniń tek bir ulı bar. Sol ekshembi kúni ájağamlar úy...leri menen biziń úyge qıdırıp keldi. Ağam bir injener jorasın ...da shaqırğan eken. Keyin qońsımız keldi. Olar da balalar ...ertip kelgen eken. Qullası, úyde altı balanıń bası qosıldı.

Úlken ájaǵamnıń bir ádeti bar, kim kóringenge óziniń balaların maqtaydı. Hár saparı olardıń jańa-jańa qılıqların aytıp bopsıydı:

— Anaw kún kishkenesi qanday óner kórsetti deń? Awzım ashılıp qalıptı. Olla-billa, birewge aytsań inanbaydı.

Genjetayınıń islegen isi sol, aǵası jumıstan kelgen waqıtta juwırıp barıp tapochkanı ákelip beripti.

— Mushtay balanıń soǵan aqılı alısıp júrgenine qara. Táwbe qılıp jaǵamdı usladım. Tapochkanı kiymekshi bolǵanımdı bilgenin qarań-á... Aylanıp ketsin ákesi deydi! Qaraǵımnıń bası tıǵılıp qalǵan aqıl, — dep gárdiyedi.

Maqtap otırǵan genjetayı ógizdey bala, Fatushtan bir jas úlken.

Onıń gápin injener dawamlap ketti:

— Usı zamannıń balalarınıń bilmeytuǵını joq, biziń qız da sonday. Ele jetige tolǵan joq, sonnan kelip bıldırlap francuzsha sóyleydi.

— Yápırmay-á! Káramat ǵoy!

— Júdá káramat qız! Francuzshanı qatırıp jiberedi!

Úlken ájaǵam gáptiń baǵıtın jáne óziniń balasına qaray burdı.

— Genjetayımız júdá shaqqan, kóz tiymesin. Ájapasınan ozıp ketedi. Ájapası da áneyi emes... Ulıwma ekewi de... Bir kúni úyge túnletińkirep kelsem, anası balasınıń qılıqlarınan nalıdı, «Hesh aytqanımdı qılmaydı, úlkeyemen, dep kún bermeytuǵın boldı. Qashan kórseń — kóshede, shaqırsań kelmeydi, óziń shaqırıp kelmeseń bolmaydı», — dedi. Barsam kósheni shańǵıtıp top oynap atırǵan eken. Terlep kelipti. «Úyge kir», — deseń, jaqpaydı. «Qolınan súyrep ákelip ǵoyayın», dep jaqınlaǵanım sol, zıp berdi... Quwıp jete almadım. Mushtay balanıń sonsha tez juwırǵanın kórip hayran qaldım.

— Meniń qızımdı aytpaysań ba, sonday aqıllı bolıp deyseń...

Qońsımız endi óziniń qızın maqtayın dep kiyatır edi, úlken ájaǵam pursattı qoldan bergisi kelmedi.

— Keshirersiz, gápińiz awzıńızda... Keyin izinen juwırdım. Jete almadım. «Úyge júr, bolmasa tayaq jeyseń», — dep aybat etiwge májbúr boldım. «He, sen meniń anam ba ediń? Tuwıp pa ediń meni? Jumısıń bolmasın!», — deydi. Qara, aytatuǵın gápine... Úlken adamnıń qıyalına kelmeydi bunday gápler.

— Ómir jasın bersin, balańız júdá aqıllı eken, — dedi injener.

— Sorama sirá! Shaytanǵa sabaq beredi bul, sumteke. Hátte, úyde kim qaysı iske ılayıq ekenin de biledi...

Gápi shala qalǵan qońsımız kelgen jerden baslap jiberdi:

— Qızımız súwretti qatırıp soǵadı. Soqqan súwretlerin kórseń hayran qalasań.

— Jaman kózden saqlasın, qızımızdıń qolı gúl, — dep qosıp qoydı anası.

Náwbet kishkene ájaǵama jetisti.

— Usı zamannıń balaları biri-birinen ótedi. Biziń bala...

Ájaǵamnıń balası júdá xoshhawaz eken.

— Biziń Fatushımız oyınshı bolatuǵın túri bar, — dedi aǵam gápke qosılıp, — «Tvist» degen bir oyın bar eken, sonı qatırıp oynaydı.

— Qızımdı oyınshı etpeymen, kerek emes, — dedi apam qarsılıq bildirip.

Qullası sonday... Bir kúni qońsımız da taza gáp tawǵan bolıp quwanıp kelgen edi. Bir yarım jasar balası apıl-tapıl júre baslaǵanmısh... Endi ne, ol ushıw kerek pe eken? Aytıp, miyi tolıq balalar bir zamanda úydi tozańǵıtıp jiberdi. Baǵanaǵı injenerdiń Tariyx degen balası bar. Úp-úlken bala, sonda da ekinshi klasta oqıydı.

— Kishkentay waqtında Tariyx ájayıp bala edi, — dedi injener. — Negedur, úlkeye kelip ózgerdi.

Qáne, qáne, nesi ájayıp edi? — dedi kishkene ájaǵam.

Injenerdiń balası da usı jerde edi. Aǵası aytıp atır, men názer salıp qarayman, gáp etkendey heshteńesi joq: túri suwıq, tımsıraygan bir bala.

Tariyxtı apası shaqırdı. Ol úsh-tórt márte atın aytıp baqırsa da, bala dım esitpegendey otıra berdi.

— Newe! Ne deyseń?! — dedi aqırı aynanı ashıp.

Ata-analar óz perzentleriniń nege uqıplı ekenin bir kórsetip qoymaqshı edi. Hámme sol pursattı sabırsızlıq penen kútip otır. Aqırı, úlken ájaǵam shıdamadı.

— Qáne, qızım, aǵalarıńa bir qosıq aytıp ber, — dedi bes jasar qızın shaqırıp.

Qız erkelik etip, bılǵańladı.

— Bola ǵoy, aynanayın!

— Aytqım kelmeydi.

— Bular ájaǵası ekewi de muzıkaǵa iqlaslı, — dep gáp qostı kishem. — Namanı dárriw yadlap aladı. Pianino shertkende barmaqların kóz ilmeydi. Qáne, házir pianino bolǵanda balam bir nama shertip berer edi.

— Bola ǵoy, qızım. Qosıq aytıp berseń shokolad beremen

— Neni aytaman?

— «Bey ulınıń qızların» ayt.

Ájaǵam sháynektiń qaqpaǵın alıp shıqıldattı, kishem barmaǵın shırtıldattı. Sonnan keyin barıp ólimsiregen dawıs esitildi:

*Bey ulınıń qızları, yar-áy,*
*Bey ulınıń qızları, yar-áy;*
*Súziledi kózleri, yar-áy.*

Qız tezden toqtap qala beredi. Anası kelgen jerinen demep jiberedi. Sonnan keyin taǵı jańaǵıday ınjıq hawaz esitiledi.

Qosıq tamamlanǵan soń hámme qol shappatladı. Kishem injenerdiń hayalınan keshirim soraǵan boldı.

— Búgin onsha xoshı bolıńqıramay turıptı, apası, dawıs shıqpay tur.

— Yaǵá, áneydey dawısı bar eken, kóz tiymesin, — dedi ol.

Kishkene ájaǵam gezekti óziniń balasına alıp bermekshi boldı.

— Qáne, balam, sen endi qosıq oqıp ber.

Bala bir múyeshke tıǵılıp aldı.

— Haw, bol endi.

Balanı zorladı, jalındı, bári bir hesh nárse ónbedi.

— Aytpaysań ba? — dedi ájaǵam ashıwı kelip, — Nege ınjıqlıq eteseń?

Balası jılap jiberdi. Soń solqıldap otırıp, zorǵa qosıqtı basladı. Aǵası menen apası oǵan járdemlesti. Bala bir sózdi aytqanınan keyin, keyingisin umıtıp qaladı eken.

— *Pıshıǵım... pıshıǵım... pıshıǵım...*

— Qáne, qáne, keynin ayt.

— *Pıshıǵım... pıshıǵım...*

Kishem hayran boldı.

— Saǵan ne boldı, balam?! Balama kóz tiygen qusaydı!

— Pıshıǵım... pıshıǵım... pıshıǵım...

— Ne, mıń pıshıǵıń bar ma, áwmeser?! — dedi ájaǵam shıdamay.

Hámme kúlip jiberdi.

— Balanıń zeynine tiyme! — dedi kishem onıń tárepin alıp. — Shaymiy etip qoyǵanıń az ba?

Bala: *Pıshıǵım...*

Ájaǵam: *bar...*

Bala... *bar kishkene... kishkene, kishkene.*

Kishem: *Ishkenleri...*

Bala: *Ishkenleri...*

Ájaǵam: *Sútgene.*

Bala: *Sútgene.*

Kishem: *Miyaw, miyaw...*

Bala: *«Miyaw, miyaw» etedi.*

Ájaǵam: *Kózin...*

Bala: *Kózin súzip turadı. Bersem...*

Ájaǵam: *Xosh, neni bersem?*

Bala: *Bersem nandı jemeydi.*
*Ózi tıshqan tutpaydı.*

Kishem: *Bárekella, balam.*
Bala: *Jalqaw eken bilsem,*
*Meniń hayyar pıshıǵım.*

Bala jeńil dem aldı. Qosıqtıń túwsilgenine bala da, biz de quwandıq. Lekin, ájaǵamnıń kewli tolmasa kerek, «ógiz» dep balasına jekirindi.

— Tanımaytuǵın adamlardıń aldında jatırqaǵan qusaydı.

Injenerdiń hayalı kishemniń bul sózin maqulladı.

— Awa, kópshiliktiń kózinshe uyalǵan ǵoy.

Biz qol shappatlap turǵan edik, ájaǵam usı payıtta kóziniń jasın súrtip, sırtqa shıǵıp ketti.

— Súwretlerińdi alıp keldiń be, qızım? — dep soradı qońsımız qolı gúl qızınan. — Bolmasa, ákel barıp, ámekileriń kórsin.

— Iyy, — dedi qızı erinip.

— Boyaw bolsa usı jerde-aq soǵadı, — dedi apası qızın marapatlap.

Aǵam maǵan qaradı.

— Bar, boyawlarıńdı ákel.

Ashıwım kelip ketti. Lekin, ilajım joq. Aǵamnıń ózi jańa jılda sawǵa etken boyawların alıp shıqtım. Qız stoldıń ústine eńkeyip alıp, boyawlardı órli-ǵurlı úykey basladı. Ǵıjırdanım qaynap, bılayıraq barıp turdım.

Usı waqıtları injener miymanımız francuzshanı taqıldap sóyleytuǵın qızın qasına shaqırdı. Keyin oǵan francuzshalap bir nárse dedi.

— Oui[1] — dep juwap berdi qızı.

Aǵasınıń keyingi sawalına da — tap sonday etip. Injener ne dese de qız sol bir juwaptı tákirarlar edi.

— Ne bále, «uwiy» dan basqa sóz qapılıp qaldı ma? — dedi ákesiniń ashıwı kelip.

— Bolmasa non[2] deyin be? «Noń»ǵa kelip pe edik?

— Awa-dá, «noń» dep juwap beriw kerek.

---

[1] Awa (aytılıwı tekstte berilgen).
[2] Joq (aytılıwı tekstte berilgen).

Qız «noń»ǵa ótip aldı. Aǵası ne nárse soramasın, «noń» dan jazbaydı. Atalı-balanıń sózlerine dıqqat penen qulaq túrip turdım. Sebebi, bolǵan waqıyanı saǵan jazıp jiberiwdi niyet etken edim. Lekin, injenerdiń francuzshalap aytqan sózlerine hesh túsinbedim. Ayırım esimde qalǵanların liceyde oqıytuǵın bir baladan sorap bilip aldım.

— Ferme la porte?[1] — dedi tosattan aǵası.

Qız juwırıp barıp apasınıń betinen súyip aldı.

— «Ferm lya port» — «Anańdı súy», degen sóz yemes, qızım, ol ǵoy «Baise la mere»[2] boladı.

— Balanıń jinlisin shıǵardıń-aw, — dedi apası qızınıń tárepin alıp.

— Bolmasa, «Ferm lya port», degende ne islew kerek?

— Sonı da bilmeyseń be, «Terezeni ash», degen ǵoy, — dep anası bilgishsindi.

— Sen bizge kesent berme, — dedi injener hayalına. — Ouvre la fenetre[3] ni aytıp atırsań sen. «Ferm lya port» — «yesikti jawıp kel», degen.

— Heshqanday da! — dedi hayalı óshegisip. — Mektepte bizge solay dedi.

Erli-zayıp óshegispege qaradı.

— «Francuzsha bilemen», — dep gárdiye berme. Bizler de oqıǵanbız, francuzshanı. Qálegen adamıńnan soray ber, «Ferm lya port» — «Terezeni ash», boladı, — dedi hayalı qaytpay.

— Men aqırı francuzshanı oqıwdan tısqarı — Franciyada boldım.

— Way-way-way, birge bardıq ǵoy? Esińde me, ekewimiz dúkánǵa kirgende maǵan byusgalter[4] ápermekshi bolıp sharat etkeninde, dúkánshı bizlerge aw qusaǵan bir nárse aperdi.

---

[1] Esikti jap (aytılıwı tekstte berilgen).
[2] Anańdı súy (aytılıwı: bez lya meǵ)
[3] Terezeni ash (aytılıwı: uvǵ lya feentǵ)
[4] *Byusgalter* — hayal-qızlar ushın kókirek qap.

— Pay, qatırdıń-aw, —dedi injener narazı bolıp. — Franciya menen Germaniyanı ǵabırıstırıp jiberdiń-ǵo. Bul waqıya aqın Germaniyada boldı. Francuzlardıń ózleri hayran qaladı men sóylegende...

Erli-zayıptıń tartısın súwretshi qızdıń ákesi bóldi.

— Súwretiń tayar boldı ma, qızım?

— Boldı.

Kútpegende súwretshi qızdıń anası shır-pır boldı.

— Way, súwretińe ot túskir! Tap-taza kóylegimdi wayran qıldıń-ǵo.

Qarasaq, súwretshi qızımız hámme jaqqa boyaw jaǵıp taslaptı.

— Bárekella, qızım, qatırıpsań, — dedi ákesi ilajsız.

Ónerli balalardı kórse aǵam eljirep ketedi. Talantın kórsetpegen tek biziń Fatush qalıp edi.

— Meniń qızımnan ájayıp oyınshı shıǵadı, — dedi aǵam miymanlarǵa qarap. — Qáne qızım, bir tvistke túsip ber, bulardıń awzı ashılıp qalsın.

Bir múyeshke tıǵılıp turǵan Fatush qılt etpedi.

— Bola ǵoy, qızım, «appaǵım» deydi.

Úkem basın kótermey, tómen qarap tura berdi.

Onı oyınǵa túsiriw ushın aǵamnıń ózi tvistti baslap jiberdi. Oǵan injener hám onıń hayalı da qosıldı.

— Qáne, kel, bizler menen qosılıp oyna, — dep hámmesi Fatushtı qıstastıra basladı.

— Bar, oynap bere ǵoy, qızım, — dep apam Fatushtıń arqasınan iyterip edi, onıń kúni menen nege úndemey turǵanı málim boldı.

— Way, qurǵan mańlayım, isti pitirip turǵan ekenseń-ǵo, — dedi de apam Fatushtı dalaǵa kóterip alıp shıǵıp ketti.

— Haw, onday ádeti joq edi ǵoy, — dep hayran boldı aǵam.

— Máyli, zıyanı joq, — dep atır injenerdiń hayalı. — Balanıń atı bala-dá.

— Kópshiliktiń sustı basqan shıǵar.

Ónerli balalardıń jarısı mine usılay juwmaqlandı. Bul jarısta Ásirese úkemniń jeńimpaz bolǵanına iymanım kámil.

Miymanlar ketti. Dápterimdi alıp aǵamnıń aldına bardım.

— Mine, mına bir nárseni esitiń, júdá qızıq eken, — dedim dápterdi aldına jayıp. — Bir kitaptan kórip kóshirip alǵan edim. Minekey. *Nabada, eshek adamǵa uqsap sóylese hám adam balası onıń ornına júk tasısa, bunı durıs hal dewge bolmaydı... Birewler «Pálensheniń eshegine til pitipti» dep bopsıp júredi, Adam balası sóyleydi, eshek júk tasıydı,* bunıń hesh tańlanatuǵın jeri joq.

— Xosh, bunıń nesin maǵan oqıp berip atırsań?

— Aytayın degenim, bala úlkenlerdiń isin islemewi kerek, bala-balalıǵınsha qalǵanı maqul.

— Kóp mıńǵırlama!

Qullası, ziyrekler jarısı sen aytqan májilisten qalısqan joq. Hámmeńiz kúlip ház ettik.

Xatıńdı kútemen. Aman bol, dostım.

**Axmed**

## LÁBBAY, JANÍM!

*Ankara. 3-fevral, 1964-jıl.*

*Axmed!*

30-yanvarda jibergen xatıńdı aldım. Kóp-kóp raxmet. Ayne kanikul baslanǵan kúni qolıma tiydi. Kúle-kúle ishegim awırdı.

Biziń úyde «Aqıl aldıńǵısında boladı», — dep hámme ájapama úmit artıp júrgen edi. Lekin, «isengenimiz innagitayna» bolıp, hámme qoldı juwıp, qoltıqqa urdıq. Endi bolsa «Úlkeninen nátiyje shıqpaǵanda, bulardan ne úmit, ne qayır», dep biz Miytin ekewimizden ulıwma úmitlerin úzdi.

Ájapamnıń «biyik darǵa asılıp júrgen» payıtları ele-ele esimde. Men ol waqıtları dım kishkene edim. Oqıwǵa barmaǵanman. Aǵam hár kúni jumıstan keyin ájapam menen

francuzshanı mashqı qıladı. Ájapamnıń usı tildegi bir qosıqtı yadlay almay, eki-úsh háptege deyin azap kórgenin anıq bilemen. Men olardıń aldında ótıratuǵın edim. Qosıq qayta-qayta oqıla bergennen keyin men de onı yadlap aldım. Mine, aradan qansha waqıt ótti, ele de ol qulaǵımda jańlap esitiledi. Mánisine túsinbesem de, sózleri kewlime ornıǵıp qalǵan. Aǵamnıń miyneti zaya ketpedi: mennen basqa, onı apam hám xızmetker hayal da yadlap aldı.

Aǵamnıń bir dostı bar edi, Evropada oqıǵan. Sol bir kúni aǵama bılay dedi:

— Shet tildi úyreniw ushın ayrıqsha qábilet kerek. «Francuzshanı úyretemen», dep balanı biykarǵa qıynama. Qoy bul talaptı! Men Parijde bolǵanman. Sóyerde mıń jıl jasasa da francuzsha úyrene almaytuǵın adamlardı kórdim. Olardıń ómiri kofexanada ótetuǵın edi. Aqıbetinde, olar francuzshanı emes, al, sol jerdiń oficiantkaları túrkshenı úyrenip aladı. Ayırım adamlarda shet tildi úyreniwge onsha uqıp bolmaydı, biraq basqalarǵa ózinıń tilin úyretiwge sheber. Múmkin, seniń qızıń da solar taypasınan shıǵar? Qay bala bolmasın, áytewir bir nársege qábileti boladı, biraq ol balanıń ishki dúnyasında jasırınıp jatadı. Áne sol qábiletti seze biliw, onı júzege shıǵarıw hám kámalatqa keltiriw kerek.

Sol gápten keyin aǵam ájapamnıń «ishki qábiletin júzege shıǵarıw ushın» úyge skripkadan úyretetuǵın muǵallim jalladı. Lekin, ájapamdaǵı jasırın qábilettiń skripkaǵa heshqanday baylanısı joq eken.

— Bul qızdıń qulaǵı dım awır eken, — depti bir kúni muǵallim. — Buǵan sabaq bergeli berli *do* nı *si* den ajırata almay qaldım. Esiktiń shıyqıldaǵanı maǵan skripkaday bolıp seziletuǵın boldı.

Írasında da, ájapam dawıslardı ajırata almaydı. Asxanada stakan pashırlap sınsa, «Birew keldi me eken?» — dep esikke qaray juwıradı. Mektepte oqıp júrgeninde muǵallim oǵan:

— Hámme qosıq aytıp atırǵanda sen tınısh tur, qızım, basqalardı jańılıstırıp jiberesen, — depti.

Sonnan keyin ájapamdı súwretshilikke oqıtpaqshı boldı. Bunnan da tóreli nátiyje shıqpadı. Endi náwbet oyınshılıqqa keldi. Lekin, onı mashıqlarınıń ájapama kóp paydası tiydi. Ol usınnan keyin gewdesin kóterip, oyaq-buyaǵına qarap júretuǵın boldı.

Apam menen aǵam qansha umtılǵan menen ájapamdaǵı jasırın qábiletti júzege shıǵara almadı.

— Meyli endi, qızımızdıń talantı bir kún bolmasa bir kún ózi-aq jarq etip kórinip qalar, — dedi olar sharshap. — Házirshe oqıwın pitire bersin.

Ájapam bir klasta eki jıl oqıwǵa ádetlenip ketken edi. Negedur, liceyde onı kelistire almadı. Liceydiń ekinshi klasında qatara úsh jıl otırıp qaldı. Aqırı, onı shıǵarıp jiberdi.

— Qızımnıń oqıwǵa ıqlası joq, — dedi sonda apam. — Bul ózi kúndegi ruwzıgershilik islerine qayımlasıp tuwılǵan qusaydı.

Usı tarawda ǵana ájapamnıń qábileti sınap kórilmegen edi. Bul da kópke sózılmadı, ájapam asxanadan da quwıldı. Sebebi, ol asxanaǵa bir zaman kirip shıqsa boldı, hámme zat awdar-tóńker bolıp ketedi, qoyǵan zatıń ornında turmaydı. Hátte, qazan menen kastryuller de izlegen waqta tabılmay, bir-eki kúnnen keyin oylamaǵan jerden zońq etip shıǵadı.

Ájapam shıpakerlerge kórsetildi.

— «Baladan talant izleymiz», dep ańki-táńkisin shıǵarıpsız. Áwmeser bolıptı. Endi eń bolmasa tınıshına qoyıń, ózińe kelip alsın, — depti olar.

Áne, sonnan keyin ájapam óz halına qaldırıldı. Biyshara endi ǵana ózine kele basladı.

Lekin, Miytin ekewimiz ájapamnıń kesapatına qaldıq. Apam menen aǵam, ájapam menen kóp áwere bolıp sharshaǵan eken, bizlerge sirá itibar bergendi qoydı. Men góy hesh gáp, biraq Miytinge jábir boldı. Óytkeni, Miytin texnikaǵa júdá qızıǵadı. Úyde ne zat bolsa onıń qolı tiymegeni joq. Radiopriyomnik, kir juwatuǵın mashın, aǵamnıń saqal alǵıshı, suwıtqısh, shań sorıǵısh, gaz plitası hám taǵı-taǵılar. Ol

saattıń bir burandasın kastryulge qatıradı yaki kiyim tigetuǵın mashınnıń biz zatların alıp, radiopriyomnikke saladı. Sonnan keyin aǵam onı «Usta — búldirgi» dep shaqıradı. Tiykarında Miytin bulardı qolı qıshıǵanlıqtan islemeydi, texnikaǵa bolǵan ıqlasınan sóytip túrtkishlep júredi.

Qońsılarımızdıń birewiniń Nurtan degen qızı bar. Áne, onı «ájayıp» dese boladı. Bir otırǵanda bes kisiniń awqatın jeydi. Sonnan kelgen apası shıja-pıja:

— Bayǵus jigerbentime kóz tiydi, awqatqa ishteyi joq.

Keyin oǵan hár qıylı mazalı sherbetler, vitaminler, balıqtıń mayı bar ma — zorlap jegizip atırǵanı. Biyshara qız — toraq tıqqan tulıptay. Ákesi de qızı qusaǵan — qamsemiz.

Geyde olar bir jerge baratuǵın bolsa Nurtandı biziń úyge taslap ketedi. Aǵam menen apam kinoǵa ketetuǵın bolsa (Miytinniń kútkeni de sol!) qońsıǵa barıwǵa májbúrmiz. Úyde onı jalǵız qaldırıp ketpew kerek. Áp-ánedey islep turǵan radiopriyomnik yaki suwıtqısh bir maydanda rásiwa boladı. Men-ám oǵan «qoy» dey almayman. «Kastryuldiń qulaǵına saat baylap qoyayıq, awqat qansha waqıtta piser eken?» — dep turǵannan keyin ne deyseń? Sonıń ushın bizler ekewimiz dım úndemey Nurtannıń úyine bara beremiz.

Ana kúni de Nurtannıń úyinde boldıq. Men Nurtan menen Miytinge ertek oqıp berip atır edim, bir waqıtları Nurtan «Suw iship kelemen, — dep shıǵıp ketti. Tez izine qayttı.

— Aǵam menen apam urısıp atır eken, júriń kóresizler me? — dedi ol.

— Qayaqtan bildiń?

— Bilemen-dá... «Suw isheyin», dep baratır edim, apam kórip qoydı. Dárriw aǵama qarap «Jangenem», dedi aǵam da «súyiklim, palım», dep juwap berdi. Ekewi urısıp atırǵan waqıtları meni kórip qalsa dárriw sóytedi. Bir-birine jıllı sóylemese, meniń tárbiyam buzıladı eken. Basqa waqıtları atların aytıp shaqıradı. Júriń, kóremiz be?

— Bizler úyge kete bereyik, aǵamlardıń keletuǵın waqtı bolıp qaldı, — dedim men kónbey. Nurtannıń ata-anası

menen xoshlasıw ushın qońsı bólmege kirdik. Lekin, sol waqıttıń ózinde pushayman ettik. Bilgende kirmey-aq qoyar edik. Endi kesh, keyin qaytıwğa bolmaydı.

Dáslep poldağı gúzege kózim tústi. Shıl-párshe bolıp sınıp edi. Nurtannıń apasınıń jağası jaylawında, shashları tozańğıp ketken. Ağasınıń bolsa bet-awzı osıp alınğan.

— Gúzeni sıpırıp al, ázizim, — dedi Nurtannıń ağası múláyımlik penen.

— Haw, Nurtan keldi me?

Apası keynine burılıp bizlerdi kórdi.

— Sağan neshe márte aytaman, «Esikti qağıp kir», dep! Bunsha aqpa qulaq bolğanıńdı qáyteyin, — dep qızına urıstı. Soń kúyewine qarap, — Kofe ákeleyin be, shabazım, — dep kúlimsiredi.

— Meyli, ázizim, meyli... Biraq, júdá mazalı etip jiberme, janım.

— Apa, Ziynep ájapamlar qaytajaq, — dedi Nurtan.

— Jaman jığıldım ba deymen, — dedi ağası júzin búristirip, — ele awırıp tur.

Úyge qayttıq. Miytin ornına jattı. Men sıpada otırdım. Áne, ağamnıń jóteli esitildi. Kinodan kiyatır.

Meyli, kóriskenshe xosh, Axmed.

**Zıynep**

## MIYMAN KÚTTIK

*Stambul. 10-fevral, 1964-jıl.*

*Áziz dostım Ziynep!*

Xatıńdı aldım. Qońsıńızdıń úyinde boiğan waqıyanı jazğan ekenseń. Xatıńdı oqıp otırıp, biziń úydiń úsh bólmesi ğana bar kishkene jay bolğanına quwandım. Ne nárse bolsa dárriw esitiledi. Bizlerdikinde onday naqolay islerdi kórmeyseń. Lekin, men sağan ırasın aytsam, xojalığımızda kewilsiz waqıyalar ele de ushırasıp turadı. Ótken ekshembi kúni tap, sonday boldı.

Aǵam bir kúni jumıstan kelip, ekshembi kúni úyge xojeyin qıdırıp kelmekshi ekenin ayttı. Ádep isenbedim. «Házil shıǵar», dep basım aylanbadı. Sebebi, aǵam xojeyinin júdá jek kóretuǵın edi. Qay waq sol adam haqqında gáp qozǵaldı ma, aǵamnıń jıǵırdanı qaynap ketedi, «górinde tikke turǵızıp», zaw-zatın qaldırmay sógedi.

Oǵan 'biziń úyde ne bar, nege keledi eken? — dep soradım apamnan.

— Ol ne degeniń? Aǵańnıń xojeyini ǵoy, aqırı!

— Aǵam onı jaman kóredi-ǵo!

— Aǵam jaman kórse, ol aǵańdı jaqsı kóredi.

— Nege?

— Sebebi, aǵań házir fabrikada abıraylı, kásip awqamınıń wákili bolıp saylanǵan.

Fabrika jámááti aǵamdı bunnan bir ay burın kásip awqamına ózleriniń atınan wákil etip saylaǵanın esitken edim. «Xojeyin sonıń ushın kelejaq bolǵan eken-dá» — dep oylap qoydım ishimnen.

Aǵamnıń xojeyinin burın hesh kórmegen edim. «Qanday adam eken», degen ǵul-ǵulaǵa tústim. «Dáwdey aybatlı birew shıǵar», dep qıyal etemen.

Úyde miyman kútiwge tayarlıq gújip ketti. Bir kúni aǵam jumıstan kele sala jaydı háklewge kiristi. Is barısında xojeyinin bekishtirip sókti.

— Aǵa, nege diywaldı háklep atırsız? Xojeyinińizdiń keliwine me? — dep soradım men.

— «Xojeyin» degen ne? — dep aǵam shorshır tústi. — Diywaldı onıń ushın háklep atırǵanım joq, kórmeyseń be, hámme jer kirlep ketti.

Apam bolsa qońsılarǵa kirip, dasturqan, ıdıs-tabaqlar alıp keldi. Shembi kúni kún uzaq — anaw-mınaw pisiriw menen áwere boldı.

Ekshembi kúni aǵam erte oyandı. Demalıs kúnleri burın arqayın uyqısın qandıratuǵın edi. Soǵan hayran boldım.

— Qonaq júdá erte kele me, aǵa?

— «Qonaq keledi eken», dep erte turǵanım joq.

Azańǵı halqastan keyin aǵam ǵoy aynanıń aldına otırıp aldı. Eki kózi — jolda.

— Bul ońbaǵır qayaqta júr eken! — dep gijinip qoyadı masında.

Apam dasturqan dúzetti. Sonda da «Birli-jarım kemisqutıǵı qalmadı ma eken», dep asxana menen eki ortada at juwırıp júr. Aǵam bolsa ne qıların bilmey, jaydıń ishinde arman-berman teńseledi. Usı waqıtları sırtta mashina signal berdi.

— Áne keldi! Juwırıp, esikti ashıń! Nege zińireyip tursızlar?! Bolaǵoysańız ǵoy, endi! — dep aǵam hámmemizdiń janımızdı alıp atır. Ózi bolsa aynadan basın shıǵarıp, kóshe betke úńiledi. Aǵamnıń baqırısınan qorqqan apam dárhal qapıǵa juwırdı. Ashıp qarasaq, heshkim joq.

Apam eki kúnnen bir Fatushtıń qulaǵına quyadı, «Qonaq kelgende onday bolma, bunday bol, onı isleme, bunı isleme», degen mánide. Apam bunday úgit-násiyatların hámme waqıt meniń kózimshe aytadı. Demek, bul — maǵan da tiyisli degen sóz.

Fatush jasanıp-kiyinip alǵan. Apam maǵan kóz qırın tasladı da, úyrenshikli násiyatqa ótti.

— Qonaq barda ádep saqla, appaq qızım. Birewdiń kózinshe awzıńa barmaǵıńdı tıǵıp otırıwǵa bolmaydı. Onnan keyin, jerge túsken nárseni awzıńa salma. Jótelejaq bolsań, awzıńa qolıńdı tut. Jáne sonı aytıp qoyayın: qonaqtıń aldında nandı tislep sındırma, jegendeyińdi bólip al. Túsindiń be, tompaǵım? Taǵı, birew shaqırıp qalǵanda «ya» dep júrme.

— Onda ne deymen?

— Biytanıs adamnıń aldında «ya» dep juwap qaytarǵan ayıp boladı, «lábbay» de.

Apam waqtı-waqtı maǵan qarap qoyadı. Qalıp qoyǵan gápi aqırı esine túsken bolıwı kerek, dárhal maǵan burıldı.

— Miymanǵa bir nárse dep aytpaqshı bolsań «efendim» dep sóyle, gápińdi juwmaqlaǵanda «efendim» dep qosıp qoy.

Kúni menen aynanıń aldında xojeyinin sógip otırǵan aǵam birden «Áne, keldi», — dep esikke qaray juwırdı. Aynadan qarasam, esiktiń aldında turǵan qızıl reńli jaltıraq mashınǵa kózim tústi. Sál ótpey aǵamnıń:

— Nesip etsin, efendim... Bizge shadlıq baǵısh ettińiz, taqsır. Qáne, qáne, ishkerige márhámat... Qádemińizge nur jawsın, — degen dawısı esitildi.

Dálizge shıqtım. Aǵam miymandı sheshindirip, paltosı menen qalpaǵın kiyim qıstırǵıshqa ildi. Qarasam, aǵamnıń xojeyini sira-da oylaǵan adamǵa uqsamaydı eken. Aǵam nege bunsha onı jaqtırmaydı, endi nege átirapında shır-gúbelek aylanıp, pármana bolıp júr, hayranman!

Fatush qonaqtıń qolınan súyip sálemlesti. Men onıń menen qol berip sálemlesken edim, aǵam:

— Aǵańnıń qolınan súymeyseń be, balam, — dedi tigilip. Naylaj, súyiwge májbúr boldım.

Aǵam xojeyini menen gápke kirisip ketti. Azıraqtan keyin apam olardı dasturqanǵa mirát etti.

— Yaq, háleklenbey-aq qoyıń, awqatqa qaramayman, — dep miyman keshirim soradı.

Áne, tamasha! Apam sonıń ushın neshe kúnnen beri áwere, al ol bolsa «Awqatqa qaramayman», — dep otır! Lekin, aǵam qarap qalǵan joq, xojeyinniń qolınan tartıp dasturqanǵa otırǵızdı.

Aǵam menen apam tıpırshılap turǵannan keyin, men de ózimdi qalay tutıwdıń esabın taba almay qaldım. Aǵam bir waqıtları «Stoldaǵı stakanlarǵa suw quyıp áper», — dep edi, grafindegi suwdı tógip aldım.

— Námnaǵan jigit bolıp qaldıń, suw quyıw qolıńnan kelmey me? — dedi aǵam jekirinip. Sóytip otırıp ózi de stoldı sıpıraman dep, salat tolı tarelkanı awdarıp aldı.

— Keshirersiz, kostyumıńızǵa tiymedi me? — dep apam miymannıń aldına juwırıp keldi.

«Úyrengen ádet qala ma, kótere ber mushıńdı», — degen dey, Fatush taǵı sorpasın tógip aldı. Apam baqırıp edi, biyshara:

— O'ziń túrtip jiberdiń-ǵo — dedi gúńkildep.

— «Bularǵa awqattı bólek salıp ber», — dedim ǵoy, saǵan!

— Jap awzıńdı, miymannıń aldında jılaǵan uyat boladı.

Apam bunı qansha áste ayttım dese de, hámmemiz esittik. Fatush miymannıń kózinshe jılawǵa bolmaytuǵının túsinip, tım-tırıs boldı, biraq kóp waqıtqa deyin solıǵın basa almay pırqıldap otırdı.

Apam hámmeniń tarelkasına gósh salıp bermekshi boldı. Qonaq ta tarelkasın tuttı. Lekin, ol aǵama qarap burılıp bir nárseni túsindirip atır edi, apam góshin salıp úlgermey-aq tarelkasın tartıp qaldı. Gósh «shalp» etip varenyeniń ústine tústi.

Úybiy mańlayım, neǵılıp qoydım, — dedi apam kúyip-pisip.

Stoldıń ústi ıbırsıp ketti. Aǵam kúni menen duzdıń ornına awqatına burısh salıp otırǵan eken.

— Duz qayaqta? — dep birden shorshıp tústi. — Qırǵın keldi me oǵan!

Albırap qaiǵan apam duzdıń ornına aǵama gorchicanı uperdi. Men dárhal stoldan duz salǵıshtı alıp uslattım. Aǵam ashıw menen onı shayqap-shayqap jiberip edi, qaqpaǵı menen hámme duz tabaqqa quyıldı.

Bara-bara apam ne sóylegenin ózi bilmey qaldı. Bir waqıtları qaraptan-qarap turıp miymanǵa:

— Qalaysız, efendim? — dedi.

— Lábbay, xanım? — dep hayran boldı miyman.

Apam sol waqıtları barıp ózine keldi.

— Awqattı aytıp atırman, efendim? Sizge unadı ma?

— Qolıńız dárt kórmesin. Júdá mazalı bolıptı.

— Apa, tamaǵıma bir nárse turıp qaldı, — dedi Fatush tosattan.

Apam bir qolı menen onıń arqasına urıp, ekinshi qolı menen suw berdi.

Aǵam bizlerge «Pıshaq — oń qolda, shanıshqı shep qolda turıwı kerek», dep úyretip qoyǵan edi. Lekin, qansha úyreneyin desem de, hesh kelistire almadım. Aqırı, ózimniń

bilgenimdi isledim — shanıshqını oń qolıma uslap, awqat j... berdim. Aǵam ózi aytqanday etip, tarelkada gósh kespek... boldı. Gósh pıshaqtan qorıqtı ma, bir sekirip, ortada... apelsinlerdiń ústine tústi. Ele de men abıraylı ekenm..., «gójeni tókkenim joq». Dasturqannan turıp atırıp, bul aw... sınaqlı minutlardan aman qutılǵanıma quwandım.

—Neshinshi klasta oqıysań, jiyen?—dedi miyman m... ǵan awqattan keyin kofe iship otırıp.

—Efendim, besinshide oqıyman, efendim,—dedim irkil... mey.

«Efendi» sózin qosıp aǵam menen apamdı razı qılǵ... shıǵarman. Áste ekewine názer salıp edim, mıyıq tartıp ol... eken.

— Xosh, neshege shıǵasań?

— Efendim, on birge shıqtım, efendim.

— Úlkeygen soń kim bolmaqshısań?

— Efendim, jazıwshı bolaman, efendim.

— Bárekella...

Apamnıń erni qıbırlaǵanday boldı. Oylasam, raxm... aytıwdı umıtıppan. Miyman aǵama qarap bir nárselerdi só... etip edi, kemshiligimnen qutılıw ushın sharta gápin bóldım.

— Efendim, raxmet, efendim.

Miyman orınsız minnetdarshılıqtıń mánisin túsine almadı. Biraz oylanıp turıp, «Arzımaydı»—dedi de qoydı.

Fatushtıń ersi qılıqları haqqında saǵan burın da aytq... edim ǵoy. Sol kúni ol jáne óner kórsetti.

Awqattan keyin apam dasturqandı jıynap atır edi, bir dan... banan jerge túsip ketti. Fatush dárriw onı alıp stolǵa qoydı.

— Jerge túsken nárseni házir jewge bolmaydı ǵoy, ap... ya? — dedi ol apama qarap. Miyman ketkennen keyin ózi... jeymen.

Fatushtıń gápin qonaqqa esittirmew ushın hám «Bunn... bılay taǵı da bir nárse aytıp qoymasın», —dep aǵam úst... ústine bir-eki jóteldi.

— Miymannıń aldında jótelgende awızǵa qol tutıp turıw kerek, — dedi Fatush taǵı bilgishsinip.

— Há, Fatush! Ne dep atırsań ózi? — dep aǵam zorǵa jımıyǵan boldı.

— Úyge miyman kelgende «há» dewge bolmaydi, aǵa, — dedi taǵı úkem. — Óytseń ayıp boladı!

Miyman ornınan turdı. Aǵam menen apam onı mashınına deyin shıǵarıp saldı.

— Meni masqara qıldıńız! — dedi aǵam qaytıp kelgennen keyin.

Oǵan apam da qosıldı.

— Men sizlerge sonsha úyretkenimdi qáyteyin?!

Fatush hayran boldı.

— Aqırı, men miymannıń aldında nandı tislep sındırǵanım joq ǵoy.

Sol kúni keshke deyin hámmemiz bir túrli bolıp júrdik.

Ziynep, xat penen qosa saǵan bir súwret te jiberip atırman. Klasımız benen birge túskenbiz. Sennen keyin kelgen taza oqıtıwshı da usı jerde bar.

Saǵan kóp-kóp tabıslar tileymen.

**Axmed**

## JAMAN ÁDET

*Ankara. 16-fevral, 1964-jıl.*

*Qádirli dostım Axmed!*

Xatqa qosıp jibergen súwretińdi aldım. Qanday quwanǵanımdı bilseń edi! Klaslas doslarımdı taǵı bir mártebe kórgendey boldım.

Súwretke qasıńda turǵan qız Miyne bolsa kerek. Xuseyin onıń aldında turıp qalǵan eken, zordan tanıdım. Jasar bolsa Shıńǵıstıń jelkesine minip alǵan qusaydı. Náshe jáne burınǵı ádetin qılıp, aldına shıǵıp otırıp alıptı. Usı súwretti jibergeniń dım jaqsı boldı-dá! Júdá quwanıp qaldım. Biraq, súwretten Damirdi taba almadım. Ol túspegen shıǵar? Taza

muǵallimińiz biraz jasqa barıp qalǵan adam eken, túrinen kórinip turıptı.

Saǵan men de birewin jiberip atırman. Úkem menen birge túskenbiz. Qońsı bala ózinin apparatı menen súwretke alǵan.

Usı hápte menin ushın dım awır ótti — qarap turıp jalaqa qaldım. Aytar dálilim bolmay, jeńiliwge májbúr boldım. Tiykarında, menin de ayıplı jerlerim bar edi, lekin...

Muǵallimimiz jazba jumıstı birewden kóshirip alǵandı yamasa shpargalka paydalanǵandı júdá jek kóredi. «Kóshirip alıw — jaqsı oqıytuǵın balaǵa islegen qıyanet, — deydi bárha. — Esi pútin adam bunday etpewi kerek».

Aǵamnıń da pikiri sonday. «Birewden kóshirip alıw — jaman ádet, onıń menen muǵallimdi emes, ózińdi aldaysań», — deydi.

Aǵam joraları menen otırısıp qalsa dárhal oziniń mektepte tegi payıtların esleydi. Jaqında jáne sonday boldı. Sol kúni kempir apam da bizikinde edi.

Dosları menen bala waqıtların eslep otırǵanda, kútpegende Nurtan kómpektiń aǵası:

— Háy, esińizde me, — dedi,— algebra muǵallim Sabırbay edi, sonıń shalǵayına qatırıp shpargalka jabıstırıp qoyǵanımız?

— Haw, ol qalay? Ayt, bizler-ám esiteyik, — dedi hayalı.

— Tiye bersin, Sabırbaydı hámme «kál» dep shaqıratuǵın edi. Ózi liceyde bizlerge algebradan sabaq beredi. Imtixanında hámmemiz bir qısım bolıp otıramız. Júdá qatal adam ózi. Onıń ústine «Men bar jerde heshkim shpargalkadan paydalana almaydı. Onday márt ele anasınan tuwǵan joq», — dep maqtanatuǵın edi. Bizge sawalların jazdırıp bolǵannan keyin bir jerde otırmas, hámme waqıt balalardı aralap júredi. Bir kúni imtixan bolıp atır edi, ishimizde bir bala...

—«Najdad suwqıldaq» pa edi, sol bala?—dep aǵam gápin bóldi.

— Bárekella, sol Najdad suwqıldaq isledi sonı. (Házir bir jaqlarǵa elshi bolıp ketipti) Sol Najdad máseleniń juwabın

kitaptan kóshirip, Sabırbay muǵallimniń artqı shalǵayına ildirip qoydı. Izinde bir japıraq qaǵaz jabısıp júrgeninen onıń xabarı joq. Balalardıń hámmesi jazıwǵa kirisip ketti. Lekin, Sabırbay bir jerde turmaydı: arı baradı — beri keledi... Sonıń ushın arqasındaǵı qaǵazdı kóshirip alıw oǵırı aqırzaman boldı. Bunıń da ilajın taptıq. Ishimizde birewimiz onı gápke aylandırıp turamız da, basqalarımız arqayın kóshirip alamız. Meniń talabım kelispey qaldı — endi kóshire baslaǵanımda qıymıldap ketti. Aqırı, olay qıysayıp, bılay qıysayıp, Sabırbaydı seziklendirip aldım. Meni qolǵa túsirmekshi boldı ma, qáydem, túbime keldi de arqasın qaratıp turıp aldı. Men dárhal kóshirip aldım.

Jazıp bolǵanlar qaǵazların tapsırıp, birim-birim shıǵıp ketti. Qońıraw qaǵılǵannan keyin — qalǵanları da. Masqarashılıǵın qarań, Sabırbaydıń shalǵayındaǵı shpargalkanı alıp taslaw heshkimniń esine kelmepti! Muǵallim jazba jumıslardı jıynap alǵannan keyin, shalǵayındaǵı jazıwdı jalbıratıwı menen «Oqıtıwshılar bólmesi»ne kirip ketti.

Qullası, ayıpker tabılmadı. Sabırbay kewilshek adam eken, kóp jalına bergennen keyin oqıwshılardan qaytadan imtixan alıptı.

—Ospan qassap esińizde bar ma? — dedi otırǵanlardan biri. — Onı da qatırıp qolǵa túsirgen edik.

«Ospan qassap» degeni tariyx muǵallimi eken. Ol ózi bir orında qılt etpey otıradı, biraq kózleri projektorday eken. Hámme nárseni kórip otıratuǵın qusaydı. Sonıń ushın onıń sabaǵınan imtixan bolaǵoysa, aldında otırǵanlar bárha tómen baha aladı. Al, artta otırǵanlardıń jolı boladı, olar aldınǵı balanıń arqasına kitaptı ashıp, súyep qoyadı da, biymálel kóshiredi.

Náwbet biziń aǵama keldi.

— «Nápiz qatpanıń» imtixanı yadıńızda ma?

— He, ana «Shıbın waqıyası» ma? Onı qalay umıtarsań!

Aytıwlarınsha, «Nápiz qatpa» degeni ximiyadan sabaq beretuǵın, kózi ázzilew muǵallim eken. Sonıń ushın onsha

alıstı kóre almaydı. Bir kúni imtixannan aldın oqıwshılardan biri úlken-úlken shıbınlardı uslap, bir shırpınıń qutısına salıp qoyıptı. Imtixan baslanıptı. Jańaǵı bala úlbiregen juqa qaǵazdan shpargalka tayarlap, shıbınnıń ayaǵına jińishke sabaq penen baylaptı da izbe-iz ushıra beripti. Óziń bileseń, júgi bar shıbın uzaqqa ushalmaydı: bir kóteriledi, bir qonadı. Balalar onı uslap aladı da, shpargalkadan kóshirip, hárqaysısı ózinen basqaǵa qaray ushırıp jiberedi. Hámmesi sonday etipti. Bir waqıtları tosattan esik ashılıp klasqa licey direktorı kirip kelipti. Kútilmegen waqıyanı qara: ayaǵına shpargalka baylanǵan bir shıbın tóbede aylanıp-aylanıp, direktordıń jıltır basına kelip qonıptı!

— Sizlerge hesh nárse qılmadı ma sonda? — dedi Miytin.

— Bir balanı mektepten shıǵarmaqshı edi, zorǵa qaldı.

— Sol joramız házir professor, — dedi Nurtannıń aǵası.

— Siz-ám mektepten usınday ótkenbisiz? — dep otırǵanlar atamnan soradı.

— Shpargalkanı bilmeytuǵın oqıwshı bola ma? — dedi ol hám basqa bir waqıyanı aytıp berdi.

... Ximiyadan awızsha imtixan bolıp atır eken. Ishke úsh baladan jiberip turıptı. Náwbet biziń atama kelip, ol eki dostı menen kiripti. Ekewi — keyinirekte, birewi aldında turǵan qusaydı. Aldındaǵı bala klastıń eń qalaq oqıwshısı eken, muǵallim qanday soraw bermesin, dım úndemepti. Aqırı, muǵallim «Eń bolmasa awzı qıbırlasın», degen maqsette grafindi kórsetip, «Mınanıń ishindegi ne?» — dep soraptı. Bala bul, rette de úndemepti. Artta turǵan eki oqıwshı shıdamay «mawbas!» — depti oǵan ıza menen áste ǵana.

— Grafinde ne bar, balam?

— Mawbas bar, muǵallim.

...Sol kúngi esitken gáplerim meni qattı oylandırdı, Axmed. Erteńine tánepis waqtında voleybol oynap atır edik, muǵallimimiz de bizlerge qosıldı. Oyınnan keyin dem alıp otırıp, qıyalımnan ketpey júrgen, sol sawaldı muǵallimge berdim:

— Newe, shpargalka ma? Álbette, men de paydalanǵanman. Lekin, bir ózim emes, — dep juwap berdi muǵallim. — Klasımızda bir bilgish bala bar edi. Sol bala bir kúni imtixanda hámmeden burın jazıp bolıp, shıǵıp ketti. Keyin úlken karton qaǵazǵa barlıq juwaplardı jazıp, tayaqqa qıstırıptı. Sharbaq bettegi aynanıń aldına barıp, qolındaǵısın kóterip turdı. Bizler juwaplardı biymálel kóshirip aldıq...

Erteńine muǵallimimiz «Semiya» haqqında jazba jumısın alatuǵın boldı. Ońtárepte — Torqan, shep tárepte Murat otıradı. Murattı biletuǵın shıǵarsań, bir xatımda onı táriyiplep jazǵan edim. Muǵallim shaqırsa «Men be?» — dep ańqawsıraytuǵın bala-she? Endi esińe tústi me? Murat — klastan óte almay qalıp qoyǵan? Házir bizler menen oqıp atır. Ózi táwir-aq talapshań bala, biraq sabaq miyine qonbaydı. Biraq, joldaslıqqa jaqsı. Sol kúni Torqan da sabaq tayarlamay kelgen eken. Jazba jumısı bolatuǵının esitip, ekewi maǵan jalındı.

— Shpargalka bere almayman, — dedim olarǵa, — biraq, kerek bolsa áste sıbırlap turarman.

Muǵallim sawallardı aytıp turdı. Hámmemiz jazıp aldıq. Mine, ol sawallar:

**Balanı awırıwdan aman saqlaw ushın ne islew kerek?**

**Awırıwdıń aldın alıw ushın balanıń ózi ne islewi zárúr?**

**Tárbiyalıq áhmiyetke iye oyınlar hám oyınshıqlar haqqında aytıp beriń.**

**Tayaq jazasınıń qanday bolsa da tárbiyalıq áhmiyeti bar ma?**

Keshe keshte de, búgin azanda da semya haqqındaǵı kitap qolımnan túsken joq edi. Sonıń ushın qaysı sawalǵa qaysı betten juwap tabıwǵa boladı — bul maǵan attay anıq. Qarasam, Torqan kitabın dizesiniń ústine qoyıp otır.

— Eliwinshi betti ashıń, — dedim ekewine áste ǵana.

— Sóytip eliwinshi betten eliw ekinshi betke deyin kóshire beriń.

Ózim de sıtırlatıp jazıwǵa kirisip kettim.

— Meni aldapsań ǵoy, — dedi bir waqıtları Murat.

— He, nege?

— Eliwinshi bette súyek haqqında jazılǵan-ǵo.

— Keyingi betin ash.

— Ashıp kórdim, bulshıq et hám qan tamırları haqqında jazılǵan.

Partanıń astında uslap otırǵan kitabınan qarasam «Anatomiya» eken.

— Bunıń ne keregi bar saǵan? «Semiya»nı al.

Murat basqa kitabın alıp, sıpırtıp kóshiriwge kiristi. Birazdan keyin Torqan ekewi jumısların tapsırıp, shıǵıp ketti. Izinshe — men de.

— Menikinde eliwinshi bet uluwma joq eken, — dedi Murat.

— Nege olay? Bolıwı kerek ǵoy, — dedim men hayran bolıp.

— Yaq, ollager! Qırq segizden alpıs tórtke deyin joq.

Keyin kitaptı kórsetti. Íras eken. Aytılǵan betler joq. Onıń ornına aldıńǵı baplar qaytadan berilgen. Kitaptı túplegen waqıtta qátelesken bolıwı kerek.

— Al, endi ne qıldıń onda?

— Qırq segizden baslap kóshire berdim, táwekel.

Erteńine muǵallimimiz jazba jumıslardıń bahasın oqıp berdi. Torqan ekewimizge ayrıqsha baha qoyıptı.

— Endi men sizlerge klaslasıńız Murattıń jazǵanların oqıp bermekshimen, — dedi keyninen. Mine, esitińler. Birinshi **sawal:** «Balanı awırıwdan aman saqlaw ushın ne islew kerek?» **Juwap:** «Tez gónermewi, taza hám sulıw bolıwı ushın onı abaylap uslap, waqtı-waqtı juwıp turıw kerek».

Hámme shaqalaq atıp kúlip jiberdi.

— Tınıshlanıńlar! Endi ekinshi **sawalǵa** ótemen.

«Awırıwdıń aldın alıw ushın balanıń ózi ne islewi tiyis?» Mine, Murattıń jazǵan **juwabı:** «Onı tez-tez shyotkalap tunw kerek. Shańın qaǵıp bolǵannan keyin, qıstırıp qoyıń. Máwsimi ótkennen keyin shúberekke túyip, sandıqqa salıp qoyıw kerek. Nabada, ol kirlegen bolsa sabın menen juwıp, keyin quyashqa keptirip qoyıw lazım».

Kúle-kúle ishegimiz awıradı. Bayǵus Murat qattı qısınıp qaldı.

— Men bul gáplerdi ózim yaddan shıǵarǵanım jóq, kitaptan jazdım ǵoy, — dedi ol jılamsırap.

— Bilemen, kitaptan kóshirgenseń, — dedi muǵallim. — Sonda da jańılısıpsań, «Bala tárbiyası»nıń ornına «Kiyim-kenshekti kútiw» degen babın kóshiripseń.

— Ziynep maǵan «Sóyerden jaz», — dep edi.

Muǵallim jalt etip maǵan qaradı.

— Haw, Ziynep, dostıńa kóshiriwdi úyretkeniń azday, aldapsań-dá?

Endi taqır jerde buǵıwdıń ilajı qalmadı.

— Men aldamadım, muǵallim, — dedim oǵan. — Sawallarǵa kitaptıń qaysı betinen juwap tabıw múmkin ekenligin ayttım, bolǵanı.

Muǵallim Murattıń kitabın alıp kórip edi, másele aydın boldı.

— Bári bir bunı apańa aytıp bermesem bolmaydı — dep dopsa etti muǵallim maǵan.

Apamdı mektepke shaqırıp, bárin aytıp berdi. Keshte úyde esitpegen gápim joq: Aǵam:

— Júdá natuwrı islepseń, — dep keyidi. — Qolaysız bolıptı, qızım.

Ele de sol kúni atam úyde edi, sol maǵan bolıstı:

— Boldı endi, balama urısa bermeń. Dostı bolǵan soń aytqan-dá! Ózi kitaptan kóshirmegen ǵoy!

— Birewge ayttı ne, kóshirdi ne, bári bir-ǵo, — dedi apam báwirin basa almay.

— Boldı endi, qoy... Balalıq waqıtta bunday isti kim islemegen deyseń!

Miytin qaptaldan bir ilip aldı!

— Lekin, hámme qolǵa túse bermeydi-dá!

Ilaj joq, bolar is boldı. Ásirese, Miytinniń ermegi janıma batıp ketti. Eki gáptiń birinde «Uyat bolıptı-dá... Onı qolınan kelgen adam isleydi. Qolǵa túsip masqara bolǵan soń paydası ne?» — dep mısqıllaydı.

Xatıńdı kútemen. Ilajı barınsha tolıǵıraq jaz, yaqshı ma? Xosh, aman bol. Saǵan tabıslar tilep.

**Ziynep**

## ÚY QANDAY HALDA?

*Stambul. 26-fevral, 1964 jıl*

*Qımbatlı Ziynep!*

16-fevralda ishine súwret salıp jibergen xatıń ushın kóp raxmet.

Klasıńda bolıp ótken kewilsiz waqıyadan qattı qapa bolıpsań. Kórdiń be, dostıńa jaqsılıq etemen, dep ózińniń jamanatlı bolıp qalǵanıńdı! Murattı eslesem hám rehimim hám ashıwım keledi isine.

Klasımızdaǵı Xuseyindi tanıysań-ǵo? Murat qusap ol da júdá masqara boldı. Lekin, ol birewge jala japqan joq. Sebebi, márt bala ol. Bayaǵıda saǵan jazdım-ǵo, orıqta talasıp terekten jıǵılıp ketkende de kim iytergenin aytqan joq edi.

Sen buyaqta oqıp júrgenińde Xuseyinlerdiń úyine barıp kórip pe ediń? Ózleri ketektey jayda turadı. Barıp kórmeseń ám dım kámbaǵal ekenligin biletuǵın shıǵarsań? Men onıń úyine hárdayım barıp turaman, sonıń ushın da maǵan shańaraǵınıń awhalı bes barmaqtay belgili. Qurttay eki bólmede jeti adam. Jaydıń tarlıǵınan ba, ya ózleri solay jasay ma, hesh úyinde bereket joq. Ara-tura Xuseyin maǵan usını aytıp

nalıydı. Ayırım kúnleri mektepke qabaǵı isip, kózleri qızarıp keledi. Demek, úyinde jánjel bolǵan. Xuseyin hámme nárseni ashılısıp ayta bermeydi, lekin júda tımsırayǵan qıylınan-ám emes.

Jaqında Xuseyin mektepke taǵı qabaǵı isip keldi. Jılaǵanın bildirmew ushın tım-tırıs ornına barıp otırdı, heshkim menen sóylespedi de. Sonıń arasınsha qońıraw qaǵılıp, sabaq baslandı.

Ana tili sabaǵı edi. Muǵallim taza temanı ótip bolǵannan keyin Damirdi turǵızıp «Altın terezeli úy» gúrrińin oqıttı. Ol gúrrińdi óziń de biletuǵın shıǵarsań? Qısqasha mazmunı mınaday...

... Bir toǵay bar eken. Sol toǵaydıń ortasındaǵı kishkene bir qaqırada ǵarrı menen kempir jasaptı. Olardıń jalǵız qızı bar eken. Úshewi júdá kámbaǵal turmıs keshiripti. Keshqurın qız bosaǵadan shıǵıp qarasa, uzaqtan bir úy kórinip turadı eken. Jaydıń tárezeleri altınday jarqırap, alıstan kózdi qamastıradı. Qızdıń barıp, bir kóriwge júdá háwesi keledi hám bir kúni úyinen shıǵıp, sol jay tamanǵa qaray júre beredi. Uzaq jol júrip, aqırı jetipti. Lekin, sol máhál birden átirapqa qarańǵılıq túsipti. Qız toǵaydıń ishinde uyqılap qalıptı. Bir máháli oyanıp qarasa, ózi kelgen jaqta da jáne bir jay tap sonday nur shashıp turǵan-emish. Onıń aynaları da misli altınday jarqıldaydı. Qız ádebinde hayran bolıptı da, keyninen bul jaydıń ózleriniki ekenin, quyash nurı menen tárezeleriniń jarqırap kórinip turǵanıń túsinipti.

Damir gúrrińdi oqıp boldı.

—Qáne, bunnan qanday juwmaq shıǵarıwǵa boladı? — dep soradı muǵallim. Taǵı da ózi juwap berdi. — Hárkim óz turmısınan nalımaslıǵı kerek. Gúrrińdegi qız qusap, biz de qoyde ózimiz jasap atırǵan turmıstıń qádirine jetpeymiz. Ótip ketkende ǵana bilemiz olardıń qanday baxıtlı kúnler ekenin. Demek, kim qanday úyde jasap atırǵan bolsa, onıń ushın eń abzal úy sol.

Sonnan keyin ol gúrrińnen bir gápti oqıdı. Onıń ishinde «úy» degen sóz bar eken.

— Qáne Xuseyin, «úy» qaysı seplik jaǵdayında? — dep sorap qaldı.

Artqı partada ózi menen ózi bolıp otırǵan Xuseyin bul sorawdı qaqpay qaldı. Ornınan turıwǵa turdı da biraq, lám mim dep awız ashpadı.

— «Úy» qaysı awhalda, Xuseyin?

Xuseyin bul ret sorawdı esitti, biraq basqasha túsindi.

— Jaqsı emes, muǵallim, — dedi ol suwıq demin alıp.

Oqıtıwshı hayran bolıp qaldı.

— Ne dep atırsań ózi? Men sennen «úy» di sorap atırman. Qaysı halatta «úy»?

— Úydiń halatı... jaqsı emes, efendim, — dedi Xuseyin qapa bolıp.

— Nege jaqsı emes?

— Heshqashan jaqsı bolmaǵan. Házir burınǵıdan da beter.

Xuseyinniń ne demekshi ekenligin jalǵız men túsinip turman. Balalar bolsa gáptiń mánisin ańlamay kúlip atır.

— Nege «beter» boladı?

Xuseyin tıǵılıp, zorǵa sóyler edi:

— Sebebi... sebebi, úydiń iyesi... bizlerdi jaydan... shıǵarıp atır. Kirey pulın tóley almap edik.

Xuseyinniń kewlinen ótip atırǵan muǵallim endi túsindi. Keyin gápti ózgertiwge májbúr boldı.

— Kim qáyerde jasap atırsa, soǵan shúkirlik etiw kerek. Hárkimniń ózi turǵan úyi ájayıp esaplanadı.

Mektepten kiyatırıp jol boyı Xuseyinge táselle etip keldim.

Ankarada hawa rayı qalay? Bizde jáne suwıq tústi. Úyimiz onsha jaman emes-tá, biraq men narazıman. Sebebi, zaldaǵı úlken pechka men jatırǵan bólmeni jılıtpaydı. Xosh, sizlerdiki qalay?

Xatıńdı kútemen, Ziynep! Seni ómir boyı esten shıǵarmaytuǵın dostıń.

**Axmed**

# ÓTIRIK SÓYLEME!

*Ankara. 16-mart, 1694-jıl.*

*Axmed!*

26-fevralda jazǵan xatıńa keshigip juwap qaytarıp atırǵanım ushın keshir. Biz házir 23-apreldegi bayramǵa[1] tayarlıq kórip atırmız. Maǵan kóp nárseni tapsırıp qoyıptı. Bir jaqtan — usı bayramnıń tátárrigi bir jaqtan sabaqlar da kóbeyip ketti. Qullası, saǵan waqtında juwap jaza almadı. Lekin, Xuseyinge eki eli xat jiberdim. Onıń basına túsken awhalǵa qattı qayǵırdım. Biraq, onı sennen esitkenimdi aytpastan, kewlin kótergen boldım.

Sagán juwap jazıwǵa waqıt taba almay júrgende qızıq gápler boldı. Solardıń birewin saǵan aytıp bereyin. Ózi Miytinge baylanıslı nárse.

Miytinniń geyde aǵama ótirik aytatuǵın ádeti bar. Aǵam bunı sezip qalaǵoysa qattı ashıwı keledi. Keyin qasına alıp, násiyat oqıydı:

— Ne deseń de, biraq jalǵan sóyleme, balam, — deydi aǵam oǵan. — Ótiriktiń tuqımı órbigish boladı. Sebebi, arzımaǵan bir kishkene ótirigiń sezilip qalsa, onı jasırıw ushın úlkenirek ótirikti oylap tabıwıńa tuwrı keledi. Onnan keyin «Sırım áshkara bolmasın», dep gidiman ótirikti qarastırasań. Sóytip, mayda ótirikten úlken-úlken ótirikler kelip shıǵadı. Sonıń ushın, hesh waqta jalǵan sóyleme, mudamı rasgóy bol!

Aǵam sóytip aytıwǵa aytadı da, biraq Miytindi ótirik sóylewge ózi májbúr etedi. Sebebi, ónıń iynedey ayıbı aǵama túyedey bolıp kórinedi. Úkem biyshara esheyin nárseniń ústinde kóp baqırıs esitip qaladı. Sonıń ushın, ol aǵamnıń baqırısınan qorqıp «Qutılıp qalar ma ekenmen», dep az-maz

[1] *23-aprel* — Turkiyanın ǵárezsizlikke erisken kúni.

ótirik sóylewge májbúr. Biraq, keyninen sın áshkara bolıp, taǵı baqırıs esitedi.

—Aǵama qanday dálil aytsam eken?—dedi bir kúni Miytin maǵan telmirip.

Aǵam kóp waqıttan beri Miytinge «shashıńdı aldır», —dep júr edi. Miytin oyın menen hálek bolıp, bárha umıtıp kete beredi. Sol kúni aǵam jumısqa ketip baratırıp:

— Men jumıstan kelemen degenshe shashıńdı aldırıp qoy, bolmasa mennen kóresini kóreseń, — dep zinharlap ketti.

— Tuwrısın ayta ber, qolım tiymedi de, — dedim men.

— Ótirik aytqan menen, taǵı bilinip qaladı.

— Durısın aytqan menen aǵam baqıradı. «Bergen pulıńdı joytıp qoydım», — desem ne qıladı?

— Miyiń joq pa? Bir ret sóytip aytaman dep, joytqan pulıń qaltańnan shıqtı-ǵo.

— «Kitap aldım», — desem be eken?

— Írasın ayta ber, jaqsısı.

— Ya «Shashtárezxanada adam kóp eken, gezek jetpedi», — deyin be?

Tapqan dálillerine óziniń de kewli tolmaydı.

Aǵamnıń Ziyabey degen jorası bar. Keshqurın sol hayalı menen qıdırıp keldi. Aǵamdı kópten beri kórmegen eken, saǵınıp qalıptı. Lekin, kesh bolıp qarańǵı tústi, ele aǵamnan dárek joq.

— Az-maz kúte turıń, kelip qaladı, — dep apam qonaqlardı gápke aylandırıp otırdı. Lekin, keshikken sayın apamnıń ózi de qáweterlene basladı.

— Bunday ádeti joq edi-ǵo, nege keshikti eken?

— Bir jumısı shıǵıp qalǵan shıǵar, — dep Ziyabey apamdı tınıshlandırǵan boldı.

— Qáydem, jumıs shıǵıp qalsa xabar etetuǵın edi. Miytin ekewimiz awqat jedik. Jáne biraz waqıt ótti. Miytin jatıp qaldı. Qonaqlar endi ketpekshi bolıp atır edi, usı waqıtları esik taqıldadı.

— Áne keldi! — dedi apam ornınan ırǵıp turıp.

— Bizler jasırınıp turamız, kórip hayran bolsın, — dep qonaqlar tórgi bólmege kirip ketti. Apam barıp esikti ashtı.

— Qayaqta júripseń? Amanlıq pa ózi? Bizler ǵoy, «Ne boldı eken?» — dep janımız qalmadı.

— Ziyabey awırıp qaiǵan eken, sonı barıp kórip kiyatırman, — dedi aǵam qas qaqpay.

— Solay ma? Bunsha nege keshiktiń sonda?

— Keseli awır eken. Bir zaman qasında otırdım.

— Biyshara-áy! Áytewir, sawalıp ketse bolar!

Aǵam jáne bir nárse demekshi bolıp erni qıbırlay bergende tórgi jaydan hayalı menen shıǵıp kiyatırǵan Ziyabeyge kózi tústi.

— Haw, haw, usı jerde ekensiz ǵoy, — dedi albırap qalıp.

— Saǵan bir kútilmegen sawǵa tayarlamaqshı bolǵan edik.

— Írasında da, bul kútilmegen sawǵa boldı, — dedi apam kúlip.

Hámmesi dasturqan átirapına otırdı.

— Miytin uyqılap qaldı ma? — dedi aǵam azıraqtan keyin.

— Awa, uyqılap qaldı, — dedim men. — Ózi de «dálil izleymen», — dep júdá sharshadı. Shashın búgin de aldırǵan joq. Umıtıp ketipti. «Írasın aytsam baqıradı», — dep, sizge aytqanday dálil taba almay otır edi.

Aǵamnıń birden ashıwı keldi:

— Biymezgil neǵıp otırsań! Bar ornıńa jat!

Qullası, Miytin erteńine jazadan qutılıp qaldı.

Axmed, tez-tez xat jazıp tur.

Jaqsı tilekler menen.

**Ziynep**

## BAYRAM KONCERTI

*Stambul. 24-aprel, 1964-jıl.*

*Ziynep dostım!*

16-martta jazǵan xatıńdı hám jibergen otkrıtkańdı aldım. Maǵan ókpelegen qusaysań, otkrıtkańda «Aldıńǵı jazǵan

xatıńa keshigip juwap qaytarǵanım ushın sen de solay etip atırsań ba?» — depseń. Heshqanday olay emes. Biz de Turkiyanıń biyǵárezlik kúni 23-aprelge tayarlanıp júrgen edik. Sonıń táshwishi menen waqıt dım tez ótip ketti. Keshe eplep qutıldıq. Tap jelkemnen taw awdarılıp túskendey boldı. Dárhal saǵan xat jazıwǵa otırdım.

Koncertimiz júdá ájayıp ótti. Bileseń be, ne ushın? Júdá qızıq áńgimeler boldı. Eń kóp mashqalaǵa da men duwsharlastım. Negizinde, koncert ushın úshinshi klastıń muǵallimi juwapker edi. Qosıq muǵallimi qosıq penen oyın máselesin óz moynına aldı. Ózimizdiń muǵallim bolsa koncert waqtında kórsetiw ushın bir pyesa jazıp berdi.

Men bir nársege hayranman: úlkenler udayı ózleriniń kásibine nalıp, basqa tarawdı ańsap júredi. Máselen, aǵamdı alayıq. «Jáne azıraq oqıǵanımda úlken shayır bolar edim», — deydi bárha. Aǵam házir de qurı alaqan emes. Qurttay qolı bosasa, qosıq jazıp otıradı. Ajaǵam da sonday. Áp-ánedey texniklik óneri bar, esi-dárti shıpakerlik. Muǵallimimiz bolsa jazıwshılıqqa et-betinen taslaydı. Kóbinese, bizge «Álleqashan úlken jazıwshı bolıp keter edim-dá, ilaj ne, nesip etpegen eken», — dep nalıydı. Qullası, hámmesi basqa kásipti háwes etedi.

Tiykarında, direktor «Baspada shıqqan pyesalardıń birewin oynay beriń», — degen edi, muǵallimimizge hesh pyesa jaqpadı. Soń ózi jeń túrinip jazıwǵa kirisip ketti. Taza pyesa tayar boldı. Júdá ayanıshlı shıǵıptı. Jaqsısı, men saǵan onıń qısqasha mazmunın aytıp bereyin.

... Minez-qulqı jaman bir bala boladı. Ata-anasın júdá biyzar etedi. Bala mektepten qashadı, jumıstan quwıladı. Oń izinde jaman jolǵa túsip ketedi. Bunı kótere almaǵan ana álemnen ótedi. Bala ákesin qıynap, pul alıp júredi. Bermese — uradı. Kúnlerden bir kúni ol jınayat islep, qamalıp ketedi. Qamaqtan biraz kele bolıp shıǵadı. Barlıq qılmısları ushın keshirim sorawǵa ákesine baradı. «Ákejan, meni keshiriń, gáplerińizdi tıńlamadım, násiyatıńızǵa qulaq aspadım, aqıbet

linde mine el-jurtqa masqara boldım. Meni keshiriń», — dep jalbarınadı. Búkireyip qalǵan ǵarrı «Áke hámme waqta óz perzentiniń gúnasın keshiredi. Men seni keshirdim, balam. Qudayǵa qullıq et, óz dárgayında keshirsin», — dep jılap jiberedi. Lekin, júregi shıdamay jerge jıǵıladı hám sol jerde janı úziledi...

Pyesa shınında da qayǵılı edi. Onı oqıp atırǵanda klasta hámmemiz bir qaytara jılap aldıq.

— Basqa jeńilirek bir pyesa qoyǵanımız maqul emes pe eken? — dep soradım men muǵallimnen.

Oqıtıwshımız maǵan baqırıp tasladı.

«Meniń oyımsha, betimizge saqal jabıstırıp, úlken adamnıń rolinde oynap júrgenshe, mektep turmısınan, ózimizge qolay rollerdi oynaǵanımız maqul emes pe? — dep soramaqshı edim. Lekin, oyımdaǵını túsindire almadım.

Saxnaǵa saqal-murt jabıstırıp shıqqan balalar cirktegi ırgejeylilerdiń ózi boladı da qaladı. Bunı men burın kóp kórgenmen. Úlken adamnıń rolinde shıqqan bala qansha jaqsı oynay bersin, bári bir zalǵa kúlki boladı. Ol qansha kúyip-janıp sóylegen sayın zaldıń onnan beter ishek silesi qatadı. Sonday bolǵannan keyin, birotala yumorlıq shıǵarma qoyǵan maqul emes pe? Men sonı aytpaqshı edim. Muǵallim baqırıp taslaǵannan keyin, dım úndemey qoyaǵoydım.

Pyesa bes adamǵa ılayıqlap jazılǵan eken.

— Tártipsiz balanıń rolin sen oynaysań, Axmed. Ózi de saǵan qolay — qatırasań! — dedi muǵallim.

Damirge — áke, Miynege ana roli tapsırıldı. Hámme óz rollerin jaqsılap yadlap aldı. Úsh-tórt márte repeticiya etip kórdik. Sońgısında jawın jawdı. Óziń bileseń, mektebimizdiń tóbesinen bir tamshı da irkilmeydi. Jawın saxnaǵa quyıp ketti. Hámme jaq sel-sel. Polǵa qatarlastırıp shelek bar ma, lágen bar ma, qoyıp shıqtıq.

Koncert baǵdarlamasında qıtaysha da bir oyın kirgizilgen eken. Oyınshılar toparında men de barman. Qosıq muǵallimi

bir jerde qıtaysha oyın kórip, sonı kewline túyip alıptı, biz endi sonı oynaytuǵın boldıq.

— Ózimizdiń «Zaybek»ti* oynasaq bolmay ma? — dedim muǵallimge.

— Qaywaq koncert bolsa «Zaybek»ti oynaysız, jańadan bir nárse kórsetiń, aqırı, — dedi muǵallim.

— Onda qıtaydıń balaları da koncert bolsa biziń «Zaybek»ti oynay ma?

— Masqarapazlıqtı qoy! — dedi muǵallim jekirinip.

Lekin, men «Zaybek»ti oynap atırǵan qıtay balaların kóz aldıma keltirip kúldim. Meninshe, qıtay balaları da bizlerdiń qıtaysha oyınımızdı kórse ishek silesi qatatuǵın shıǵar.

Tamnan jawın ótip tur. Biz shelek-lágenlerdiń arasında eń sońǵı márte repeticiya ótkerdik. Qıtaysha oyınnıń zarpınan pollar oyılıp ketkendey boldı.

— Bul saǵan «Zaybek» emes, áytewir aspanǵa sekire berme. Qıtaylardıń oyını saldamlı boladı, olar keskin háreket etpeydi, — dedi qosıq muǵallimi maǵan aqıl úyretip.

Men qanshelli awır salmaqlı bolayın deymen, biraq «Zaybek» kewlimizge ornap qalǵan eken, sál ótpey aspanǵa sekirgenimdi bilmey qala beremen.

— Nege ırǵıy bereseń, Axmed? Bul qıtay ruwxına sáykes kelmeydi. Qıtaylılardıń háreketi biyazar boladı.

— Yaqshı. Biraq, qıtay ruwxı maǵan sáykes kelmese ne qılaman? Men buǵan úyrenbegenmen.

Qosıq muǵallimi pianinoda oynadı, biz oyınǵa tústik. Jáne bir jerine kelgende tosattan sekirip jiberippen, muǵallim ornınan shapshıp turdı da maǵan qaray juwırdı. Jolda jamǵır tolı shelekke súrnigip, awnap tústi. Hámme jaq aydın shalqar boldı... Qullası, keshqurın málim bolıwınsha sońǵı repeticiyamız jaqsı ótipti.

Koncert kúni de jetip keldi. Júregimiz ulı-dúrsildi bolıp, perdeniń artınan zalǵa sıǵalaymız. Adam degen bolar emes

---

* «Zaybek» — túrk xalqınıń milliy oyını.

jıyılǵan. Biz saxnada qatar dúzep turmız. Hámmemiz — eliw balamız. Klaslarımız da hár qıylı.

Mine, perde ashıldı. Sap tartıp «Ǵárezsizlik marshın» ayttıq. Keyin úlkenirek balalar arqaǵa ótti, birinshi-ekinshi klastıń oqıwshıları «Búgin 23-aprel» qosıǵın baslap jiberdi. Qosıq tamamlanıwdan zalda qol shappatlawlar jańladı.

Keyingi aytılıǵan qosıq muǵallimimizge hesh jaqpadı.

— Bul ne? «Qosıqtı eki adam aytıwı kerek», — dep ayttımǵo. Uuw-shuw qılıp jiberdińiz-ǵo, — dep baqırdı perdeniń artında.

Gezek qıtaysha oyınǵa keldi. Oramal kóterip qızlar saxnaǵa shıqtı. Ústilerinde — gúlli yubka hám kelte kóylek. Bizler de qızlar menen izbe-iz saxnaǵa shıqtıq. Qas-kózimizge qara kúye súrtip, qara kúyeden murt qoyıp alǵanbız.

Qosıq muǵallimimiz pianinonı shalıp jiberdi. Oramal tutqan qızlar gá iyilip, gá tikeyip aralarımızdan ótip tur. Usı waqıtları bir kesapat júz berdi. Muǵallimniń sonsha zinharlaǵanı esimnen shıǵıp, sekirip jibergen qusayman, shirigen pol taqtaydıń arası ashılıp, oyınshı qızlardıń birewiniń etegin qısıp qaldı. Biz ólip-óship oynap atırmız, ol bolsa etegin tartıw menen áwere. «Jáne bir sekirip kóreyin, múmkin etegi alınar», degen oy menen aldına kelip taǵı bir sekirdim. Poldıń arası ashılıwǵa ashıldı, biraq oyınshı qız etegin tartıp ala almadı. Biyshara ashıw menen bir silkinip edi, yubka sheshilip ketti.

— Perde! Perdeni jabıńlar! — dep baqırdı qosıq muǵallimi saxnanıń artınan.

Dúrlegen qol shappatlawlar astında perde jabıldı. Sonnan keyin túrli qosıqlar aytıldı, oyınlar... Eń aqırı bizler tayarlaǵan spektaklge náwbet keldi.

Muǵallimimizdiń ózi bizlerdi grimledi. Miyne apasınıń kiyimlerin kiyip kelip edi, naǵız irgejeyli kempirdiń ózi boldı da qaldı. Muǵallim murnımızdıń astına qoyıw jelim jabıstırıp, ketpenniń sabınday murttı qondırdı. Jelimniń kúshi jetpey, ol túsip ketti. Muǵallim jáne bir qat jelim jaǵıp murtımdı

epledi. Damirdiń eki betin jelimlep, ústine paxta jabıstırdı. G'arrı bolǵannan keyin saqal-shashı appaq bolıwı kerek-tá. Grimlenip boldıq. Usı waqıtları muǵallim:

— Damir júdá jas kórinip tur, kózáynek taqsın, — dedi.

Repeticiya waqıtlarında bul haqqında sóz bolǵan joq edi. Ayaq astınan kózáynek qalay tabılsın! Ele de direktorımız bar eken — ol kózáynegin sheship Damirge berdi.

— Lekin, abaylı bol, — dedi ol Damirge eskertip. — Usı bolmasa hesh nárseni kóre almayman.

Kózáynek Damirdi pákene ǵarrınıń ózi etti de qoydı.

— Oy-bu, kózim buldırap, hesh nárseni kórmey atırman, — dedi Damir nalınıp.

Aytqanı ıras eken. Perde ashılǵanda «Saxnaǵa shıǵaman», dep basın paqsaǵa urıp aldı. Onı eplep-seplep saxnaǵa jónelttik.

Ne bolsa da spektakldiń birinshi kórinisi jaqsı ótti. Zalda dúrildegen qol shappatlawlar — bunıń dálili.

Ekinshi kórinis baslandı. Men anamdı, yaǵnıy Miyneni sabalap turman, atam bolmısh Damir maǵan aqıl úyretiwi kerek. Bir waqıtları ser salıp qarasam, Damir bizlerdi kórip turǵan jóq! Tamashagóylerge arqasın qaratıp, diywalǵa qarap monolog oqıp tur! Hár eki gápiniń birinde:

— Háy, zalım bala! Bul ne qılıq seniki? Seni usı maqsetle baǵıp adam qılıp pa edim? — dep diywalǵa qarap nalıydı.

— Berman qarap sóyle, bizler art betińdemiz, — dep sıbırladım áste.

Men anamdı sabap atırǵanda Damir onı arashalap alıwı kerek edi, lekin Damir bizlerdi taba almay, «Soqır teke» oynaǵan baladay, saxnada sıypalanıp júr.

— Urma, urma anańdı! Anaǵa qol kóteriwge bolmaydı ant urǵan! Toqta deymen — dep esik betke qarap hár bir baqıradı.

Biz oń jaǵında turıppız, ol bolsa shep jaǵına qarap sóyleydi. «Eń bolmasa dawısımdı esitip berman burılar» dep, kinoda kórgenlerimdi iske saldım:

— He, awa, uraman! Ursam basqanıń anası emes, ózimniń anamdı urıp atırman!

Damir dawısımdı esitken soń biz tamanǵa burıldı lekin, demde adasıp qaldı.

— Háy, bala, urma deymen saǵan! Ilayım, ananı urǵan qollarıń shorta sınsın!

Qullası, Damirdiń bizdi tawıp alatuǵınına kózim jetpedi. Naylaj, Miyneni Damirdiń aldına súyrep alıp bardım.

— Háy, anturǵan deymen...

— Buyaqtamız ata, bizler betke bir qarap qoy.

Damir jaǵdaydı dárhal túsindi.

— Júziń qurısın! Júzine qaraǵım kelmeydi seniń. Men atańman kerek bolsa maǵan óziń qara!

Pyesadan pútkilley shıǵısıp kettik.

— Kimge qarap sóylep atırsız, men artıńdaman ǵoy...

— Áytewir, saǵan emes. Saǵan sózimdi zaya qılmayman.

— Onda diywalǵa aqıl berip atırsız ba?

— Sennen góre usı diywal jaqsı. Aytsań túsinedi.

— Seni tuwǵansha tastı nege tuwmadım! — dep jerde ıńırsıp atırǵan Miyne jan táslim etti.

Damir kóz jumǵan Miyneni bawırına basıp óksip-óksip jılawı kerek.

— Qayaqtasań kempirim? Qayaqta qaldıń, japakeshim! — dep ózin jerge atıp, Miyneni sıypalanıp izley basladı.

Miyne shıdamay, sıbırlap belgi berip atır.

— Mınayaqtaman, men óldim.

— Kerek bolsa birge bolıń! — dep Damirdi jaǵasınan uslap Miyneniń ústine aparıp urdım.

Sonıń menen ekinshi perde de tamam boldı.

Perde túsirilgennen keyin muǵallim Damirdiń janıń aldı.

— Kózáynek penen kórmey atırsam ne qılayın? — dedi dostım kúyip-pisip.

Keyingi kóriniste Damirdi kózáyneksiz shıǵarmaqshı bolıp edi, lekin «qırqına shıdadı ǵoy — qırq birine de tózsin», ólimi aldında alıp taslasaq qolaysız bolar», dep, ol pikirden qayttı.

— Kózáynegińdi taq, biraq onıń ústinen qara, — dep úyretti direktor.

Damir direktordıń usınısın iske salǵannan keyin úshinshi kórinis sál tirishelew ótti. Lekin, aldıngı kórinislerde tamashagóylerdiń kúlki tamırların qıtıqlap qoyǵan ekenbiz, tuwrı gápke de, qıysıq gápke de shaqalaqlap kúle beredi. Jılaw kerek jerde de — kúlki.

Úshinshi kóriniste men qamaqtan bosap úyge kelemen. Endi óz qılmısımnan pushayman jegen bolaman. Ákeme jalınıp, meni keshiriwin sorayman. Zaldaǵılarǵa — sonıń ózi de kúlki. Bunıń qayaǵına kúledi, hayranman.

Keshirim sorap, ákemniń qolın súyiwim kerek. Endi súyejaq bolıp eńkeygenim sol, murtımnıń bir jaǵı jerge túsip ketti. Jartı murt penen qalay basımdı kóteremen?

Dárriw esabın taptım.

— Ayaǵıńa bas urıp jalınaman, atajan! — dep Damirdiń ayaǵına bas qoyıp jıǵıldım.

Sóyttim de dárhal jartı murttı alıp ornına jabıstırdım. Lekin, baxıtsızlıqtıń ózi de jup bolıp júredi eken, masqara boldım. Óydegenim, túsip ketken jartı murt shep jaǵımdiki eken, onı aparıp oń jaǵıma basıppan. Eki jartı murt bir-birine mingesip ketti. Damir onı sezgen eken, «Shep tamanıńa al», — dep sıbırladı. Háreket etip kórdim, bolmadı. Aqırı, murtın tawlap turǵan kisidey bolıp, bos jerge qolımdı qoyıp tura berdim.

— Men seni keshirdim, balam! — dedi Damir aqırı. Men oǵan qarap ári-beri murtımdı tawlaǵan bolaman, lekin onıń da shegi boladı ǵoy. Ári-beri súykeymen, jabıspaydı.

— Eger gúnamdı keshirmegenińizde murtlarımdı mınaday etip julıp taslamaqshı edim, — dep murtımdı qısımlap, ayaqtıń astına atıp urdım?

— Ol ne qılǵanıń, balam?

— Sol murt sizden sadaqa! Sebebi, gúnalarım kóp, onı ótewge bul da jetpeydi.

Spektakl shamalasıp qaldı. Endi Damir meni kókiregine basıp, óksip-óksip jılap turıp, «Men seni keshirdim balam,

endi párwardigarǵa jalbarın, onıń ózi keshirsin», — dep jan ta'slim etiwi kerek edi.

Damir egitilip jılap jiberdi. Áste ser salıp qarasam, ırası menen jılap tur! Spektaklden keyin aytıwına qaraǵanda, kewli eljirep ketken eken. Qullası, kóz jası bet awzın juwıp, paxta saqalları jibip ketti. «Waq, balam!» — dep ol maǵan boyın attı. Ekewimiz bir zaman qushaqlasıp turdıq.

Júzine qarasam, saqal-murtınan nıshan joq. Hayran bolıp ózimniń iyegimdi sıypaladım. Qarasam, mende saqal ósip shıqqan. Keyin bilsem, jańa qushaqlasıp turǵanda jibip turǵan saqal meniń betime jabısqan eken. Bir maydanda baladan ákege aylandım. Házir — ǵarrınıń jerge jıǵılıp, jan beretuǵın payıtı. Lekin, Damirge qarasam eleberin ólejaq emes.

— Bol tezirek. Damir! Óletuǵın bolsań tezirek ólmeyseń be? — dedim oǵan sıbırlap.

— Saqal sende ketti-ǵo, endi qaysısımız óliwimiz kerek?

— Aqırı, sen atasań-ǵo, álbette óliwiń kerek.

Damirge óliw jaqpay tur.

— Bolaǵoysań-o, tez! Nege tura beresen?

— «Jıǵıl», deseń jıǵıla beremen-aw, biraq direktordıń kózáynegi sınıp qalsa ne boladı?

— Gápti qoysa, tez bol. Spektakl tamamlanıwı kerek. Masqara boldıq.

— Men seniń gúnańnan óttim. Endi párwardigarǵa jalbarın, seni keshirsin!

Damir sol gápti ayttı da, kózáynekti biymálel stolǵa alıp qoydı. Keyin «Endi men óldim», — dep gúmp etip jıǵıldı. Men onıń ústine boyımdı tasladım. Dárhal perde jabıldı. Lekin, bizler júda aldıǵa ketken ekenbiz, yarım belimiz perdeden sırtta qaldı.

Zal kúlki menen dúrildegen qol shappattan lárzemge keldi.

— Búytip jata bersek bolmaydı. Túrgeleyik, — dep sıbırladım Damirge.

— Ólgen adam qalay turadı? Tura ber, men jataman. Birew ayağımızdan súyrep perdeniń ishine aldı. Túrgelip qarasaq — muğallimimiz eken.

— Wayran boldıq, endi gáp esitemiz, — dedi Damir. Júregimiz ulı-dúrsildi bolıp saxnanıń artına shıqtıq. Hámme Damirge hayran qaldı. Elege deyin balalar Damirdi «Kúshli talant iyesi eken», — dep júr. Bul gápte jan bar. Ol muğallimimizdiń tragediyasın komediyağa aylandırıp berdi.

Usı kúnleri Stambuldıń hawası júdá ájayıp. Demalısta usı sháhárde diydar kóriskenshe xosh, saw bol.

**Axmed**

## BALALAR ROMANÍ USHÍN KONKURS

*Stambul. 25-aprel, 1964-jıl.*

*Qádirdanım Ziynep!*

Kúni keshe sağan xat jibergen edim, mine búgin jáne jazıp atırman. Hayran bolatuğın shığarsań. Ústi-ústine jazıwımnıń bir sebebi bar — bir nársege sen qalay qaraysań, sonı bilejaqpan. Eger meniń pikirim sağan maqul tússe birge isleymiz.

Jaqında bir gáp esittim. Balalar romanı ushın konkurs járiyalanğan-mısh. Sonı esitiwden basıma bir pikir keldi: bir-birimizge jazğan xatlarımızdı tártip penen jıynasaq, sonıń ózi roman bolmay ma? Men hámme xatlarıńdı jıynap júrippen. Seniń de onı jıynap, papkağa salıp qoyğanıńdı bilemen. Onı óziń aytqan ediń.

Al, usığan ne deyseń? Sağan maqul tústi me? Eger konkursqa qatnasıwğa razı bolsań, barlıq xatlardı bir konvertke salıp, aviapochta arqalı dárriw mağan jiber. Ekewimiz sherik bolıp qatnasamız.

Eger sen meniń bul usınısıma qosılmaytuğın bolsań dárhal mağan xabar et. Jáne bir ótinishim bar. Usınısım maqul tússe, bul haqqında heshkimge aytpay tur. Konkursta

utıp shıqsaq, úyimizdegilerge bul úlken sawǵa boladı. Eger áwmetimiz kelmese, «jabıwlı qazan jabıwlı turısında» qala beredi. Heshkim bunı betimizge basa almaydı.

Juwabıńdı kútemen. Húrmet penen klaslasıń.

**Axmed**

## JEŃIS SENIKI

*Ankara. 27-aprel, 1964-jıl.*

*Áziz dostım, Axmed!*

Házir ǵana xatıńdı aldım. Dárhal juwap qaytarıwǵa otırdım. Jazıp bolıw boyıma ħámme xatlarıńdı saǵan banderol etip jiberemen.

Sen «Konkursqa qatnasayıq» dep jazıpsań. Razıman. Biraq, kewlińe kelmesin, bunnan bir nátiyje shıǵatuǵınına kózim jetpey tur. Sebebin aytayın ba? Sebebi, biz ózimizdiń xatlarımızda ata-analarımızdı ham basqa da úlken adamlardı bir-birlep elekten ótkerip kórdik. Endi bılay qarasań, konkursqa kelgen romanlardı oqıp, oǵan baha beretuǵınlar da — sol úlkenler. Ózleri ħaqqında jazılǵan romanǵa olar jaqsı baha beretuǵınına hesh isenbeymen. «Biyádep balalar eken», — dep bizge óshegisiwi de múmkin. Qalaberdi, romandı konkursqa jiberip atırǵanıńda atımızdı mákan-jayımızdı jazsaq — taǵı bálege qalamız. Sonıń ushın, atlarımızdı ózgertip, xatlardıń tómeninen bir-birden laqap qoyıp alǵanımız maqul. Meniń atım Ziynep bolsın, sen de óziń qálegen bir laqaptı qoyıp al.

Men bunıń menen «Konkursqa qatnaspayıq», demekshi emespen. Bir-birimizge jazǵan xatlarımızdı jıynasaq bir roman bolatuǵınına iymanım kámil. Meyli, bulardı konkursqa jiber. Jeńip shıǵa almasaq, bári ózimizge ayan, biz hesh nárse joǵaltpaymız.

Bunnan eki-úsh kún burın ayırım xatlarıńdı jáne bir oqıp kórgen edim. Menińshe, úlkenlerge baha beriwde biz sál

shegaradan shıǵıp ketken qusaymız. Xatlarıńda ne degen gáplerdi jazǵansań... Bálkim, meniki de sonday shıǵar? Usı xatlarımız bir tártipke tússe, burıshtay ashshı haqıyqatlıq júzege shıǵadı. Anıǵında, kórgen hám esitken nárselerimizdi sál bórttirińkirep-ám jibergen ekenbiz.

«Konkurstıń jyuri aǵzaları úlkenler emes, bálki balalar bolǵanda biz qanday da bir sawǵanı jeńip alar edik», dep oylayman. Lekin, solay bolsa da biziń bir utatuǵın tamanımız bar. Men balalar haqqında jazılǵan geypara romanlardı erksiz esime túsirdim. Hámmesinde sol sıyqaq gápler: awılda tuwılǵan kámbaǵal bala qıylanıp oqıydı, sayaxatqa shıqqan balalar ájeptáwir waqıyalarǵa dus boladı yamasa kámbaǵal úydiń balası awırıp atırǵan anasın asıraw ushın jumısqa kiredi. Qullası, gileń aqıl-násiyat penen tamamlanatuǵın kitaplar. Bizlerdiki bularǵa hesh uqsamaydı.

Nabada, konkursta jeńip shıqpasaq ta, saǵan bunıń hesh áhmiyeti joq. Bári bir birinshi orındı alǵan bolasań: esesine, sen de áke bolǵanıńda balalarıńa usı waqıya haqqında aytasań (sennen ótinishim, usı aqırǵı xatımdı konkursqa jiberegórme).

Saǵan táselle etip otırmayman. Roman ushın sıylıq ala almasaq, oǵan kóp qayǵırma. «Úlkeysem jazıwshı bolaman», — deytuǵın ediń, xatlardı sol waqıtta bir kitap etip shıǵararsań.

Saǵan shın júrekten áwmet tileymen. Mennen hámme doslarǵa sálem.

**Ziynep**

## JAZÍWSHÍDAN BALALARǴA XAT

*Ankara. 11-aprel, 1967-jıl.*

*Áziz bawırmanlar!*

*Yaq: áziz bawırlarım!*

Men hámmeńizdi óz perzentlerimdey súyemen. Hárqanday ıshqı-muhabatta bolatuǵınınday, menikinde de azı-

kem salqınlıq bar. Biz, úlkenler, sizlerde óz ómirimizdi, óz jetkinsheklerimizdi kóremiz, sonday bolatuǵınına qattı isenemiz. Men óz perzentlerimdi, sonday-aq, tek túrk ǵana emes, dúnyadaǵı hámme balalardı da — amerikan, rus, nemec, qıtay, lolı — shın júregimnen súyemen.

Men sizlerge bir nárseni ashıq aytpaqshıman. Bunı ózińiz de jaqsı bilesiz. Usı kitaptaǵı xatlardı qız hám bala emes — men jazǵanman. Ziynep penen Axmedti men oylap taptım. Eki oqıwshı bunday etip uzınnan-uzaq, qátesiz jazıspaytuǵınlıǵın ózlerińiz de bilip tursız. Eger arańızda bunday balalar bolsa da xatlardı tártipke keltiriwde, juwmaq jasawda bári bir olar qáte jiberedi. Biraq, soǵan isenemen, sizlerdiki menikine qaraǵanda biraz jaqsıraq boladı. Nege degende, sizler óz tilińiz, óz júregińiz benen tuwrısın sóyleysiz. Úlkenler menen kishkeneler arasındaǵı eń úlken parıq ta sonda. Sizler de úlkeygen sayın bizge uqsap, balalıqqa tán aqkókireklikten uzaqlasa beresiz.

Bul shıǵarmada men qolımnan kelmeytuǵın bir iske urınıp kórdim — ózimdi sizlerdiń ornıńızǵa qoymaqshı boldım. Anıǵında bunıń hesh imkanı joq. Sebebi, úlkenler ózleriniń balalıq dáwirinen bir-eki mıń jılǵa uzaqlasıp ketedi. Sonıń ushın da, biz eresekler, óz balalıǵımızdı pútkilley umıtıp jiberemiz. Ata-analar da, muǵallimler de ózleriniń bir zamanları bala bolǵanlıǵın esinen shıǵaradı.

Ziynep penen Axmedtiń atınan jazılǵan usı xatlar ırasında da konkursqa qatnastı. Biraq, oǵan sıylıq tiyisken joq. Bunı «ádalatsızlıq» dewge de bolmaydı. Bul roman konkursta sıylıq ala almaytuǵın da edi. Óytkeni, kitaptı oqıp shıqqan jyuri aǵzaları da balalıq dáwirlerin álleqashan eslerinen shıǵarıp jibergen. Ziynep penen Axmed solay boların bilgen edi.

Hámme jazıwshılarǵa uqsap men de sizge biraz násiyat aytpaqshı boldım. Lekin, meniń násiyatlarım basqalardikine hesh uqsamay qaldı. Basqa ilaj taba almadım. Biraq, «Bul kisi hámiyshe sonday eken» dep oylamań. Óz turmısımda men de ul-qızlarıma sol adamlar sıyaqlı sóylesemen. Men

de jaqında ǵana emes, tap mıń jıl burın bala bolǵan sıyaqlı tutaman ózimdi. Biz, eresekler, bunıń qáte ekenin bilemiz, biraq, basqa ilajımız joq. Sharasızbız.

Men usı kitabımda jáne bir nársege urınıp kórdim — ózimdi úlken, sizlerdi bolsa jas bala dep qaramadım. Sizler menen teńlese ala almaǵanım ushın sizlerdi ózim qatarı dep bildim. Awa sizlerdi eresekler qatarına qostım. Bir waqıttıń ishinde sizlerdiń ele bala ekeniińizdi esten shıǵarmawǵa da háreket ettim. Sonıń ushın da, men, kitaptan gózlegen maqsetlerimdi sizlerge ashıqtan-ashıq aytıp atırman...

*Qádirli bawırlarım!* Hámmeńizge shın kewlimnen tabıslar tileymen.

**Áziz Nesin**



# HAYWANATLAR HAQQÍNDA HÁDIYSELER

## ANA TÁRBIYASÍ

On jasar bala edim. Stambuldıń Sulaymaniya awılında eki qabatlı eski jaydıń bir bólmesinde kireyde turamız. Úyde bir tarǵıl pıshıǵımız boldı. Sol kúnleri ol balalap júrdi, lekin tuwǵanı tuwǵandayın óle berdi. Tek, quday jarılqap, birewi aman qaldı.

Tarǵılımız qanshelli ash bola bersin, bir jaqsı jeri, úydegi ashıq-jabıq turǵan nárselerge suqlanıp qaramaydı. Biraq, ózi — atayı urı. Bir jaqlardan gósh, yaki taǵı bir nárselerdi tawıp alıp keledi.

Bir kúni kenapattay góshti basqıshtan zorǵa kóterip-súyrep shıqtı da, mıyawlap, balasın shaqırdı. Ol kelgennen keyin góshti óziniń awqat jeytuǵın tabaqshasına saldı. Perzent-pıshıq ashkózlik penen góshti ǵabır-ǵubır jey basladı. Tarǵıl keyinirekke barıp, sozılıp, waqtı-waqtı tamsanıp qoyar edi...

Ol zamanları bizler jerge kórpeshe tósep, páskeltek haptaqta átirapında jaylasıp alıp awqatlanatuǵın edik. Kúnlerden bir kúni sóytip otırsaq Tarǵıl pıshıǵımız apam menen meniń ortamızǵa kelip, jatıp aldı. Birazdan keyin qasına balası keldi. Lekin, ol anası qusap tınısh jatpay, dasturqanǵa moynın sozıp, ondaǵı taǵamlardı iyiskeley basladı. Bul azlıq etkendey, aldıńǵı ayaqların ústine sozıp jiberdi. Balasınıń biyruqsat bir nárse almaqshı bolǵanın sezgen Tarǵıl ornınan ushıp turdı. Tap bir, aytqandı tıńlamaytuǵınnıń támbisin bergen qusap, bir ayaǵı menen balasınıń basına berip saldı. Keyin taǵı urıp-urıp, haptaxtanıń astına kirgizip jiberdi. Sol waqıyadan keyin Pishentaydıń qaytıp dasturqanǵa qaray tumsıq sozǵanın kórmedik.

## MIYIRMAN IYT

Úyimiz úlken joldıń boyında edi. Qıs kúnleriniń birinde, ekinshi qabatta, aynanıń aldında gazeta oqıp otırsam, kóshe betten sıńsıǵan dawıs esitildi. Sonday ayanıshlı shıqtı deyseń, hátte gazetamdı oqıy almadım. Aynadan qarasam — esiktiń aldında qanday da bir kúshik. «Onı quwıp jibereyin», dep tómenge tústim. Esikti ashsam — sobalaq júnli aq kúshik eken. Meni kóriwi menen kire qańsılay basladı. Dárhal kóterip alıp, óyer-búyerin uslap kórdim. Bir ayaǵı jaralanǵan eken, qanap tur. Jaraqatın jaqsılap juwıp, dári jaqtım, keyin «Ayaǵı qıysıq pitpesin», dep taqtaysha menen qosıp baylap qoydım. Bir maydan qańsılap jattı da, tınıshlandı. Qarnı toyǵannan keyin uyqıǵa ketti.

Aradan on bes kún ótkennen keyin taxtayshanı alıp tasladım. Ol bir-eki kún aqsańlap júrdi, keyin birotala sawalıp ketti. Oyınshıl, jaqsı kúshik; úydiń ishi oǵan úyrenisip qaldıq. Lekin, ol qańǵımay eken; jırılıp kóshege qashıp ketkisi kele berdi, biz uslap ákelip ketegine aparıp tıǵatuǵın edik. Aqırı, bir kúni esabın taptı... qashıp ketipti! Qansha qıdırǵan menen tabılmadı. Qıylandıq, biraq ilaj qansha?

Kelesi jılı tap sonday qıs kúnleri aynanıń aldında kofe iship otırsam, tosattan kóshe betten iyttiń úrgen dawısı shıqtı. Negedur, bul dawıs maǵan tanıstay edi. Dárhal tómenge túsip, esikti ashsam — tap sol, bayaǵı... biraq kúshik emes, naǵız iyt. Meni kóriwden-aq quyrıǵın bılǵańlatıp, iynime sekirip atır. Qasındaǵı úlken bir sarı iyt tınbay qańsılaydı, úńilip qarasam, bir ayaǵı sınǵan eken.

Ánekey, aradan bir jıl ótkennen keyin sol qańǵımayımız mennen járdem kútip, jorasın ertip kelipti...

## MINNETDAR AYÍW

Tawr tawı táreplerde bir ǵarrı diyqan toǵayǵa barıp, úlken bir daraqtı kesip qulatıptı da otın tayarlawǵa kirisip ketipti. Sonıń arasında, qayaqtan kelip qalǵanı belgisiz, bir ayıw

payda bolıp, onıń qarsı aldına kelip otırıptı da islegen islerin asıqpay gúzete baslaptı. Oyaqlarda ne kóp — ayıw kóp. Lekin, adamǵa tiymeydi. Otınshı sonı bilgenlikten párwayı pálek — jumısın dawam ete beripti.

Bir máháli ǵarrı doǵalaq aǵashtı jarmaqshı bolıp, sına qaǵıptı da onı baltanıń arqası menen ura baslaptı. Hádegende ayrılaǵoymaptı. Ashırqaǵansha qıymıldaǵan soń, bir shetke shıǵıp, túslenip alıw ushın otırıptı. Otınshınıń ketkenin kórgen ayıw doǵalaqtıń qasına kelip, jas baladay sına menen oynay baslaptı. Onı suwırıp almaqshı bolıp, arman-berman julqılaptı. Bir waqıtları sına shertilip ketipti de aǵashtıń jarıǵına ayıwdıń ayaǵı qısılıp qalıptı. Haywannıń jan dawısı shıǵıptı. Diyqan dárhal juwırıp kelip, aǵashqa úlkenirek sına qaǵıp, biysharanıń ayaǵın shıǵarıp alıptı. Bayǵus aqsańlawı menen jol boyı ókirip, bádár ketipti.

Sol kúngi jumısı shala qalǵan ǵarrı erteńine azanda keshegi jerge kelse, doǵalaq aǵashtıń ústinde terektiń qırmasımaq qabaǵına salınǵan paldı kóripti. Sonda ol keshegi islegen jaqsılıǵı ushın ayıwdıń minnetdarshılıq bildirgisi kelgenligin sezipti.

## AYÍW TÚLKI AWLAYDÍ

Xalil Dúndar bılay gúrriń etedi:

— Taw etegindegi Xirwat awılınıń shopanları hár kúni túnde bir qoy ǵayıp bolıp shıǵatuǵının sezedi. Abaylasa, súriwge ayıw aralasqan eken. Shopanlar urınıń sazayın beriw ushın túni menen ot jaǵıp gúzetip otırıptı. Ulıqpanında bir ǵana pilteli mıltıǵı bar eken.

Qápelimde ayıwdıń ózi de kórinipti. Shopanlar shawqım salıp, onı qorqıtıp-úrkitpekshi boldı. Seskenetuǵın ayıwın joq — párwayı pálek, tup-tuwrı bastırıp kele beripti. Bunı kórgen bir shopan asıǵıp-úsigip, mıltıqtıń piltesine ot basqan eken — kóshpepti. Ayıw bolsa jaqınlap qalǵan. Shopanlar mıltıqtı taslap, tapırıqlasıp qashıptı. Ayıw biymálel ot janına kelipti. Jerden mıltıqtı alıp, dizesine bir urıp sındırıptı. Sonnan keyin

ol bir qoydı pushtarlap jewge kirisipti. Usı waqıtları súriw bette bir túlki de ayianshıqlap júr eken. Ol hár kúni ayıwdıń keyninen barıp, sarqıtqa qarın toydıratuǵın edi. Búgin de túlki sol ádetin baslaptı. Ayıw onı kórip qalıptı da bir bólek gósh ılaqtırıptı. Túlki kelip alıptı. Ayıw jáne bir bólek taslaptı. Lekin bul ret jaqınıraqqa ılaqtırıptı. Usılayınsha gósh taslap, túlkini aqırı birden uslap alıptı. Soń jańaǵı ózi sındırǵan mıltıqtıń tútesin otqa ábden qızdırıp, onıń quyrıǵına basıptı. Birneshe márte usılay tákirarlanǵannan keyin túlki shopanlardıń kóz aldında-aq jan táslim etipti. Ayıw «Usı waqıtqa deyin jegen qoylarımnıń haqısı bolsın», degendey qolındaǵı ólimtikti shopanlar jasırınıp atırǵan jerge qaray ılaqtırıptı. Sol-sol eken, ayıw bul átirapqa kórinbey ketipti.

## JAQSILIQQA — JAQSILIQ

Bul waqıyanı bizge muǵallimimiz aytıp bergen edi. Onıń aǵayini birinshi dúnya júzilik urısta oficer bolǵan eken. Oficer bir kúni shólde ketip baratırıp, qızıq waqıyaǵa ushırasıptı. Kirpitiken menen juwan jılan «sawash» qurıp atır eken. Hújim jasap atırǵanı kirpitiken: ol tınbay topılar, hár topılǵanda iynedey tikenlerin suǵıp-suǵıp aladı. Jılan shetirekke qashpaqshı bolsa, dárhal juwırıp aldınan shıǵadı. Aqırı, biysharanıń qıbır etiwge halı kelmey boldırıptı. Kirpitikenniń jáne hújimge qayımlasıp turǵanıń kórgen oficer qolındaǵı tayaq penen bireki mártebe urıptı. Ol sespey qatıptı, tayaq eki bólinipti. Jol boyı sınǵan tayaǵınıń bir jaǵın ırǵıtıp oynawı menen oficer ózi turǵan shatırǵa kelipti. Aradan biraz waqıt ótkennen keyin shıǵıp qarasa, dalada bayaǵı juwan jılan uzınına túsip ólip jatır.

Qasında — sınǵan tayaqtıń qalǵan bólegi.

Muǵallim usı waqıyanı aytıp bolıp bılay dedi:

— Denesi ilme-tesik bolǵan jılannıń jaqsılıqqa jaqsılıq qaytarıw niyetinde sonsha jol basıp keliwi — aqılǵa uǵras kelmeytuǵın is. Lekin, bul — bolǵan waqıya. Qalaberse, onı órnek alıwǵa turatuǵın hádiyse desek te arzıydı.

## SHİMSHİQ AWİ

Advokat dostım Urxan Apaydiń bir kúni gáptiń arasında:

— Bir márte men de jazıwshı bolǵanman, — dedi.

— Qashanları? — dep soradım men.

Ol aytıp berdi:

— Baslawısh klasta oqıp júrgen waqtım. Shaması, úshinshi klass shıǵarman. Qala kúnleri kóshege shıǵıp zawıqlanıp oynaytuǵın edik. Tiykarǵı ermegimiz — rogatka atıw. Áne sonday kúnlerdiń birinde Burxan ájaǵam menen oynap júrip, qus awlawdı niyet ettik. Rogatkaǵa mayda tas salıp atamız, hesh darımaydı. Bir máháli túbimizdegi terekten bir top shımshıq «pır» etip ushtı. Burxan ájaǵam dárhal rogatkaǵa tas salıp, tartıp qalıp edi, bir shımshıq «tomp» etip tústi. «Oǵımız nıshanaǵa tiyedi», dep hasla oylamaǵanbız. Ekewimiz de esenkirep qaldıq. Keyin túsken jerge juwırıp bardıq. Jan xalatta tıpırshılap atırǵan shımshıqtı kórip, ekewimiz de birden jılap jiberdik. Shımshıq biyshara ushayın dese — usha almaydı, qashayın dese — qasha almaydı. Ele tiri, biraq kem-kemnen sónip baratır. Múmkin, bul qorqınıshlı ólim azabı bir-eki minut-aq dawam etken shıǵar, biraq, biz ushın ol sheksizdey edi. Shımshıq jatqan jerinde tıpırshılaǵan sayın, biz egil-tegil jılaymız.

Aqırı, ol qıymılsız qaldı. Biz aǵayinli ekewimiz ele solıǵımızdı basa almay turmız. Men onıń ólimine sebepshi bolǵan rogatkanı ılaqtırıp jiberdim. Ájaǵam jerdi tırmalap, shımshıqqa gór qazdı. Jılap-sıqlap kómdik. Sonnan keyin úndemesten úyge qayttıq.

Erteńine klass basshımız erkin temada bayan jazıwdı tapsırdı. Men ózime oǵırı tásir etken usı waqıyanı qaǵazǵa túsirdim. Muǵallim oqıp shıqqannan keyin jerge-jámge tiygizbey maqtadı. Qullası, ómirimde bir márte jazǵan shıǵarmam sol edi.

# MAZMUNÍ

## ÁJAYİP BALALAR


Birinshi xat....................4
Amerikanı qurǵan usta....................5
Aǵalar bilgish boladı....................10
Sabaqlar jańadan baslandı....................14
Islegen tisleydi....................23
Pidáyi balalar....................30
Sennen bunı kútpegen edim....................37
Hújdan azabı....................43
Segiz qızdıń atası....................47
Ele jaslıq eteseń....................52
Omırtqa súyegi....................55
Atamannıń tuwılǵan kúni....................58
«Danıshpan»....................62
Tama-tama sel bolar....................66
Baslanıwı jaman emes....................69
Shalaǵay qız....................70
Ayıp boladı....................76
Watandı súyińler....................81
Qiráát kerek....................86
Birliksiz mektep hám úy....................91
Shaqqanlar jarısı....................97
Lábbay, Janım!....................105
Miyman kúttik....................109
Jaman ádet....................115
Úy qanday halda?....................122
Ótirik sóyleme!....................125
Bayram koncerti....................127
Balalar romanı ushın konkurs....................136
Jeńis seniki....................137
Jazıwshıdan balalarǵa xat....................138


## HAYWANATLAR HAQQİNDA HÁDIYSELER


Ana tárbiyası....................142
Miyirman iyt....................143
Minnetdar ayıw....................143
Ayıw túlki awlaydı....................144
Jaqsılıqqa—jaqsılıq....................145
Shımshıq awı....................146

**ÁZIZ NESIN**

# ÁJAYÍP BALALAR

Nókis — 2016
«Bilim» baspası


Awdarmashı *M. Nızanov*
Redaktorı *S. Baynazarova*
Xudojnigi *K. Reypnazarov*
Kórk. redaktorı *I. Serjanov*
Tex. redaktorı *Z. Allamuratov*
Operatorı *G. Serimbetova*

Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 29. 07. 2016. Formatı 60x84 $^1/_{16}$. Ofset usılında basıldı. «Pragmatika KRKP» garniturası. Kegli 11. Kólemi 9,25 b.t. 8,6 shártli b.t. 8,3 esap b.t. Nusqası 7200 dana. Buyırtpa № 443.

230103. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

**Elektron mánzil: bilim.baspa@inbox.uz**

JSHJ «NISO POLIGRAF»ında basıp shıǵarıldı. Tashkent oblastı, Orta Chırchıq rayonı «Oq ota» KFY, p.Mashal, Markaz kóshesi, 1.